

**PEPINDHAN WONTEN ING NOVEL KIDUNG WENGI ING GUNUNG
GAMPING**
ANGGITANIPUN ST. IESMANIASITA

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening
Budi Wiji Leksono
NIM 10205244012

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2015**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Pepindhan Wonten Ing Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping Anggitanipun St. Iesmaniasita* menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah saking *pembimbing*.



Yogyakarta, 16 Maret 2015

Pembimbing I,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Afendy Widayat".

Drs. Afendy Widayat, M.Phil.

NIP 19620416 1999203 1 002

Yogyakarta, 16 Maret 2015

Pembimbing II,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Avi Meilawati".

Avi Meilawati, S.Pd, M.A.

NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahanipun *Pepindhan Wonten Ing Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping Anggitanipun St. Iesmaniasita* menika sampun dipunandharaken wonten ing *pendadaran sangajengipun Dewan Penguji Skripsi* wonten ing tanggal 23 Maret 2015 saha dipuntetepaken lulus.

Nama

Drs. Hardiyanto, M.Hum.

Avi Meilawati, S.Pd, M.A.

Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum. Penguji I

Drs. Afendy Widayat, M.Phil. Penguji II

Jabatan

Ketua Penguji

Sekretaris Penguji


Tanda Asma

07/04/2015

07/04/2015

06/04/2015

07/04/2015




Yogyakarta, 07 April 2015

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang napak asmani ing ngandhap menika, kula

Nama : BUDI WIJI LEKSONO

NIM : 10205244012

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangege dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara lan paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggal jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 16 Maret 2015

Panyerat,



Budi Wiji Leksono

SESANTI

“Dipunniyati kanthi njejegaken sarira saha nglempengaken sedya”

PISUNGSUNG

Linambaran raos puja miwah syukur mring ngarsanipun Allah SWT, skripsi
menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kekalih, utaminipun Bapak
Darsomo saha Ibu Marfuatun ingkang sampun nggulawenthah kula kanthi rasa
asih lan tresna ingkang tanpa upami.

PRAWACANA

Puji lan syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika kanthi lancar lan boten wonten perkawis ingkang dados reribeting lampah. Panyeratan skripsi menika saged kawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Hum. minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi.
2. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi tumrap panyerat,
3. Bapak Drs. Afendy Widayat, M.Phil. minangka *pembimbing I*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar saha premati,
4. Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A. minangka *pembimbing II*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar saha premati,
5. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing salaminipun sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
6. Bapak lan Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah maturnuwun awit saking ilmu, piwulang, lan wejangan salaminipun panyerat maguru ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
7. Tiyang sepuh kekalih, matur nuwun awit saking donga pangestu saha wejangan-wejanganipun, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika,
8. Sedaya kulawarga, matur nuwun awit saking sedaya peparing ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal,
9. Anesha Muliya Sekar Tandjoeng, matur nuwun awit saking pandonga saha panyengkuyungipun ingkang saged paring sengkutipun anggenipun damel saha nggegayuh *Skripsi* menika,

10. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kanca-kanca kelas G , Widha, Amirul, ingkang sampun paring pambiyantu penggalihipun, saha Anes Sita Eka Chandra awit saking sedaya panyengkuyung saha pandonganipun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi kangege sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, 16 Maret 2015

Panyerat,



Budi Wiwi Leksono

WOSING ISI

Kaca

HALAMAN JUDUL	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAPTAR TABEL	xii
DHAPTAR LAMPIRAN	xiii
DHAPTAR SINGKATAN	xiv
SARINGAN PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaner Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	6

BAB II GEGARAN TEORI	8
A. <i>Stilistika saha Gaya Bahasa</i>	8
1. <i>Stilistika</i>	8
2. <i>Gaya Bahasa</i>	12
B. <i>Bahasa Kias</i>	16
C. Pepindhan	19
D. Makna.....	22
E. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	24
F. Nalaring Pikir.....	25
BAB III CARANIPUN PANALITEN	28
A. Jinising Panaliten	28
B. Subjek lan Objek Panaliten	28
C. Cara Ngempalaken Data	29
D. Pirantining Panaliten.....	31
E. Caranipun Nganalisis Data	31
F. Caranipun Ngesahaken Data	37
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN.....	39
A. Asiling Panaliten	39
B. Pirembagan	51
1. Wujud pepindhan wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> anggitanipun St. Iesmaniasita.....	52
a. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud.....	53
b. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutan ing bab warni.....	55
c. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud lan warni.....	58
d. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutan ing bab solah.....	59
e. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutan ing bab raos.....	61
f. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutaning bab sipat.....	63

g. <i>Simile</i> ingkang gadhah gegayutaning bab swanten.....	64
 2. Makna pepindhan wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> anggitanipun St. Iesmaniasita.....	67
a. Gegambaranipun swanten.....	68
b. Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya.....	72
c. Gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga	88
d. Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.....	91
e. Gegambaranipun paraga migunakaken paraga sanesipun.....	130
f. Gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun.....	132
g. Gegambaraning solah saha pangraosing manah.....	135
BAB V PANUTUP.....	140
 A. Dudutan.....	140
B. Pamrayogi.....	141
C. Implikasi.....	142
KAPUSTAKAN.....	143
 LAMPIRAN.....	145

DHAPTR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Wujud saking <i>bahasa kias simile</i> wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> anggitanipun Soeradi St. Iesmaniasita	40
Tabel 2 : Makna saking <i>bahasa kias simile</i> wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> anggitanipun St. Iesmaniasita	47
Tabel 3 : <i>Analisis wujud saha makna saking bahasa kias simile</i> wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> anggitanipun St. Iesmaniasita	145

DHAPTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1	: Tabel analisis wujud saha makna saking <i>bahasa kias simile</i> wonten ing <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> Anggitanipun St. Iesmaniasita	145
Lampiran 2	: Ringkesaning cariyos <i>novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping</i> Anggitanipun St. Iesmaniasita	176

DHAPTR SINGKATAN

Rs = Raos

Slh = Solah

Spt = Sipat

Swntn = Swanten

Wjd = Wujud

Wrn = Warni

WW = Wujud saha Warni

T = Tembung

F = Frasa

K = Klausa

U = Ukara

Tandha (✓) : nedahaken gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun.

**PEPINDHAN WONTEN ING NOVEL KIDUNG WENGI ING GUNUNG
GAMPING ANGGITANIPUN ST. IESMANIASITA**

**Dening Budi Wiji Leksono
NIM 10205244012**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken wujud saha makna pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Pepindhan, inggih menika salah satunggal jinis *bahasa kias* ingkang ngewrat tembung panandhing, ingkang dipunandharaken kanthi *eksplisit*. Dene tembung ingkang dados tembung panandhingipun, inggih menika kaya, kadi, lir, pindha, kadya, lsp. Wujud ing panaliten menika karembag kanthi cara madosi gegayutan antawisipun bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun.

Subjeking panaliten, inggih menika *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* ingkang kaandharaken mawi basa Jawi ngoko. Panaliten menika ngrembag pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*, mliginipun ingkang gayut kalihan wujud saha makna saking pepindhan kasebat. Data dipunkempalaken mawi cara maos saha nyerat. Instrumen ing panaliten awujud kertu data saha kertu analisis. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunanalisis mawi *teknik analisis stilistika* lan kaandharaken kanthi *deskripitif*. Caranipun ngesahaken data ing panaliten menika mawi *validitas (semantis* lan *expert judgement*) lan *reliabilitas intra-rater*.

Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) wujud *bahasa kias simile*, ing antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhing dipunpanggihaken wontenipun bab ingkang gegayutan. Gegayutan ingkang dipunpanggihaken, inggih menika ing bab wujud, warni, wujud saha warni, solah, raos, sipat, saha swanten, (2) makna pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita sampun mujudaken makna kias. Makna kias ing novel saged dipunmangertosi kanthi nggatosaken *konteks-ipun* lajeng dipunanalisis kange manggihaken makna ingkang dipunkajengaken dening panganggit. Makna ingkang dipunpanggihaken umumipun paring gambaran kawontenan (wujud, warni, wujud saha warni), solah, pangraos (badan saha manah), nasib, saha swanten. Nanging gegambaran tumrap pangraos, mliginipun pangraosing manah ingkang sipatipun sarwi boten sakeca gungungipun langkung kathah. Bab menika temtu kemawon wonten gayutipun kalihan *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*.

BAB I **PURWAKA**

A. Dhasaring Panaliten

Basa menika kalebet salah satunggaling unsur ingkang mbangun karya sastra saha dados medianipun. Tegesipun, basa menika minangka sarana kangge ngandharaken gagasan utawi ancas panganggit. Cekak aosipun, bilih karya sastra menika asil wohing panggalih saha pangraosing para panganggit ingkang kaandharaken mawi *media* basa.

Basa saged dipuntegesaken cara ngginakaken basa ing *konteks* tertamtu dening piyantun tertamtu kangge maksud tertamtu. Panganggit ugi ngginakaken *gaya bahasa* kangge ngasilaken efek tertamtu ing salebetung anggitanipun. Salah satunggaling titikan bilih karya sastra ngginakaken basa ingkang khas saged dipuntingali saking wontenipun *bahasa kias* utawi *pemajasan*. *Bahasa kias* menika kalebet perangan saking *gaya bahasa*. *Bahasa kias* menika asring dipunpanggihi wonten ing cerkak, geguritan, novel, lan sak piturutipun. Ancasipun ngginakaken *bahasa kias* menika kangge nambahi endahing karya sastra.

Bahasa kias menika asring dipungayutaken kalihan basa ing salebetung geguritan, nanging ing kasunyatanipun wonten ing karya sastra ingkang awujud novel ugi kathah ngginakaken *bahasa kias* ing panyeratanipun. *Bahasa kias* dados bab ingkang wigatos ing panaliten menika. Sanajan *bahasa kias* kaperang dados maneka warni jinisipun, nanging wonten ing panaliten menika boten badhe ngrembag sedaya jinising *bahasa kias*. Panaliten menika langkung

dipunkawigatosaken ing pepindhan. Pepindhan, inggih menika *bahasa kias* ingkang ngandharaken tetandhingan ingkang sipatipun eksplisit. Dene tembung ingkang dados titikan tetandhingan kanthi *eksplisit*, inggih menika yayah,pindha, kaya, kadi, lir, sasat, saemper, sajak, kados, upama, lan sak piturutipun. Bilih wonten kasusastran Jawi, ugi wonten sanepa, saha saloka ingkang ugi ngrembag babagan tetandhingan. Ananging, saloka kaliyan sanepa menika boten ngewrat tembung panandhing kanthi cara ingkang *eksplisit*. Beda kaliyan pepindhan ingkang nandhingaken babagan tartamtu mawi cara ingkang *eksplisit*.

Pepindhan wonten basa Jawa piyambak, inggih menika minangka salah satunggaling perangan saking *gaya bahasa*. Ingkang wonten saklebetipun ngrembag babagan ilmu sastra khususipun *gaya bahasa*. Ananng, wonten panaliten menika ingkang dipuntingali pepindhan minangka *gaya bahasa* wonten saklebeting unsur sastra ingkang dipunandharaken mawi cara *eksplisit* Tuladha pepindhan saking novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping menika kados mekaten “daktambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut”. Saking ukara kasebut dipunpanggihaken pepindhan. Ukara kasebut nandhingaken kalih tetembungan ingkang dipuntandhingaken. Tembung kasebut inggih menika “tetembungan” ingkang dipuntandhingaken kaliyan “kabut”, ngginakaken tembung panandhing “kaja”. Wujud pepindhan wonten ing ukara kasebut ingkang gegayutanipun kaliyan babagan raos. Bilih “tetembungan” dipuntandhinganken kaliyan “kabut” nggadhahi teges, tetembungan ingkang samar-samar kados kabut.

Pepindhan piyambak temtunipun nggadhahi *fungsi* anggenipun mbangun *unsur-unsur* utawi perangan-perangan sastra wonten saklebetting *novel* ingkang badhe dipunteliti menika. *Novel* ingkang ngginakaken *bahasa kias*, khususipun *bahasa kias* pepindhan saged langkung narik kawigatosanipun pamaos. Saking pepindhan menika, pamaos langkung nggadhahi raos kepingin mangertos menapa ingkang dipunserat dening panganggit. Panyeratan novel ingkang ngginakaken pepindhan menika basanipun ugi langkung endah. *Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* menika ngginakaken basa Jawa ngoko, satemah langkung gampil anggenipun pamaos mangertosi isinipun. Pepindhan ingkang dipunginakaken dening panganggit wonten *novel* menika ugi kathah ingkang ngandharaken bab katresnan. Menika ingkang mbedakaken pepindhan ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* kaliyan *novel* sanesipun. Awit saking andharan kala wau, wonten ing saklebetting novel Kidung Wengi ing Gunung Gamping anggitanipun St.Iesmaniasita menika kathah sanget ngginakaken basa-basa kias. Pramila badhe dipuntindakaken panaliten babagan pepindhan wonten ing novel menika.

B. Underaning perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpanggihaken mapinten-pinten perkawis ingkang saged dipunrembag, perkawis-perkawis kalawau kados ing ngandhap menika.

1. Panganggening diksi wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.

2. Jenis-jenis *bahasa kias* ingkang kamot wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.
3. Wujud pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.
4. Makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.
5. Fungsi pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis, panaliten menika boten ngandharaken sedaya perkawis ingkang kamot ing underaning perkawis, nanging perkawis dipunwatesi kados ing ngandhap menika.

1. Wujudipun pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.
2. Makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.

Gayutipun kalihan bab ing nginggil, ngengingi wujudipun pepindhan menika saged karembag saking mawarni-warni bab, mila ing panaliten menika wujud pepindhan badhe karembag mligi ing bab gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha panandhingipun. Perlu kauningan bilih sarana kangge manggihaken gegayutanipun ing pepindhan menika, panaliti kedah ngrembag

saking bab ingkang katandhing, tembung panandhing saha panandhingipun. Tegesipun, saderengipun panaliti madosi gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun ing pepindhan, panaliti kedah ngandharaken saking bab ingkang katandhing, tembung panandhing saha panandhingipun.

Pirembagan ngengengi wujud ugi dados pancadaning ngonceki maknanipun. Andharan menika tegesipun bilih ing pirembagan ngengengi makna, sawetawis ingkang karembag inggih wujudipun langkung rumiyin. Wujud menika ingkang samangke badhe kaandharaken saking bab ingkang katandhing, tembung panandhing, saha panandhingipun.

D. Wosing Perkawis

1. Kadospundi wujudipun pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita ?
2. Kadospundi makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita ?

E. Ancasing Panliten

Panaliten menika dipunlampahi kanthi ancas kados andharan ing ngandhapmenika.

1. Ngandharaken wujudipun pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.
2. Ngandharaken makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* Anggitanipun St. Iesmaniasita.

F. Paedahing Panaliten

Asil saking panaliten menika dipunajab saged suka paedah ingkang teoritis saha praktis.

1. Paedah teoritis

Dipuntingali mawi cara teoritis, asil saking panaliten menika dipunajab saged suka kawruh panaliten babagan stilistika mliginipun ing bab pepindhan.

2. Paedah praktis

a. Tumrap mahasiswa, panaliten menika kaajab saged suka kawruh lan kangge sarana sinau mliginipun bab pepindhan.

b. Tumrap bebrayan ageng, panaliten menika saged suka kawruh babagan pepindhan ing salebeting novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* supados ancasing panganggit menika saged dipunmangertosi dening para pamaos.

G. Pangertosan

Panaliti nyerat pangertosan tembung-tembung saking irah-irahan kange ngawekani kalepatan saking wiyaripun pangertosan kados ing ngandhap menika.

1. *Gaya bahasa (style)*, inggih menika cara anggenipun panganggit ngandharaken wohing pamikir sarana basa ingkang khas lan saged katitik saking panganggeling basa ingkang beda kalihan basa padintenan ingkang nggadhahi ancas tartamtu.

2. *Bahasa kias*, inggih menika pilihaning tembung ingkang dipunginakaken dening panganggit kange ngandharaken makna ingkang beda kalihan

makna wantahipun. Tegesipun, makna ingkang dipunkajengaken panganggit boten saged dipunpadosi ing salebeting kamus, nanging kedah dipunjumbuhaken kalihan konteksipun. Panaliten menika ngrembag pepindhan wonten ing novel *kidung Wengi ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita.

3. Pepindhan, inggih menika salah satunggaling jinis *bahasa kias* ingkang ngandhut tetandhingan ingkang dipunandharaken kanthi eksplisit. Dene tembung ingkang dados tembung panandhingipun, inggih menika kaya, kadi, lir, pindha, kadya, lan sak piturutipun.
4. *Novel Kidung Wengi ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita, inggih menika novel ingkang kaandharaken mawi basa Jawi lan sinerat mawi aksara Latin. Ing salebeting novel menika ngandhut maneka warni *bahasa kias*, nanging ing panaliten menika ingkang langkung dipunwigatosaken, inggih menika pepindhan.

BAB II **GEGARAN TEORI**

A. *Stilistika saha Gaya Bahasa*

1. *Stilistika*

Pangertosan *stilistika* sejatosipun saged dipuntingali saking kalih pangertosan ingkang beda. Wonten *stilistika* ingkang namung ngrembag *aspek struktur gramatikal* kanthi tuladha-tuladha *analisis linguistik* wonten salebeting karya sastra. Ananging ugi kathah ingkang kagungan pamanggih bilih *stilistika* gadhah gegayutan kalihan aspek-aspek sastra, amargi ingkang dados objek panalitenipun inggih wacana sastra. Pirembagan *stilistika* piyambak boten saged uwal saking babagan *estetika* ingkang ngrembag kaendahanipun karya sastra. Supados langkung cetha ngengingi bab *stilistika* ing ngandhap menika badhe kaandharaken pangertosanipun.

Tuner (ing Pradopo, 2007: 264) negesi *stilistika* inggih menika ilmu ingkang ngrembag *gaya bahasa* ingkang nggadhahi perangan-perangan saha cara-cara panganggening basa. Ananging, anggenipun ngrembag *gaya bahasa*, boten dipundamel susah nalika ngrembag *gaya bahasa* kasebat. *Gaya bahasa* ugi nggadhahi sesambutan utawi gegayutan kaliyan bab kasusastran. Mliginipun wonten ing bab panganggening kaliyan pamilihanipun tetembungan ingkang badhe nyerat karya sastra.

Beda malih miturut Shipley (ing Ratna, 2003: 8), ingkang ngandharaken bilih *stilistika* inggih menika ilmu ingkang ngrembag *gaya (style)*. Salajengipun, Pradopo (2007: 264) ngandharaken bilih *stilistika* minangka ilmu ingkang

ngrembag gaya bahasa wonten saklebeting akarya sastra. Pamanggih ing nginggil ateges bilih *stalistika* menika minangka ilmunipun, dene objekipun, inggih menika *gaya bahasa* wonten ing karya sastra. Ing panaliten menika, *stalistika* dipunginakaken kange nganalisis pepindhan ingkang kalebet salah satunggaling perangan *gaya bahasa* utawi *style*, wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gaming* anggitanipun St. Iesmaniasita temtunipun.

Bilih pamanggih para ahli ingkang sakderengipun ngandharaken *stlistika* menika ilmu kange nliti objek ingkang wonten gayutanipun kaliyan *gaya bahasa*, pamanggih sanes ngengingi pangertosan *stalistika* kandharaken dening Abrams (Ing Nurgiantoro, 1998: 280) bilih *stilisitika* kasusastran inggih menika salah satunggaling cara *analisis* ingkang ngrembag bentuk saha tandha-tandha babagan basa ingkang dipunginakaken kados ingkang katinggal saking unsur struktur lairipun. Cara *analisis* menika dados wigati, amargi saged paring *informasi* babagan *karakteristik* khususipun karya sastra. Mawi cara *pendekatan stalistika* saged dipunandharaken sesambutan ingkang ruwet antawisipun bentuk saha makna ingkang asring luput saking kawigatosan para kritikus sastra. Amargi *kajian stalistika* wonten sastra, ningali kados pundi unsur-unsur basa ingkang dipunginakaken supados nglairaken pepeling wonten karya sastra. Wonten pirembagan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *stalistika* ingkang kalebet wonten kasusastran khusus ngrembag bentuk saha tandha-tandha ingkang ketinggal saking struktur lairipun karya sastra kasebat.

Saking andharan para ahli wonten ing panaliten menika, fungsi saking teori *stalistika* kasebut saged dados tandha bilih objek ingkang dipunteliti menika

bilih dipuntingali saking *struktur* lairipun nggandhahi tandha-tandha bilih objek menika kalebet wonten perangan *stalistika*.

Pamanggih sanes ngengingi pangertosan *stalistika* kaandharaken dening Panuti Sudjiman (1993: 3), ingkang ngandharaken *stalistika* menika nliti caranipun panganggit ngginakaken unsur utawi paugeran ingkang wonten ing basa lan efek ingkang dipunasilaken. *Stalistika* menika ugi nliti ciri khas basa ing karya sastra. Satemah ingkang dados wosing pamanggihipun Sudjiman, inggih menika bilih *stalistika* minangka ilmu ingkang nliti basa-basa ingkang sipatipun *puitik*. Dene basa-basa ingkang gadhah sipat *puitik* kalawau asring dipunpanggihaken ing salebeting karya sastra.

Kados ingkang sampun dipunandharaken dening para ahli ing nginggil, bilih *stalistika* menika minangka ilmu ingkang ngrembag bab *style* utawi *gaya bahasa*. Dene umumipun bab-bab ingkang dipunrembang ing panaliten *stalistika*, inggih menika *diksi*, *struktur kalimat*, *majas dan citraan*, *pola rima*, *matra yang digunakan seorang sastrawan atau yang terdapat dalam sebuah karya sastra* (Sudjiman, 1993: 13). Saking pamanggih ahli wonten ing panaliten menika langkung ngerucut malih bilih dipuntandhingaken kaliyan pamanggih-pamanggih para ahli ingkang sakderengipun. Menawi ingkang sakderengepin namung ngrembag *stalistika* minangka ilmunipun, lajeng objekipun menika kados tandha-tandha saking struktur lairipun ingkang biasa dipunsebat *gaya bahasa*. Nanging miturut (Sudjiman, 1993: 13) menika langkung dipuntedahaken malih bilih tandha-tandha saking struktur lairipun kasusastran menika kados *diksi*, *struktur kalimat*, *majas dan citraan*, *pola rima*, *matra*.

Pamanggih ingkang wosipun sami ugi dipunandharaken dening Nurgiyantoro (1995 : 280), bilih tandha-tandha *stilistika* saged awujud panganggengen *bahasa figuratif*, kadosta *pemajasan*, *permainan struktur*, *pencitraan*. Pamanggih-pamanggih ing nginggil ugi jumbuh kalihan pamanggihipun Endraswara (2011: 71), ing panaliten *stalistik*, *gaya bahasa* dados bab ingkang wigatos. Kajawi menika, *stilistika* ugi ngrembag bab-bab ingkang magepokan kalihan *linguistik*. *Stalistika* ingkang ngembag bab linguistik menika dipunwastani *stilistika bahasa* utawi *stilistika tradisional*.

Adhedhasar wosing perkawis, ingkang badhe dipunrembang ing panaliten menika ngengingi pepindhan, mila trep bilih analisis ingkang dipunginakaken dening panaliti kangge nglampahi analisis tumrap pepindhan ing salebetung karya sastra mawi analisis *stalistika*. Endraswara (2004: 75) ngandharaken bilih cak-cakan ingkang kedah dipungatosaken nalika nglampahi analisis mawi *stalistika* inggih menika:

1. Saged netepaken *unit analisis*, kadosta ingkang awujud unen-unen, tembung, *frasa*, ukara, pada, lan sak piturutipun.
2. Saklebetipun *puisi*, *analisis* saged wonten gegayudanipun kaliyan panganggengen *aliterasi*, *asonansi*, *rima*, saha *variasi bunyi* ingkang dipunginakaken supados saged nggayuh *efek estetis*.
3. *Analisis daksi* wigatos sanget amargi kalebet wonten ing pirembagan kasusastran ingkang nyengkuyung sanget makna kaliyan kaendahaning basa. Tembung saklebetung paningalan *simbolis* temtu ngandhut mapinten-

pinten makna. Tembung ingkang saged paring efek tartamtu kaliyan narik kawigatosan pamaos.

4. *Analisis* ukara dipuntandhesaken ing cara anggenipun ngandharaken makna ukara wonten saben kawontenan.
5. *Kajian makna gaya bahasa* ugi mbetahaken kawigatosan piyambak. Kajian makna langkung sae bilih ngantos tingkat *majas*, inggih menika salah satunggaling “*figurative*” ingkang nggadhahi makna ingkang mapinten-pinten.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *stilistika*, inggih menika ilmu ingkang ngrembag wacana sastra mawi cara *orientasi linguistik*, dene ingkang dipunrembag, inggih menika *gaya* ing kasusastran mliginipun *gaya bahasa* ingkang gadhah fungsi estetis kadosta *diksi*, *struktur kalimat*, *majas* dan *citraan*, *pola rima*, *matra*. Cekak aosipun bilih *stilistika* menika minangka ilmu ingkang ngrembag *gaya bahasa* salebetung karya sastra. Satemah, *gaya bahasa* minangka bab ingkang wigatos tumrap panaliten *stilistika*.

2. Gaya Bahasa

Pirembagan ngengengi *stilistika saha gaya bahasa* menika beda tegesipun. *Stilistika* menika ilmunipun, dene objekipun inggih menika *gaya bahasa* wonten ing karya sastra. Istilah *gaya bahasa* asring dipunanggep sami kalihan *style* (Sudjiman, 1993: 13). Dene tembung *style* menika, asalipun saking basa Latin inggih menika *stilus*, ingkang tegesipun piranti kangge nyerat ing lempengan lilin.

Salejengipun pangertosan *style* ewah dados keprigelan saha ketrampilan nyerat tembung-tembung ingkang ngumbar kaendahan. Satemah pangertosan *style* kalawau mujudaken *perluasan makna*, ing salajengipun para ahli ngandharaken pangertosan bab *gaya bahasa* kados ing ngandhap menika.

Gayutipun kalihan bab ing nginggil, Sudjiman (1993: 13) kagungan pamanggih bilih *gaya bahasa* inggih menika cara ngginakaken basa wonten *konteks* tartamtu, ugi kange maksud tartamtu. Bab menika ateges bilih *gaya bahasa* saged dipunginakaken minangka sarana kangge ngandharaken pangraos saha pamanggih. Sudjiman (1993: 13) ugi ngandharaken bilih sejatosipun *gaya bahasa* wonten ing sedaya ragam basa, inggih ragam sastra lan *non sastra*, serat saha lisan. Ananging, pamanggih tradhisional *gaya bahasa* menika dipungayutaken kalihan teks sastra, mliginipun sastra ingkang sinerat. Pamanggih sanes dipunandharaken dening Keraf. Keraf (2004: 113) matesi bilih *gaya bahasa* minangka cara anggenipun ngandharaken panggalih mawi basa ingkang khas, saged nedahaken kapribaden saking panyerat. Bab menika tegesipun bilih saben panganggit kagungan caranipun piyambak anggenipun ngginakaken *gaya bahasa* ing anggitanipun.

Dadosipun, Sudjiman ngandharaken *gaya bahasa* menika dipunwatesi namung sarana kangge ngandharaken pangraos saha pamanggih, beda malih kaliyan Keraf ingkang ngandharaken *gaya bahasa* menika caranipun panganggit anggenipun ngandharaken penggalih mawi basa ingkang khas, nedahaken kapribaden saking panganggit karya sastra kasebut. Supados langkung cetha, ing

ngandhap menika badhe kaandharaken pangertosan bab *gaya bahasa* miturut para ahli sanesipun.

Ratna (2008: 416) ngandharaken bilih *gaya bahasa* inggih menika unsur karya sastra minangka asiling caranipun ngrantam basa satemah ngasilaken *aspek* ingkang endah utawi *estetis*. Pamanggihipun Ratna ing nginggil ateges bilih *gaya bahasa* menika dipunginakaken kange ngasilaken efek *estetis*. Salajengipun, pamanggih ingkang suraosipun sami dipunandharaken dening Pradopo (1987: 93), *gaya bahasa* inggih menika panganggening basa ingkang mirungan kangge ngasilaken efek tertamtu. Efek ingkang dipunasilaken mujudaken nilai estetis, tegesipun ing karya sastra ingkang migunakaken *gaya bahasa* saged ngasilaken nilai seni menawi dipuntingali saking panganggening basa. Titikan saking pamanggihipun Ratna kaliyan Pradopo ingkang suraosipun sami inggih menika bilih *gaya bahasa* menika saged ngasilaken utawi mujudaken nilai *estetis* saking karya sastra.

Saking pamanggih Ratna kaliyan Pradopo menika bilih dipuntandhingaken kaliyan pamanggihipun Keraf (2010: 113-115) ingkang ngandharaken bilih *gaya bahasa* ingkang sae inggih menika kedah nggandhahi tigang *unsur* : *kejujuran, sopan santun, menarik* nggadhahi unsur ingkang beda bilih badhe nitiki *gaya bahaha* ingkang sae. Menawi Ratna kaliyan Pradopo ngandharaken titikan panganggening *gaya bahasa* ingkang sae namung saking *aspek* estetisipun, beda kaliyan Keraf ingkang nggadhahi paugeran bilih panganggening *gaya bahasa* ingkang sae wonten saklebeting karya sastra kedah nggadhahi tigang unsur utawi perangan. Inggih menika *kejujuran, sopan santun, menarik*. Nanging menawi

dipunringkes malih, sejatosipun tigang perangan ingkang dipunandharaken dhumateng Keraf menika (*kejujuran, sopan santun, menarik*) ugi saged dipunwastani *nilai estetis* saking karya sastra.

Teori kasebat nggadhahi fungsi wonten panaliten menika amargi wonten gegayutan kaliyan objek ingkang samangke badhe diputeliti. Bilih dipuntingali saking teorinipun ingkang nyebataken *gaya bahasa* kedah nggadhahi perangan *kejujuran, sopan santun, menarik* (*nilai estetis*) kasebat, saged paring paedah bilih samangke wonten panaliten pepindhan menika ingkang nandhingaken perangan tartamtu kaliyan perangan tartamtu sanesipun saged nggadhahi *nilai estetis* ingkang ngewrat perangan *kejujuran, sopan santun, ugi menarik*.

Salajengipun Keraf (1993) ing bukunipun kanthi irah-irahan *Diksi dan Gaya Bahasa* ngandaraken bilih jenis *gaya bahasa* saged kaperang dados kalih perangan ageng, inggih menika ingkang dipuntingali saking perangan *non bahasa* saha perangan *bahasa*. Saking babagan *bahasa* kaperang malih dados sekawan perangan, salah satunggalipun inggih menika dipuntingali saking langsung lan boten anggenipun ngandharaken makna.

Keraf (2004: 129) ngandharaken bilih ing *gaya bahasa* miturut langsung lan botenipun bab makna, saged kaperang dados kalih, inggih menika *bahasa retorik* lan *bahasa kias*. *Bahasa retorik*, inggih menika panganggening basa ingkang boten limrah ing babagan kontruksinipun, dene *bahasa kias* menika panganggening basa ingkang boten limrah nanging langkung lebet malih mliginipun ing bab teges ingkang kawujud mawi tetandhingan. Wondene

Sudjiman (1993: 13) ngandharaken bilih bab-bab ingkang kamot ing *gaya bahasa*, inggih menika *diksi, struktur kalimat, majas dan citraan, pola rima, matra*.

Asiling saking pamanggihipun para ahli ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *gaya bahasa* ateges basa ingkang dipunparangi *gaya utawi style*, inggih mawi ragam basa ingkang khas lan saged katitik saking panganggening basa ingkang beda kalihan basa padintenan. Dene ingkang kamot ing salebeting *gaya bahasa* inggih menika *diksi, struktur kalimat, majas dan citraan, pola rima, matra*. Saking bab-bab ingkang sampun kaandharaken, *majas* utawi *bahasa kias* asring kaanggep bab ingkang langkung ngremenaken dipunlampahi ing panaliten. Satemah kathah panaliten ingkang ngrengbag bab *bahasa kias* menika. Mekaten ugi ing panaliten menika, nanging ing panaliten menika ingkang badhe dipunrembag khusus ing bab pepindhan. Saking andharan kasebat, mila sarana kangge mangertosi babagan *bahasa kias* ing ngandhap menika badhe dipunparing andharanipun.

B. *Bahasa Kias*

Bahasa kias ugi kalebet salah satunggaling perangan saking *gaya bahasa*. *Bahasa kias* inggih menika cara anggenipun ngandharaken basa ingkang tegesipun sampun beda saking teges aslinipun, satemah tegesipun sampun boten sami kalihan teges dhasar. Teges ing *bahasa kias* menika, sampun beda kalihan teges ingkang kaserat ing kamus (Baoesastra). Awit saking menika, menawi badhe madosi tegesipun kedah dipunsatitekaken jumbuhipun kalihan menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi *kontekstual*. Panganggening basa

kias dipuntindakaken minangka salah satunggaling cara supados maringi efek tartamtu, pramila saged langkung narik kawigatosanipun ingkang maos.

Bahasa kias menika ugi kasebat *figure of thought* utawi *tropes*. Kados pamanggihipun Abrams menika “*Figure of Thought*,” or *tropes* (*meaning “turns,” “conversions”*), *in which words are used in a way that effects a conspicuous change in their standard meaning*. Wosing pamanggih Abrams ing nginggil, inggih menika bilih *bahasa kias* ngandharaken panganggening tetembungan ingkang sampun mlenceng ing bab makna. Tegesipun makna tetembungan ingkang dipunginakaken ing *bahasa kias* sampun beda kalihan makna dhasaripun. Supados langkung cetha, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pangertosan bab *bahasa kias* menika miturut para ahli sanesipun

Tetembungan kias hakikatipun paring cara sanes supados nambah kathah *dimensi tambahan bahasa* (Badrun, 1989: 26). Tegesipun, basa kias nggadhahi *peranan* ingkang wigati, amargi saged paring *efek* tartamtu supados narik kawigatosannipun para pamaos khususipun pamaos novel.

Menawi pangertosanipun *bahasa kias* miturut kalih ahli kasebut, wonten bedanipun antawisipun pamanggih Abrams kaliyan Badrun. Bilih Abrams negesi *bahasa kias* menika namung panganggening tetembungan ingkang mlenceng saking makna dhasaripun. Nanging Badrun nagesi bilih *bahasa kias* menika saged dipuntegesi tetembungan ingkang dipuntambahi *efek* tartamtu supados saged narik kawigatosan.

Pamanggih sanesipun malih inggih menika miturut Keraf (2004), menawi panganggit anggenipun ngandharaken basa taksih ngewrat tegesing tembung-

tembung ingkang kaserat ing salebeting kamus utawi taksih ngginakaken makna *denotatif*, ateges panganggit kalawau taksih ngginakaken basa ingkang limrah. Ananging, bilih anggenipun ngginakaken basa sampun ngewrat teges ingkang beda kalihan teges *denotatif*, saged kawastanan basa ingkang kaginakaken sinebut *bahasa kias* utawi *majas*. *Bahasa kias* ing kasusastran Jawi dipunwastani tembung entar. Padmosoekotjo (1960: 56), kagungan pamanggih bilih tembung entar tegese tembung silihan. “Tembung kang ora kena ditegesi mung sawatahe bae”.

Saking pamanggih Keraf kaliyan Padmosoekotjo kala wau, saged dipendhet dudutan. Bilih Keraf ngandharaken ingkang dipunsebat *bahasa kias* menika saged dipuntingali saking panganggening tetembungan. Inggih menika tembung *denotatif* manapa *konotatif*. Menawi taksih nginakaken tetembungan ingkang limrah utawi *denotatif*, dereng saged dipunsebat *bahasa kias*. Nanging Padmosoekotjo namung ngandharaken bilih *bahasa kias* menika tembung ingkang mboten saged dipuntegesi sawatahe wae utawi sakluginipun.

Pradopo (2007: 62) ngandharaken bilih *bahasa kias adalah gaya bahasa yang mengiaskan atau mempersamakna sesuatu dengan kaca lain supaya gambaran menjadi jelas, lebih menarik, dan hidup*. Tegesipun pamanggih Pradopo ing nginggil, inggih menika bilih *bahasa kias* menika ngandharaken salah satunggaling bab kanthi bab ingkang beda kanthi ancas supados *karya sastra* anggitanipun langkung narik kawogatosan para pamaos. Salajengipun, Nurgiyantoro (1998: 297) ngandharaken bilih *bahasa kias* utawi *pemajasan merupakan teknik pengungkapan bahasa, penggaya bahasaan, yang maknanya tidak menunjuk pada makna harafiah kata-kata yang mendukungnya, melainkan*

pada makna yang ditambahkan, makna yang tersirat. Wosipun pamanggih Nurgiyantoro ing nginggil, bilih *bahasa kias* inggih menika panganggening basa ingkang maknanipun sampun boten sami kalihan makna dhasar utawi makna ing salebetung kamus.

Bahasa kias menika, menawi dipuntingali saking ancas panganggenipun, inggih sarana kangge ngasilaken *efek estetik* ing salebetung karya sastra, mliginipun ing bab makna ingkang kaandhut ing karya sastra kasebut, andharan menika jumbuh kalihan pamanggihipun Semi (1988: 50), bilih *kiasan adalah memberi makna lain dari suatu ungkapan, atau memisalkan sesuatu untuk mengatakan sesuatu yang lain.* *Bahasa kias* dipunginakaken ugi gadhah ancas supados pamaos langkung wigatos. Bab menika amargi makna ingkang kaandhut ing *bahasa kias* sampun mujudaken makna ingkang medal saking makna dhasar.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih pangertosan *bahasa kias*, inggih menika basa ingkang ngewrat teges ingkang beda kalihan makna dhasar (makna ing salebetung kamus), nanging sampun mawi *pengkiasan.* *Bahasa kias* menika dipunginakaken ing *karya sastra* gadhah ancas kangge ngasilaken *efek estetis* mliginipun ing bab makna ingkang kandhut, satemah pamaos langkung wigatos. *Bahasa kias* ing kasusustran Jawi asring dipunsebat tembung entar. Salah satunggaling jinis *bahasa kias* ing kasusastran Jawi, inggih menika pepindhan.

C. Pepindhan

Anggenipun ngandharaken makna ingkang wonten gegayudanipun kiasan kasebut, wonten ing ngandhap menika cobi dipunkempalaken pamanggih pepindhan saking mapinten-pinten *ahli bahasa*, inggih menika:

1. Miturut pemanggihipun Keraf (2004), pepindhan inggih menika nandhingaken kanthi *eksplicit*, utawi nedahaken bab mawi bab sanes kanthi langsung, *bahasa kias* menika titikanipun ngginakaken tembung kaya, lir, kadi, kadya, lan sak piturutipun.
2. Pepindhan utawi tetandhingan inggih menika *majas kiasan pertautan* ingkang nandhingaken kalih hal ingkang kanthi hakiki beda ananging dipunanggep nggadhahi segi ingkang serupa. Menika dipunandharaken kanthi *eksplicit* mawi tembung : kaya, kadya, lir, pindha, lan sak piturutipun. (Sujiman, 1984: 71).
3. Pepindhan utawi tetandhingan inggih menika tetandhingan kalih hal ingkang beda. Ingkang dipunparingi tandha mawi tembung : kaya, pindha, *laksana, serupa*, lan sak piturutipun (Abraham, 1981: 63).
4. Pepindhan utawi tetandhingan inggih menika salah satunggaling basa kias ingkang *benda, hal, tindakan*, utawi *nisbah* dipuntandhingaken kaliyan perangan tartamtu kanthi terang-terangan ingkang ngginakaken tetembungan : pindha, lir, umpama, kaya, laksana, lan sak piturutipun (Ensiklopedi Indonesia, 1980: 627).
5. Pepindhan utawi tetandhingan inggih menika tetandhingan antawisipun tiyang utawi aran kaliyan perangan-perangan ingkang sanesipun mawi

ngginakaken tetembungan : kaya, *serupa*, lan sak piturutipun. (Kridalaksana, 1982: 62).

6. Pepindhan utawi tetandhingan inggih menika tetandhingan kalih perangang ingkang hakekatipun beda kaliyan ingkang kita anggep sami. Tetandhingan menika kanthi *eksplisit* dipunandharaken mawi ngginakaken tetebungan : kaya, umpama, minangka, pindha, *bak*, *laksana*, lan sak piturutipun. Henry Guntur Tarigan (1985: 118). Ing ngandhap menika tuladha pepindhan ing basa Jawa.
 - (1) Abange kaya godhong katirah.
 - (2) Cahyane binger kaya lintang johar
 - (3) Kathahing wadya kadya samodra rob.
 - (4) Gelise kaya banyu sinaring.

Tuladha ing nginggil, inggih menika tuladha pepindhan ingkang ngginakaken tembung-tembung panandhing *morfem bebas* ingkang awujud tembung kaya lan dasanamanipun, nanging pepindhan ing basa Jawi ugi ngginakaken bentuk *morfem* kaiket ingkang awujud gadhah teges “kados”. Tuladhanipun saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

- (1) Katese ngembang kapas.
Katesipun kados kembang kapas.
- (2) Idepe tunggeng tawang.
Wulu socanipun kados ngadhep ing langit
- (3) Suguhene ambayu mili.
mili ateges kados banyu mili.

(4) Dalane nggeger sapi.

Nggeger sapi ateges minggah mandhap kados geger sapi.

Pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil, bilih dipungatosaken senajan beda-beda andharanipun, ananging wonten hakekatipun wonten saminipun, satemah saged dipundudut wonten ing salah satunggaling definisi. Saking pamanggih para ahli wonten nginggil menika saged diipundudut bilih pepindhan menika cara ingkang dipunginakaken kangee nggamaraken perangan kanthi nandhingaken kalihan perangan ingkang sanesipun. Pramila ingkang dipunsebat menika nggadhahi sipat ingkang sami kaliyan aran utawi perangan ingkang diangge minangka tandhingan lan dipunandharaken kanthi ekplisit. Maksudipun dipunyatakaken kanthi blakasuta satemah tiyang saged kanthi gampil mangertosi maksudipun. Eksplisitipun kasebut dipunyatakaken kanthi ngginakaken tetmbungan : kaya, lir, pindha, lan sakpanunggalanipun. Pramila, wonten ing kadadean pepindhan angliputi tigang unsur, inggih menika ingkang katandhingaken, tembung panggandheng (kaya, lir,pindha, lan sakpiturutipun) saha panandhingipun.

D. Makna

Basa minangka sarana kangee ngandharaken karya sastra sampun mujudaken *sistem tanda*. *Sistem tanda* menika sampun ngewrat teges. Bab menika trep kalihan pamanggihipun (Pradopo, 2007: 122), bilih basa ingkang kaginakaken kangee ngandharaken karya sastra mujudaken *sistem tanda tingkat pertama*. Pamanggihipun Pradopo ing nginggil ateges bilih basa ingkang

kaginakaken kangge ngandharaken karya sastra sampun ngrewrat tegesing tembung adhedhasar kamus.

Kajawi menika, karya sastra ugi mujudaken *sistem tanda* ingkang langkung inggil malih satemah dipunsebat *sistem tanda tingkat kedua* (Pradopo, 2007: 122). Tegesipun, kangge mangertosi teges ingkang kawrat ing salebeting *karya sastra* kedah dipunsatitekaken jumbuh kalihan *kontekstual-ing* andharan. Salejengipun, (Pradopo, 2007: 122), ngandharaken bilih tegesing basa minangka *sistem tanda tingkat pertama*, inggih menika *meaning* (teges), dene tegesing sastra inggih menika *meaning of meaning* (teges saking teges) utawi *significance* (makna).

Basa ing salebeting *karya sastra* menika beda kalihan basa-basa ingkang dipunginakaken ing padintenan. Miturut pamanggihipun Wellek lan Warren (1995: 15) bilih basa sastra menika, basa ingkang sipatipun *konotatif*. Mila wonten ahli ingkang ngandharaken bilih *makna dalam karya sastra pada umumnya memang bukan makna pertama seperti yang dikonvensikan bahasa, melainkan lebih bersifat second-order semiotic system* Culler (ing Nurgiyantoro, 1998: 275). Tegesipun kekalih pamanggih ing nginggil, inggih menika kange nemtokaken makna ing salebeting *karya sastra* kedah dipunjumbuhaken kalihan *konteks-ipun* utawi boten saged dipuntegesi sawantahipun

Makna ing salebeting karya sastra dipunbedakaken dados kalih, inggih menika makna *denotasi* lan makna *konotasi*. Bab menika jumbuh kalihan pamanggihipun (Endraswara, 2003: 73) bilih makna *gaya bahasa* wonten kalih inggih menika *denotasi* (makna *lugas*) lan makna *konotasi* (makna *kias*). Dene Altenbernd (1970 ing Pradopo 2007: 58-59) ngadharaken bilih *denotasi* ateges

makna adhedhasar kamus. *Konotasi* ateges *arti tambahan*, satemah ing makna *konotasi* (kias) antawisipun tembung lan makna ingkang dipunte dahaken gadhah gegayutan *konotatif*. Tegesipun, makna ingkang dipunkajengaken panganggit boten saged dipunte gesken sawantahipun, bab menika perlu nggatosaken *konteks-ipun*. Tuladhanipun ‘srengenge’ dipunmknai pangajeng/pamimpin.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih makna ing karya sastra menika kaperang dados kalih, inggih menika makna *denotasi* lan makna *konotasi*. Makna *denotasi* ateges makna adhedhasar kamus, bab menika jumbuh kalihan basa minangka *sistem tanda tingkat pertama*. Dene makna konotasi menika makna ingkang boten salugunipun, dados menawi badhe madosi maknanipun kedah dipunjumbuhaken kalihan *konteks-ipun* utawi adhedhasar *sistem tanda tingkat kedua*. Ing panaliten menika amargi wujudipun dhata arupi *bahasa kias*, inggih menika *pepinjhan*. Pramila kangge nemtokaken makna panaliti kedah nyatitikaken gayutipun kalihan menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi *kontekstual-ing andharan*.

E. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang kaanggep jumbuh kalihan panaliten menika, inggih panaliten ingkang sampun dipunlampahi dening Titik Lestari rikala taun 1988 kanthi irah-irahan *Simile dalam Bahasa Jawa*. Objek ing panaliten ingkang sampun dipunlampahi dening Titik Lestari, inggih menika *Simile* wonten saklebeting basa Jawa.

Panatiten ing nginggil saged kange pathokan saha *referensi* amargi bab ingkang dipunrembag sami, inggih menika bab pepindhan. Nanging temtu kemawon ugi wonten bab ingkang beda. Menggahing bab-bab ingkang kaanggep sami lan beda antawisipun panaliten ingkang sampun dipunlampahi dening Titik Lestari kalihan panaliten menika, badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Bab ingkang sami

Panaliten ing nginggil kaanggep jumbuh amargi ngrembag bab ingkang sami, inggih menika mangepokan kalihan *bahasa kias*, inggih menika pepindhan.

2. Bab ingkang beda

Panaliten menika kaliyan panalitenipun Titik lestari menika sejatosipun sami ngenggengi babagan pepindhan. Ananging objek ingkang dados panaliten beda. Bilih panaliten menika magepokan pepindhan wonten *Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*, nanging panalitenipun Titik Lestari menika objekipun pepindhan wonten pagesangan sadinten-dinten. Panalitenipun Titik Lestari menika langkung wiyar babagan pepindhanipun.

F. Nalaring Pikir

Novel kalebet salah satunggaling wujud karya sastra ingkang boten saged uwal saking basa. Basa ingkang dipunginakaken ing salebeting karya sastrasampun boten ngewrat tegesing tembung-tembung adhedhasar tegesing tembung ing kamus bausastra. Basa ingkang dipunginakaken ing karya sastra ugi

sampun kareka dening panganggit, satemah nuwuhaken basa ingkang ngresepaken.

Panganggit asring migunakaken *gaya bahasa* kanthi ancas saged ngasilaken edi-penining basa ing salebeting karya sastra anggitanipun. *Gaya bahasa* menika minangka sarana kange nyengkuyung ngasilaken karya sastra ingkang sae saha ngresepaken. *Gaya bahasa* adhedhasar langsung lan botenipun makna dipunperang dados kalih, inggih menika *gaya bahasa retoris* saha *gaya bahasa kiasan*. *Gaya bahasa kiasan* dipunperang malih dados maneka warni jinisipun, salah satunggalipun, inggih menika pepindhan. Pepindhan menika ingkang dados bebakuning rembag ing panaliten menika.

Panaliten kanthi irah-irahan pepindhan Wonten Ing Novel *Kidung Wengi ing Gunung Camping* Anggitanipun St. Iesmaniasita gadhah ancas kange ngandharaken wujud saha makna pepindhan ingkang kamot ing salebeting novel kasebat. Wujud saha makna pepindhan ingkang kamot ing salebeting novel badhe kaandharaken jumbuh kalihan *kontekstual* ing andharan.

Panaliten menika dipunlampaahi ngginakaken panaliten deskriptif lan teknik analisis *stilistika*. Dene cak-cakanipun panaliten menika kaandharaken kados mekaten: maos novel ingkang dados sumbering dhata kanthi tliti lan premati, nggatosken pepindhan ingkang kamot ing salebeting novel, lajeng panaliti nyerat dhata ing kartu dhata ingkang sampun cumawis. Dhata ingkang sampun kapanggihaken, salajengipun dipunanalisis adhedhasar *konteks-ipun*. Analisis menika dipunlampaahi kanthi cara *stilistika* lan asilipun kaandharaken kanthi deskriptif kange nemtokaken wujud saha maknanipun. Wujudipun *bahasa kias*,

lajeng dipunjentrehaken miturut bab ingkang katandhing, tembung panandhing saha panandhingipun. Bab menika dipunlampahi kange ngampilaken panaliti anggenipun pados gegayutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun. Gegayutan kalawau dipunpadosi adhedhasar dhata ingkang sampun kapanggihaken lan *interpretasi* utawi dipunentha-entha saking panaliti. Anggenipun madosi makna, panaliti boten saged uwat saking wujud pepindhan. Bab menika amargi wujud dipunginakaken sarana kange pancadaning ngrembag makna. Makna menika badhe karembag kanthi nggatosaken *konteks*-ipun.

BAB III

CARANIPUN PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten babagan pepindhan ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* menika kalebet panaliten deskriptif mawi cara *analisis stilistika*. Panaliten menika dipunkaji mawi teknik deskriptif amargi dhata ingkang dipunkempalaken awujud frasa, klausa lan ukara-ukara ingkang ngandhut pepindhan. *Metode deskriptif analisis* saged dipunlampahi kanthi nggabungaken kalih *metode* ingkang jumbuh. *Motode* menika dipuntindakaken kanthi cara ngrembag *fakta-fakta* ingkang salajengipun dipunandharaken kanthi cetha. Ananging, anggenipun ngrembag, boten namung ngandharaken kemawon, ugi saged paring pangertosan ingkang cekap (Ratna, 2004: 53).

Panaliten menika dipunlampahi kanthi ngempalaken ndhata lajeng dipunanalisis mawi metode deskriptif lan cara analisis *stalistika* kanthi ancas kangge ngandharake nwujud saha makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping*. Dhata ing panaliten menika awujud frasa, klausa lan ukara-ukara ingkang ngandhut pepindhan.

B. Subjek lan Objek Panaliten

Subjek ing panaliten menika awujud *novel Kidung Wengi ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Novel menika dumadi saking 150 kaca, ingkang dipuncithak dening penerbit Dinas Penerbitan Balai Pustaka rikala taun 1958. Dene objekipun, inggih menika awujud pepindhan ing *novel Kidung Wengi*

ing Gunung Gamping anggitanipun St. Iesmaniasita. *Sistem ejaan* ing *novel* menika dereng ngginakaken *Sistem Ejaan yang Disempurnakan*. Dene ing panyeratan tumrap dhata ingkang kapanggihaken ing *novel* ugi kaserat menapa wontenipun, nanging wonten sakedhik ingkang radi beda, inggih menika fonem /ə/ ungelipun è (pepet) ing *novel*, kaserat mawi aksara e; fonem /e/ ungelipun é (taling) ing *novel*, kaserat mawi aksara e; fonem /ɛ/ ungelipun è (taling) ing *novel*, kaserat mawi aksara e. Kajawi menika aksara ñing *novel*, kaserat dh saha aksara ৎ ing *novel*, kaserat th. Bab menika kajumbuhaken kalihan *Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan*.

C. Cara Ngempalaken Dhata

Cara anggenipun ngempalaken dhata ing panaliten menika mawi cara maos saha nyathet (nyerat). Cara maos, inggih menika maos novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* kanthi premati saha tliti. Anggenipun maos boten namung sepisan ananging dipunambali ngantos pikantuk dhata ingkang leres, inggih dhata ingkang ngandhut pepindhan. Nalika nglampahi ngempalalen dhata mawi cara maos, panaliti ugi sampun nglampahi identifikasi tumrap dhata ingang kalebet ing pepindhan.

Salajengipun dhata ingkang sampun kapanggihaken dipunserat ing kertu dhata ingkang sampun kasamaktakaken. Ing panaliten menika, dhata awujud pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping*. Supados langkung cetha malih kados pundi anggenipun ngempalaken dhata, menika badhe dipunandharaken kados mekaten.

1. Sepisan inggih menika teknis maos, panaliti maos novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping kanthi tliti lan premati. Proses menika dipuntindakaken kange manggihaken pepindhan ing salebetung novel menika. Anggenipun maos dongeng dipungatosaken, bilih ing salebetung ukara, tetembungan, saha paragraf menika ngawrat nilai sosial, lajeng menawi sampun, anggenipun maos menika dipunambali makaping-kaping, menika dipunlampaahi supados ngasilaken dhata ingkang leres lan konsisten.
2. Anggenipun maos ugi dipunbarengi kalihan panyeratan. Dhata dipunserat wonten ing kartu dhata. Dhata menika wujudipun tembung, ukara, saha paragraf. Dhata ingkang dipunserat inggih menika dhata ingkang ngawrat pepindhan. Wonten ing kartu dhata ingkang dipunserat ingkang gayut kalihan ancasing panaliten antawisipun inggih menika irah-irahanipun, kaca, indikator, nilai ingkang kawrat, saha katrangan cara ngandharaken pepindhan kasebut.
3. Dhata ingkang sampun arupi kartu dhata menika lajeng dipunpilah-pilahaken miturut wujudipun, lan caranipun ngandharaken. Saksampunipun dipundadosaken setunggal miturut wujudipun, dhata ing kartu dhata menika dipunserat ing tabel ingkang dereng dipunanalisis. Menika supados panaliti gampil anggenipun nganalisis dhata
4. Dhata ingkang wonten ing tabel dipunpilih ingkang saged makilaken satunggal wujud, lajeng dipungayutaken kalihan konteksipun. Dhata ingkang sampun katetepaken dados wujudipun pepindhan saha caranipun

ngandharaken ingkang dipunanalisis, dhata dipundadosaken satunggal tabel, inggih menika tabel ingkang sampun dipunanalisis.

D. Pirantining Panaliten

Instrumen panaliten ateges sedayapirantining panaliten ingkang dipunginakaken sarana kangge pados saha ngempalaken dhata. Dhata menika ingkang dados objeking analisis. Ing panaliten menika, pirantining panaliten ingkang dipunginakaken awujud kartu dhata saha kartu analisis dhata. Panaliti maos kanthi tliti lan premati tumrap novel *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita kangge manggihaken wujud saha makna pepindhan ingkang kamot wonten ing novel. Kartu dhata dipundamel kanthi ancas kangge nggampilaken panaliti nalikanipun ngempalaken dhata. Sasampunipun dhata kapanggihaken lajeng dhata kasebat kaserat ing kartu dhata. Wujudipun kartu dhata kados ing ngandhap menika.

Format Kertu Dhata

Sumber: Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping kaca 3
Dhata: Abjor tjahja kaja langit iki.
Gegayutan ingkang katandhing saha panandhingipun ing bab: Wujud

E. Caranipun Nganalisis Dhata

Teknik analisis dhata ingkang dipunginakakening panaliten menika kalebet panaliten deskriptif mawi *teknik analisis stilistika*. Ingkang karembag ing *stilistika* menika magepokan kalihan *sistem linguistik* ing karya sastra. Kados

pamanggihipun Endraswara (2003: 72), bilih *stilistika*, inggih menika ilmu ingkang ngrembag *gaya bahasa* wonten ing karya sastra. Ingkang kedah dipungatosaken nalikanipun nindhakaken *analisis* salebetipun kajian *stilistika* kados mekaten:

1. Ingkang sepisan saged netepaken *unit analisis*, kadosta ingkang awujud unen-unen, tembung, *frasa*, ukara, bait, lan sak piturutipun.
2. *Analisis diksi* wigatos sanget amargi saged nyengkuyung makna lan kaendahanipun basa. Tembung wonten salebetipun *pandangan simbolis* saged damel makna ingkang maneka warni. Saking tembung, saged narik kawigatosanipun pamaos.
3. *Analisis* ukara ingkang wigatos saking panganggening ukara saking kawontenan ingkang beda-beda.
4. *Kajian* makna basa ugi angsal kawigatosan piyambak. *Kajian* makna saenipun dumugi tingkat *majas*, inggih menika *figurative language* ingkang nggadhahi makna ingkang macem-macem.

Panaliten menika kalebet ing penelitian *stilistika*, mliginipun ingkang gegayutan kalihan pepindhan. Pepindhan kalawau badhe dipunanalisis lajeng dipunpadosi wujud tuwin maknanipun jumbuh kalihan *konteks* ing andharan. Lampah salajengipun, inggih menika damel dudutan adhedhasar asiling panaliten. Menggahing cak-cakanipun analisis dhata ingkang kalampahan ing panaliten kados andharan ing ngandhap menika.

1. Nemtokaken perangan analisis. Perangan menika saged awujud frasa, klausa utawi kalimat ingkang ngandhut *pepindhan*, lajeng kaserat ing kartu dhata.

2. Identifikasi, inggih menika panaliti nglampahi identifikasi tumrap dhata ingkang kalebet ing pepindhan. Dhata ingkang sampun kapanggihaken lan kaserat ing kertu dhata, lajeng dipunwaos malih lan menawi perlu dhata kasebat dipuntrepaken malih kalihan andharan ing novel.
3. Dhata ingkang sampun cetha kalebet ing pepindhan lajeng kaanalisis kangge nemtokaken wujud saha maknanipun. Wujud saha makna menika kaandharaken kanthi cara deskriptif kajumbuhaken kalihan kontekspun. Dhata ingkang sampun dipunanalisis, lajeng dipunklompokaken miturut kriterianipun lan kaserat ing tabel analisis.
4. Damel dudutan saking perkawis ingkang dipuntliti, dudutan menika kadamel sasampunipun perkawis bab wujud saha makna pepindhan kaandharaken lan karembag kanthi gamblang lan leres.

Format Kartu Analisis

1. **Tabel wujud saking pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping anggitanipun St. Iesmaniasita***

No.	Indikator pepindhan	Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud tetan-dhingan	katrang an
1	2	3	4	5	6	7
1.	<i>Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung</i>	andah ing mripatku	kaja	kembang-warung	Bab wujud	Dhata 1
2	<i>Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk</i>	regemeng	kaja	punthuk	Bab wujud	Dhata 2

3	<i>Peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar keterak angin</i>	peniti bros ana dhadhane miring	kaja	semplehing kembang mawar keterak angin	Bab wujud	Dhata 3
---	---	---------------------------------	------	--	-----------	---------

2. Tabel makna saking pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Camping* angitanipun St. Iesmaniasita

No.	Indikator pepindhan	Makna pepindhan	Katrangan
1	2	3	4
1.	<i>Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung</i>	Gegambaranipun solah saha pangraosing manah	Dhata 1
2.	<i>Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 10
3.	<i>Peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar keterak angin</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 17

3. Tabel analisis wujud saha makna saking pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Camping* angitanipun St. Iesmaniasita

No	Dhata	Wujud				Bab ingkang katan- dhing- aken	Tem- bung panan- dhing	Bab ingkang dados panan- dhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna	
		T	F	U	K				Wjd	Wrn	Ww	Slh	Rs	Spt	Swtn		
1.	<i>Kowe weruh? Gelemku teka</i>		√			Andah ing mripat ku	kaja	kemba ng warun g	√								Gega mbara nipun paraga

	<i>lan kandhak u mau ming nglegani atimu. Ing mripatk u kowe weruh? Andah <i>ing mripatk u persis kaja kemban g- warung</i> (2/9/33).</i>												<i>solah saha pangra osing manah</i>
2.	<i>Diah, bareng aku krungu kumepra king sepatun e kang tataban karo watu- watu ing ndalan mau, aku bandjur ndjengg elek lungguh . Noleh ngiwa weruh regeme ng kaja punthuk (2/10/34)</i>	√		regem eng	kaja	punthu k	√						<i>Gega mbara nipun kawon tenan alam utawi donya</i>
3.	<i>Djarite latar ireng kang</i>		√	Peniti bros ana dhadh	kaja	Sempl ehing kemba ng	√						<i>Gega mbara nipun pangra</i>

	<i>wis lungsed. Semono uga klambine, wis kebag bledug. Lan peniti bros ana ing dhadha ne miring, kaja sempleh ing kembang mawar katerak angin ing gagange (4/17/46).</i>			ane miring		mawar katerak angin ing gagange								osing badan saha manah
--	--	--	--	------------	--	---------------------------------	--	--	--	--	--	--	--	------------------------

Katrangan :

- | | | | | | |
|-----|---|-------------------------------|------|---|---------|
| No | : | Nedahaken dhateng nomer dhata | Wrn | : | Warni |
| Wjd | : | Wujud | Rs | : | Raos |
| Spt | : | Sipat | Slh | : | Solah |
| WW | : | Wujud saha Warni | Swtn | : | Swanten |
| T | : | Tembung | K | : | Klausa |
| F | : | Frasa | U | : | Ukara |

F. Caranipun Ngesahaken Dhata

Cara anggenipun ngesahaken dhata ing panaliten menika migunakaken *validitas* tuwin *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken, inggih menika *validitas semantis* lan *expert judgement*. Miturut Endraswara (2003: 164), validitas semantis inggih menika anggenipun ngandharaken kedah trep saha sami kaliyan ingkang dipunkajengaken saking *konteks-ipun*. *Validitas semantis* dipunginakaken, amargi dhata-dhata ing panaliten menika awujud *bahasa kias* ingkang dipunmaknai jumbuh kalihan *konteks-ipun*. Adhedhasar pamanggihipun Endraswara ing nginggil kangge nggayuh *kevalidan* dhata dipunlampahi kanthi maos, nliti saha nganalisis kanthi premati adhedhasar teori ingkang sampun wonten lan nggatosaken *konteks-ipun*, mliginipun ingkang megepokan kalihan pirembagan ing panaliten menika bab pepindhan. Saking andharan kasebat, saged dipundudut bilih panaliten menika kedah wonten tembung panandhing kaya, kados, kadi, upama, lir, lan sak piturutipun (bilih ngginakaken *morfem* bebas). Ugi saged ngginakaken bentuk *morfem* kaiket ingkang awujud ater-ater /an-/ , /N-/ , saha seselan /-in-/ , /-um-/ . Lajeng, tembung, frasa, saha ukara ingkang dados bab ingkang katandhingaken, kaliyan bab ingkang dados panandhingipun wonten gegayutanipun mawi cara pepindhan. Dene *validitas expert judgement* dipunlampahi kanthi cara panaliti konsultasi babagan asil saking panaliten ingkang awujud dhata dhateng ahlinipun, inggih menika *dosen pembimbing*.

Supados dhata ingkang dipunpanggihaken menika ajeg, mila panaliti migunakaken reliabilitas *intra-rater*, inggih menika panaliti maos kathi premati

saha dipunambali ngantos ngasilaken dhata ingkang ajeg. Panaliti ngginakaken *reliabilitas intra-rater*, amargi tumrap ing panaliten ingkang sipatipun dipunlampahi piyambak, kadosta skripsi, *reliabilitas* kapanggihaken mawi maos lan nyerat kathi premati. Bab menika adhadhasar pamanggihipun Endraswara (2003: 165), bilih dipuntindakaken piyambak, kadosta ingkang awujud *skripsi, thesis*, saha *disertasi, reliabilitas* mesthi adhedhasar kasregepan, premati, saha ajeg anggenipun maos saha nyerat.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Wonten ing bab menika badhe kaandharaken asiling panaliten saha pirembagan ngengingi pepindhan ingkang kamot wonten saklebetting *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Ing subbab utawi perangan asiling panaliten badhe dipunandharaken asil saking panaliten menika, amrih gampilipun badhe kaandharaken mawi wujud tabel. Dene ing subbab pirembagan badhe dipunandharaken pirembaganipun. Bab pirembagan menika badhe ngandharaken wujud pepindhan saha makna pepindhan ingkang dipungayudaken *teks* saha *konteksipun*. Asiling panaliten saha pirembaganipun kados andharan ing ngandhap menika.

A. Asiling Panaliten

Asil saking panaliten menika arupi dhata wujudipun pepindhan ingkang wonten saklebetting *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*. Anggenipun ngandharaken asiling panaliten, badhe dipunserat mawi tabel ingkang ngewrat tuladha-tuladha wujud saha makna pepindhan. Menggahing asiling panaliten bab wujud pepindhan kalawau, badhe dipunperang dados bab ingkang katandhingaken, tembung panandhing, saha bab ingkang dados panandhingipun. Bab menika kangge ngggampilaken panaliti kangge nemtokaken gayutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun ing pepindhan. Kajawi menika, ugi badhe dipunandharaken makna pepindhan ingkang sampun dipunperang miturut peranganipun, dene andharan makna ingkang jangkep saged

dipuntingali ing pirembaganipun. Asiling panaliten babagan pepindhan tumrap *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita badhe dipunandharaken kados ing ngandhap menika kanthi wujud tabel.

Tabel 1. Wujud saking pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita.

No.	Indikator pepindhan	Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Sipat Tetandhing -an	Katrangan
1	2	3	4	5	6	7
1.	<i>Dak tambahi nganggo tetembungan sing kaya kabut</i>	tetembungan	kaja	kabut	Bab swanten	Dhata 1
2.	<i>abjor thahja kaya langit iki</i>	abjor tjahja	kaja	langit iki	Bab wujud saha warni	Dhata 2
3	<i>Dadi menjang Rukmono kaja sawenehing pelarianUki?</i>	menjang Rukmono	kaja	sawenehing pelarian	Bab Solah	Dhata 3
4	<i>Dak kira bisa dadi liruning mas Anwar, djebulane, kaja tjumlereting thathit</i>	liruning Mas Anwar	kaja	tjumlereting thathit	Bab Wujud saha warni	Dhata 4
5.	<i>Mung isih terang rasane kekuatanku kaja dilolosi</i>	kekuatan	kaja	dilolosi	Bab raos	Dhata 5
6.	<i>Aku sakloron nangis kaja botjah cilik</i>	nangis	kaja	botjah cilik	Bab solah	Dhata 6
7.	<i>Mung marang Dheweke. Kaja Dewi Anggraheni</i>	dheweke	kaja	dewi Anggraheni	Bab wujud	Dhata 7
8.	<i>Lajange ora kerep kaya lajange djedjaka</i>	lajange	kaja	lajange djedjaka	Bab solah	Dhata 8

1	2	3	4	5	6	7
9.	<i>Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung</i>	andah ing mripatku	kaja	kembang-warung	Bab wujud	Dhata 9
10.	<i>Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk</i>	regemeng	kaja	puntuhuk	Bab wujud	Dhata 10
11.	<i>Alam kaja kalimput ing pedhut</i>	alam	kaja	kalimput ing pedhut	Bab wujud saha warni	Dhata 11
13.	<i>Katon sangsaja lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama</i>	katon sangsaja lamat-lamat	kaja	sawenehing wirama	Bab raos	Dhata 13
14.	<i>Aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegi Frits</i>	ndeleng banju segara	kaja	matja elegi Frits	Bab raos	Dhata 14
16.	<i>Anggone mlaku sempojongan. Kaja ora nduweni daja kang tjukup</i>	anggone mlaku sempojongan	kaja	ora nduweni daja kang tjukup	Bab raos	Dhata 16
17.	<i>Peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar keterak angin</i>	peniti bros ana dhadhane miring	kaja	semplehing kembang mawar keterak angin	Bab wujud	Dhata 17
18.	<i>Wiwit tumetes eluhe, kaja wetuning tlutuh plapah gedhang</i>	tumetes eluhe	kaja	wetuning tlutuh plapah gedhang	Bab raos	Dhata 18
19.	<i>Sing wis ilang kaja ilangeng dina dhek mau bebarengan karo angsluping Hjang Surja</i>	sing wis ilang	kaja	ilangeng dina dhek mau	Bab wujud	Dhata 19
20.	<i>Tangise Wisnujati tjemengkling banter, kaja-kaja ngundhang dheweke supaja bali</i>	tjumengkling banter	kaja-kaja	ngundhang dheweke	Bab swanten	Dhata 20

Lajengan tabel 1

No.	1	2	3	4	5	6
21.	<i>Pitakone Pastur iki ora bisa diwangsuli. Eluhe kaya mbandjir</i>	eluhe	kaja	mbandjir	Bab raos	Dhata 21
22.	<i>Ah, aku rumangsa kaja tjatjing kang krugetan</i>	aku rumangsa	kaja	tjatjing kang krugetan	Bab raos	Dhata 22
23.	<i>Dhadhane Surjatinah kaja didhodhog</i>	dhadhane Surjatinah	kaja	didhodhog	Bab raos	Dhata 23
24.	<i>Dhadhane sesak, kaja arep petjah-petjaha</i>	dhadhane sesak	kaja	arep petjah-petjaha	Bab raos	Dhata 24
25.	<i>Nanging kabeh mau kaja wis ginaris</i>	kabeh mau	kaja	wis ginaris	Bab sipat	Dhata 25
26.	<i>Sawah kaja umpak-umpakan, idjoning tandhur mung lamat-lamat bae merga kesaput ing ampak-ampak</i>	sawah	kaja	umpak-umpakan	Bab wujud	Dhata 26
27.	<i>Lan garis-garis ing bathuk sandhing rambute sing mure-mureh kaja nambah tjahjane</i>	garis-garis ing bathuk	kaja	nambah tjahjane	Bab raos	Dhata 27
29.	<i>Lan pandjagaku malah kaja tulusing asihku marang kowe</i>	pandjagaku	kaja	tulusing atiku	Bab raos	Dhata 28
30.	<i>Katon edine dhik Lien. Kaja memplak kembange</i>	edine dhik Lien	kaja	memplak kembange	Bab wujud	Dhata 30
31.	<i>Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan</i>	idjo rojo-rojo	kaja	kembang mlathi	Bab warni	Dhata 31

Lajengan tabel 1

No.	1	2	3	4	5	6
32.	<i>Eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mriplate. Kaja runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pegunungan</i>	eluhe kang ora gelem mandheg saka podjoking mriplate	kaja	runtuhing udan ing mangsa rendheng	Bab raos	Dhata 32
33.	<i>Nanging guju iki dudu guju sing bening kaja adate yen penggalihe padhang kae</i>	guju sing bening	kaja	penggalihe padhang kae	Bab raos	Dhata 33
34.	<i>Merga kahanan donja kaja lagi kalimput ing aseping mesiu</i>	kahanan donja	kaja	lagi kalimput ing asepung mesiu	Bab wujud saha werni	Dhata 34
35.	<i>Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi- endah</i>	pikiran sing bening	kaja	lagi ana satengahig taman sing edi-endah	Bab raos	Dhata 35
36.	<i>Aku ora bisa njingkiri dheweke. Kaja bubukan wesi aku iki</i>	aku ora bisa njingkiri dheweke	kaja	bubukan wesi aku iki	Bab raos	Dhata 36
37.	<i>Tambah ngisi pikiran lan ati. Kaja thukulan pete ing ngisor pager jen udan wiwit nyiram bumi</i>	tambah ngisi pikiran lan ati	kaja	thukulan pete ing ngisor pager jen udan wiwit nyiran bumi	Bab raos	Dhata 37
38.	<i>Rerampake mega sing maneka warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike</i>	rerampake mega sing maneka warna	kaja	bathik kembanging pelangi	Bab warni	Dhata 38

Lajengan tabel 1

No.	1	2	3	4	5	6
41.	<i>Lan tumanggape sing kaja didhesek ing sawenehing rasa sing aneh</i>	tumanggape	kaja	didhesek ing sawenehing rasa sing aneh	Bab raos	Dhata 41
42.	<i>Ana melodi ngebaki ati lan pikirane. Kaja sambat-sambata jagene wektu iki</i>	melodi ngebaki ati lan pikirane	kaja	sambat-sambata jagene wektu iki	Bab raos	Dhata 42
43.	<i>Nanging kanthonge pantalon dileboni kartupos sing kaja welat pring-apus sing ngenani atine</i>	kanthonge pantalon dileboni kartupos	kaja	welat pring-apus sing ngenani atine	Bab raos	Dhata 43
44.	<i>Saka sethithik kasregepane mau ilang. Kaja-kaja ana angin sing lirih sumilir</i>	saka sethithik kasregepane mau ilang	kaja-kaja	ana sing angin lirih sumilir	Bab raos	Dhata 44
45.	<i>Kabeh andjegreg. Kaja sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat</i>	kabeh andjegreg	kaja	sunggingane tukang adu djago	Bab wujud	Dhata 45
46.	<i>Uga viol lan piano ing omah mung kaja ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat</i>	viol lan piano ing omah	kaja	ndudut-ndudut eluh	Bab raos	Dhata 46
47.	<i>Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng</i>	ngobat-abitake prau	kaja	gawe dolanan untjal-untjalan	Bab solah	Dhata 47

Lajengan tabel 1

48.	<i>Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh ana pelataran kono</i>	angin sore liwat	kaja	ngelus kabeh ana plataran kono	Bab raos	Dhata 48
49.	<i>Atine panggah kaja djenggerenging punthuk watu</i>	atine panggah	kaja	djenggerenging punthuk watu	Bab raos	Dhata 49
50.	<i>Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng</i>	seger	kaja	idjoning gegodhongan ing wajah rendheng	Bab wujud saha werni	Dhata 50
51.	<i>Ngetut lakune pikirane, kaja ngegla ing gegodhongan kang meneng</i>	ngetut lakune pikiran	kaja	ngegla ing gegodhongan kang meneng	Bab solah	Dhata 51
53.	<i>Olehmu anggak, kok kaja pelukis besar</i>	olehmu anggak	kaja	pelukis besar	Bab sipat	Dhata 53
54.	<i>Ah, terang kaja kijering mriplate djedjaka sing ditjeritakake mau kae</i>	terang	kaja	kijering mriplate djejaka sing ditjeritakake mau	Bab raos	Dhata 54
55.	<i>Kumlejang runtuh kaja gogrogging kembang ing tengah pedhut, tijuping angin ing wajah surup</i>	kumlejang runtuh	kaja	gogrogging kembang	Bab solah	Dhata 55
56.	<i>Ing dalan kang wonge pating sliwer kaja dhawet ngene</i>	wonge pating sliwer	kaja	dhawet ngene	Bab wujud	Dhata 56
57.	<i>Tjangkemku kaja kakuntji</i>	tjangkemku	kaja	kakuntji	Bab raos	Dhata 57
58.	<i>Atiku kaja ndjerit-ndjerita mrentah supaja aku mandheg lan bali</i>	atiku	kaja	ndjerit-ndjerita mrentah	Bab raos	Dhata 58

Lajengan tabel 1

No.	1	2	3	4	5	6
59.	<i>Atiku kaja peteng</i>	atiku	kaja	peteng	Bab raos	Dhata 59
60.	<i>Aku kaja kesamber ing gelap</i>	aku	kaja	kesamber ing gelap	Bab raos	Dhata 60
61.	<i>Peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dakidak</i>	peteng sakubengku	kaja	rengkah lemah sing dakidak	Bab raos	Dhata 61
62.	<i>O, dakkira rawuhe ibune mau kaja tekane tjahja fadjar</i>	rawuhe ibune	kaja	tekane tjahja fadjar	Bab raos	Dhata 62
63.	<i>Apa maneh yen krungu lagune dinjanjekake. Kekuwatanku kaja dilolosi</i>	kekuwatanku	kaja	dilolosi	Bab raos	Dhata 63
65.	<i>Praupane kang kebak dening tumemening atine</i>	praupane	-	tumemening atine	Bab raos	Dhata 65
66.	<i>Rambute wis mabluk putih sing madhul-madhul, obah-obah katijup ing angin njejenggol raine sing ndjerukpurut</i>	raine	-	ndjerukpurut	Bab wujud	Dhata 66

Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, dipunpanggihaken pepindhan. Kajawi ngandharaken wujudipun pepindhan, ing panaliten menika ugi ngandharaken maknanipun. Asiling panaliten ing bab makna saged dipunpirsani wonten ing tabel 2 ing ngandhap menika.

Tabel 2. Makna saking pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita

No.	Indikator pepindhan	Makna pepindhan	Katrangan
1	2	3	4
1.	<i>Dak tambahi nganggo tetembungan sing kaya kabut</i>	Gegambaranipun swanten	Dhata 1
2.	<i>abjor thahja kaya langit iki</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 2
3.	<i>Dadi menjang Rukmono kaja sawenehing pelarianUki?</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 3
4.	<i>Dak kira bisa dadi liruning mas Anwar, djebulane, kaja tjumlereting thathit</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 4
5.	<i>Mung isih terang rasane kekuatanku kaja dilolosi</i>	Gegambaranipun pangaraosing badan saha manah	Dhata 5
6.	<i>Aku sakloron nangis kaja botjah cilik</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 6
7.	<i>Mung marang Dheweke. Kaja Dewi Anggraheni</i>	Gegambaranipun paraga migunakaken paraga sanesipun	Dhata 7
8.	<i>Lajange ora kerep kaya lajange djedjaka</i>	Gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun	Dhata 8
9.	<i>Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung</i>	Gegambaranipun solah saha pangraosing manah	Dhata 9
10.	<i>Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 10
11.	<i>Alam kaja kalimput ing pedhut</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 11
13.	<i>Katon sangsaja lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama.</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 13
14.	<i>Aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegi Frits.</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 14
16.	<i>Anggone mlaku sempojongan. Kaja ora nduwensi daja kang tjkup</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 16

Lajengan tabel 2

1	2	3	4
17.	<i>Peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar keterak angin</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 17
18.	<i>Wiwit tumetes eluhe, kaja wetuning tlutuh plapah gedhang</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 18
19.	<i>Sing wis ilang kaja ilangeng dina dhek mau bebarengan karo angsluping Hjang Surja</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 19
20.	<i>Tangise Wisnujati tjumengkling banter, kaja-kaja ngundhang dheweke supaja bali</i>	Gegambaranipun swanten	Dhata 20
21.	<i>Pitakone Pastur iki ora bisa diwangsuli. Eluhe kaya mbandjir</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 21
22.	<i>Ah, aku rumangsa kaja tjetjing kang krugetan</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 22
23.	<i>Dhadhane Surjatinah kaja didhodhog</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 23
24.	<i>Dhadhane sesak, kaja arep petjah-petjaha</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 24
25.	<i>Nanging kabeh mau kaja wis ginaris</i>	Gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga	Dhata 25
26.	<i>Sawah kaja umpan-umpakan, idjoning tandhur mung lamat-lamat bae merga kesaput ing ampak-ampak</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 26
27.	<i>Lan garis-garis ing bathuk sandhing rambute sing mure-mureh kaja nambah tjahjane</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 27
29.	<i>Lan pandjagaku malah kaja tulusing asihku marang kowe</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.	Dhata 29
30.	<i>Katon edine dhik Lien. Kaja memplak kembange</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 30

Lajengan tabel 3

No.	1	2	3
31.	<i>Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan iki.</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 31
32.	<i>Eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mripate. Kaja runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pegunungan</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 32
33.	<i>Nanging guju iki dudu guju sing bening kaja adate yen penggalihé padhang kae</i>	Gegambaranipun solah migunakaken kawontenan.	Dhata 33
34.	<i>Merga kahanan donja kaja lagi kalimput ing asepung mesiu</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 34
35.	<i>Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 35
36.	<i>Kaja bubukan wesi aku iki</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 36
37.	<i>Tambah ngisi pikiran lan ati. Kaja thukulan pete ing ngisor pager jen udan wiwit nyiram bumi</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 37
38.	<i>Rerampake mega sing maneka warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 38
41.	<i>Lan tumanggape sig kaja didhesek ing sawenehing rasa sing aneh</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.	Dhata 41
42.	<i>Ana melodi ngebaki ati lan pikirane. Kaja sambat-sambata</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 42
43.	<i>Nanging kanthonge pantalon dileboni kartu sing kaja welat pringapus sing ngenani atine</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.	Dhata 43

Lajengan tabel 2

No.	1	2	3
44.	<i>Saka sethithik kasregepane mau ilang. Kaja-kaja ana angin sing lirih sumilir</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 44
45.	<i>Kabeh andjegreg. Kaja sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat</i>	Geggabaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 45
46.	<i>Uga viol lan piano ing omah mung kaja ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 46
47.	<i>Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 47
48.	<i>Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh ana pelataran kono</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 48
49.	<i>Atine panggah kaja djenggerenging punthuk watu</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.	Dhata 49
50.	<i>Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng</i>	Gegambaranipun swanten	Dhata 50
51.	<i>Ngetut lakune pikirane, kaja ngebla ing gegodhongan kang meneng</i>	Gegambaranipun solah saha pangraosing manah	Dhata 51
53.	<i>Olehmu anggak, kok kaja pelukis besar</i>	Gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun.	Dhata 53
54.	<i>Ah, terang kaja kijering mriplate djedjaka sing ditjritakake mau kae</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 54
55.	<i>Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut, tijuping angin ing wajah surup</i>	Gegambaranipun swanten	Dhata 55
56.	<i>Ing dalan kang wonge pating sliwer kaja dhawet ngene</i>	Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya	Dhata 56

Lajengan tabel 2

No.	1	2	3
57.	<i>Tjangkemku kaja kakuntji</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 57
58.	<i>Atiku kaja ndjerit-ndjerita mrentah supaja aku mandheg lan bali</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 58
59.	<i>Atiku kaja peteng</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah.	Dhata 59
60.	<i>Aku kaja kesamber ing gelap</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 60
61.	<i>Peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dakidak</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 61
62.	<i>O, dakkira rawuhe ibune mau kaja tekane tjahja fadjar</i>	Gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga	Dhata 62
63.	<i>Apa maneh yen krungu lagune dinjanjekake. Kekuatanku kaja dilolosi</i>	Geggambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 63
65.	<i>Praupane kang kebak dening tumemening atine</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 65
66.	<i>Rambute wis mabluk putih sing madhul-madhul, obah-obah katijup ing angin njejenggol raine sing ndjerukpurut</i>	Gegambaranipun pangraosing badan saha manah	Dhata 66

B. Pirembagan

Asiling panaliten tumrap novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita nedahaken bilih ing salebetting novel kasebut dipunpanggihaken pepindhan. Adhedhasar wosing panaliten, pirembagan tumrap asiling panaliten dipunbedakaken ing kalih bab, inggih menika pirembagan ngenggingi wujud pepindhan saha makna pepindhan. Wujudipun pepindhan badhe dipunpadosi gegayutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun.

Pirembagan ingkang magepokan kalihan kekalih bab ing nginggil badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujud pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita.

Panaliten tumrap novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita kathah dipunpanggihaken pepindhan. Kaanggep kathah amargi panaliti manggihaken pepindhan ingkang cacahipun 66, dene tembung panandhing ingkang asring dipunginakaken, inggih menika tembung kaya. Bab menika amargi anggenipun panganggit ngandharaken cariyos ngginakaken basa Jawi ngoko, satemah tembung panandhing ingkang kathah kaginakaken inggih menika tembung kaya.

Indikator utawi titikan bilih tetembungan kalebet pepindhan saged dipuntingali saking tembung panandhingipun ingkang sinerat eksplisit. Tembung-tembung ingkang asring dipunginakaken kadosta lir, kadi, kaya, kadya, pindha. Sedaya saking novel menika saged kapanggihaken pepindhan ingkang indikatoripun mawi cara ekplisit. Kanthi ngandharaken tembung panandhing kaya, kados, lir, pindha, mawi *langsung*.

Pirembagan babagan wujud pepindhan ing panaliten menika badhe dipunpadosi gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha panandhingipun. Anggenipun nggolongaken gegayutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhing pepindhan ing panaliten menika adhedhasar saking *interpretasi* utawi pamanggihipun panaliti sasampunipun maos saha manggihaken dhata ingkang kalebet pepindhan saking novel *Kidung Wengi Ing Gunung*

Gamping anggitanipun St. Iesmaniasita. Supados lankung gampil anggenipun pados gegayutan antawisipun bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, mila saking dhata badhe dipunperang dados tigang perangan, inggih menika perangan saking ingkang katandhingaken, tembung panandhing, saha panandhingipun. Ing pirembagan bab wujudipun pepindhan menika boten badhe kaandhareken sedaya dhata ingkang sampun kapanggihaken. Dhata-dhata ingkang kaandharaken ing pirembagan menika sampun saged dados wakil saking dhata sanesipun ingkang sami. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken tuladha pirembagan wujudipun pepindhan andhedhasar andharan ing nginggil.

a. Pepindhan ingkang gadhah gegeyutan ing bab wujud

Pirembagan bab wujudipun pepindhan ingkang gadhah gegeyutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun ingkang sepisan badhe karembag, inggih menika pepindhan ingkang gadhah gegeyutan ing bab wujudipun. Wonten ing pirembagan menika, ingkang kaandharaken utawi dipunrembag namung ngengengi pepindhan ingkang dipunpanggihaken ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*, mliginipun ingkang gadhah gegeyutan ing bab wujud antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- (10) Diah, bareng aku krungu kumepraking sepatune kang tataban karo watu-watu ing ndalan mau, aku bandjur ndjenggelek lungguh. **Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk** (Iesmaniasita, 1958: 34).

Saking pethikan ing nginggil “Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk” saged dipunmangertosi bilih bab ingkang katandhingaken inggih menika awujud tembung “regemeng”, saha bab panandhingipun, inggih menika ugi awujud tembung “punthuk”. Saking pepindhan ing nginggil tembung panandhingipun ngangge tembung “kaja”.

Pepindhan ing nginggil paring gambaran regemeng bilih dipuntingali saking tegesipun inggih menika barang ingkang katingal ageng ngrenggunuk wonten papan ingkang tebih (Baoesastra: 526). Saking andharan kasebat saged dipundudut bilih pepindhan menika paring andharan bilih tembung regemeng nedahaken paraga mas Tok ingkang sampun dipunkinten Ju Andah saha Diah sampun seda. Mas Tok ingkang katingal sumamar saking tebih, wonten nginggilipun tanggul kados punthuk. Satemah saking wujudipun paraga mas Tok ingkang katingal saking katebihan ingkang sumamar menika kados punthuk utawi siti ingkang katingal inggil, utawi gumuk ingkang katingal munthuk-munthuk (Baoesastra: 502) . Saking andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih wujudipun mas Tok ingkang sumamar saking sakwalikipun kabut sonten menika kados punthuk ingkang munthuk-munthuk, mila pepindhan menika gadhah gegayutan ing babagan wujudipun. Punthuk dipunginakaken paganggit amargi wujudipun punthuk menika kaanggep saged nggambarkeren paraga mas Tok ingkang katingal sumamar wonten nginggiling tanggul. Tuladha sanesipun saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(17) Djarite latar ireng kang wis lungsed. Semono uga klambine, wis kebag bledug. **Lan peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange** (Iesmaniasita, 1958: 46).

Saking pepindhan ing nginggil “Lan peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange” katingal bilih bab ingkang katandhingaken, inggih menika awujud *klausa* “peniti bros ana ing dhadhane miring” saha ingkang dados panandhingipun, inggih menika ugi awujud *klausa* “semplehing kembang mawar ingkang katerak angin”. Pepindhan kasebat nginakaken tembung panandhing “kaja”. Panganggit ngginakaken panandhing semplehing kembang mawar ingkang katerak angin, amargi kawontenanipun paraga Mirjani ingkang rasukanipun sampun lungsed kaliyan anggenipun mlampah sampun sempoyongan, ngantos peniti bros wonten ing dhadhane miring, kasebataken ing bab ingkang katandhing. Kawontenanipun saking paraga Mirjani ingkang nggamaraken anggenipun peniti bros wonten ing dhadhane ngantos miring, kaliyan kados semplehing sekar mawar ingkang katerak angin ing gagangipun. Dening panganggit saged nggamaraken wujud anggenipun Mirjani ngangge bros, inggih menika sami-sami nedahaken sempleh utawi kados tugel. Saking andharan kasebat, mila saged dipunpendhet dudutan bilih ing pepindhan menika gadhah gegeyutan ing bab wujudipun. Salajengipun badhe kaandharaken tuladha pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab warninipun.

b. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab warni

Pirembagan wonten nginggil sampun paring andharan pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab wujudipun. Salajengipun wonten mriki badhe dipunrembag ngengingi pepindhan ingkang gadhah gegayutan antawisipun bab

ingkang katandhing saha bab panandhingipun saking *sudut pandang* bab warninipun. Pirembagan menika adhedhasar dhata ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*. Tuladhanipun pirembagan bab warninipun kados ing ngandhap menika.

- (31) **Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan.** Ah, tapi....Pandjenengan kok nganti kaja ngene ta mas? Karlina karo singseg-mingseg. (Iesmaniasita, 1958: 63).

Pepindhan ing nginggil “Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan “ nandhingaken *frasa* “idjo rojo-rojo” kaliyan *frasa* “kembang mlathi”, mawi tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Saking pepindhan wonten nginggil, ngandharaken paraga Gus Ri ingkang minangka dokter menika taksih nyimpen *lukisan* ingkang dipundamel dening paraga Karlina. Idjo rojo-rojo menika salah sawijining warni ingkang biasanipun kangge nedahaken perangan-perangan ingkang wonten gayutipun kaliyan tetuwuhan. Dipuntandhingaken kaliyan *frasa* kembang mlathi. Panganggit ngginakaken panandhing kembang mlathi amargi sami kemawon nggadhahi warni kembang mlathi kasebat, kajawi warninipun ingkang beda. Kembang mlathi menika nggadhahi warni pethak. Ananging wonten pethikan kasebat ingkang dipunbandhingaken inggih menika namung unsur warni kemawon, mboten jenising warni. Nedahaken bilih idjo rojo-rojo menika kados kembang mlathi, sami-sami memplak warninipun. Tuladha sanesipun saking pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab warni saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(38) Karlina nggeget lambene. Kelingan, sakala kelingan sore-sore edi kala srengenge arep ambles ing segara Djawa. **Rerampake mega sing maneka-warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike.**(Iesmaniasita, 1958: 89).

Dhata (38) ing nginggil menika ngewrat pepindhan ing pethikan "Rerampake mega sing maneka-warna". Kaja bathik kembanging pelangi apike". Pethikan menika ngewrat pepindhan ingkang gadhah gegayutanipun kaliyan bab warni. *Klausa* "Rerampake mega sing maneka warna" dipuntandhingaken kaliyan *klausa* "bathik kembanging pelangi apike" mawi tembung panandhing "kaja".

Rerampake mega sing maneka warna menika ateges gegambaraning langit kala semanten ingkang edi warninipun. Gegambaraning langit wanci sonten rikala semburat cahya srengenge badhe angslup wonten seganten Djawi. Dipunthadingaken kaliyan bathik kembanging pelangi, kados kain bathik ingkang gadhah corak utawi motif pelangi ingkang maneka warni. Mila pepindhan menika gadhah gegayutan kaliyan bab warninipun. Panganggit ngginakaken bathik kembanging pelangi minangka panandhing tumrap rerampake mega sing maneka warna wonten langit wanci sumuruping Hyang Surya rikala sunten. Warni ingkang dipunkajengaken dening panganggit inggih menika warni ingkang edi endahipun. Salajengipun ngrembag bab pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab warni, badhe dipunrembag tuladha pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud saha werniipun.

c. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud saha werni

Adhedhasar dhata ingkang sampun dipunpanggihaken ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*, pepindhan wonten ingkang gadhah gagayutan

pepadhan boten namung ing satunggal bab kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, nanging wonten ingkang gadhah gegayutan ing kalih bab. Gegayutan boten namung ing bab wujudipun utawi ing bab warninipun, nanging ing bab wujud saha warninipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

(11) **alam kaja kalimput ing pedhut.** Lintang-lintang kang bakal ngrenggani langit sidji loro wiwit kumelip. (Iesmaniasita, 1958: 39).

Pepindhan wonten nginggil “alam kaja kalimput ing pedhut” saged dipunbedhah bilih saking ukara menika ngewrat pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud saha warni. Tembung “alam” menika minangka babagan ingkang katandhing nggadhahi teges donya saha kawontenanipun. Ateges tembung alam menika nggadhahi teges wujud saking kahananipun donya menika. Salajengipun dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “kalimput ing pedhut” ingkang nggadhahi teges peteng. Pepindhan menika migunakaken tembung panandhing “kaja”. Saking andharan menika saged dipuntingali bilih pepindhan wonten ukara menika kalebet wonten pepindhan ingkang nggadhahi gegayutan ing bab wujud saha warni. Tembung alam menika nedahaken wujudipun, lajeng *frasa* “kalimput ing pedhut” menika nedahaken warninipun, amargi wonten gegayutanipun kaliyan warni. Inggih menika nedahaken kahanan ingkang sampun peteng. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab wujud saha warninipun ugi saged dipuntingali ing andharan ngandhap menika.

(50) Semono uga pikiran kang kaisekake ing tetembungan mau. **Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng, bandjur mentas bae kasiram udan.** (Iesmaniasita, 1958: 105).

Saking pethikan menika saged dipunpanggihi pepindhan ing ukara “Seger. Kaja idjoning gegeodhongan ing wajah rendheng”. Pepindhan menika nandhingaken tembung “seger” kaliyan ukara “idjoning gegodhongan ing wajah rendheng”, mawi tembung panandhing “kaja”, mila pepindhan kasebat gadhah maksud ngandharaken pangraosing manah saking paraga Adrijanto ingkang taksih bingah. Ateges tembung seger kala wau saged nedahaken wujudipun pangraosing manah saking Adrijanto ingkang taksih bingah. Salajengipun tembung seger kalawae dipuntandhingaken tumrap frasa idjoning gegodhongan ing wajah rendheng. *Frasa* menika nggadhahi teges ingkang nedahaken warninipun godhong ingkang katingal ijem memplak ingkang tuwu h wanten wanci rendheng.

Satemah pepindhan “Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng” menika gadhah gegayutan ing bab wujud saha warninipun. Wujudipun pangraosing manah saking paraga Adrijanto ingkang dipunwakili mawi tembung “seger”, lajeng dipuntandhingaken tumrap *klausa* “idjoning gegodhongan ing wajah rendheng” ingkang nggamaraken warni saking godhong. Salajengipun badhe ngrembag bab pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab solah.

d. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab solah

Wanten ing mriki badhe dipunrembag Asiling panaliten tumrap pepindhan ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* nedahaken bilih wanten pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab solahipun. Tuladhanipun kados dhata ing ngandhap menika.

(3) **Dadi menjang Rukmono mung kaja sawenehing pelarian Uki?**
 Nalika iku mung Rukmono sing tjedhak lan pinter nglipur atiku. Ati sing sasat saben dina ditatoni dening prija sing dak tresnani wutuh-wutuh. (Iesmaniasita, 1958: 13).

Pepindhan ing nginggil katingal saking pethikan “dadi menjang Rukmono mung kaja sawenehing pelarian Uki?”. Saking pethikan kasebat saged dipunmangertosi bilih bab ingkang katandhing inggih menika *frasa* “menjang Rukmono” dene ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “sawenehing pelarian”, mawi tembung panadhang “kaja”. Saking bab ingkang katandhing saha panandhingipun saged dipunmangertosi bilih kalih bab kasebat sampun saged nedahaken pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab solah. *Frasa* “menjang Rukmono” nedahaken bilih tumindakipun paraga Uki dhateng paraga Rukmono. Ingkang rikala semanten, paraga Uki kaliyan Rukmono menika nggadhahi sesambutan katresnan. Rukmono menika dados pacanganipun Uki. Lajeng, *frasa* “sawenehing pelarian” menika nedahaken paraga Uki ingkang nganggep Rukmono minangka pacanganipun menika namung *pelarian kemawon*. *Frasa* “sawenehing pelarian” menika tegesipun bilih Rukmono boten dianggep pacangan ingkang estu. Namung minangka *pelarian* saking raos manahipun Uki, ingkang sakderengipun kaliyan Rukmono. Uki nate nggadhahi sesambutan katresnan kaliyan mas Tok, anananging sesambutan menika malah kapungkasan. Saking andharan-andharan kasebat saged dipuntingali bilih pepindhan wonten pethikan kasebat nggadhahi gegayutan ing bab solah saking paraga Rukmono. Tuladha sanesipun saking dhata ingkang sampun kapanggihaken kados ing ngandhap menika.

- (6) Lan nalika Jeep diendhegake ing tengah sawah, aku lan dheweke wis ora bisa maneh ngempet tangis. **Aku sakloron nangis kaja botjah tjilik.** (Iesmaniasita, 1958: 25).

Saking pethikan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih pepindhan katingal saking ukara “Aku sakloron nangis kaja botjah tjilik”. Bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “aku sakloron nangis”. *Klausa* “aku sakloron nangis” menika nedahaken bilih wonten kalih paraga wonten pethikan menika ingkang nangis. Inggih menika ju Andah ingkang nyariosaken kasusahan manahipun marang Diah minangka rencangipun ju Andah. Diah menika ndherek susah nalika mirengaken cariosipun Ju Andah ingkang susah amargi pedhot tali asmaranipun kaliyan mas Tok. Pria memaniking manahipun ju Andah ingkang dipuntolak dening keluarganipun ju Andah piyambak. Satemah Diah kaliyan ju Andah sesareangan anggenipun nangis.

Saking kawontenan ingkang sakmenika, panganggit nandhingaken kaliyan *frasa* “botjah tjilik”. Panganggit ngginakaken *frasa* menika amargi solah nangis ingkang kumejer menika sami kaliyan solahipun lare alit. Lare alit ingkang nangis kumejer. Saking andharan kasebat, mila pepindhan menika gadhah gegayutan ing bab solahipun.

e. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab raos

Analisis tumrap dhata ingkang sampun dipunpanggihaken saged dipunmangertosi bilih ing salebeting novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* wonten pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab raosipun. Cacahipun dhata

pepindhan ingkang wonten gegayutan ing bab raos menika lankung kathah katimbang sanesipun. Pirembaganipun seged dipuntingali saking tuladha ing ngandhap menika.

(13) Dene kumrasaking blarak kumlawe saurutig pasisir sing **katon lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama** sing bandjur nguwasani atine Mirjani.(Iesmaniasita, 1958: 39).

Saking pethikan ing nginggil “*katon lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama*” saged dipunmangertosi bilih bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “*katon lamat-lamat bae*” saha bab ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “*sawenehing wirama*”, mawi tembung panandhing “*kaja*”. *Frasa* “*katon lamat-lamat bae*” ing nginggil paring andharan bilih kawontenan wekdal paraga Mirjani wonten sauruting pasisir ingkang *syahdu*. Blarak-blarak saking wit klapa ingkang alon-alon anggenipun obah, nggamaraken kawontenan ingkang *syahdu*. Lajeng dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “*sawenehing wirama*”. Saking bab menika saged dipuntingali bilih kawontenan wonten sauruting pasisir ingkang blarakipun kumlawe, dening panganggit dipuntandhingaken kaliyan sawenehing wirama ingkang gadhah intonasi lamat-lamat ugi. Saking andharan kasebat, mila pepindhan menika gadhah gegayutan ing bab raosipun. Tuladha sanesipun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(35) Lan satemene dheweke ora bisa njelaki kahanane atine jen pinudju sandhing karo Adrijanto iki. Pangrasa tentrem lan ayem. **Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah.** Kebak idjoning gegodhongan sing seger siniram ing ebun.(Iesmaniasita, 1958: 82).

Pepindhan ing nginggil saged dipuntingali saking pethikan “pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah”. Bab ingkang katandhing inggh menika *frasa* “pikiran sing bening”, dene bab ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* lagi ana ing satengahing taman sing edi-endah”, mawi tembung panandhing “kaja”.

Pepindhan ing nginggil ngandharaken paraga Karlina ingkang mboten saged ngapusi manah piyambakipun bilih piyambakipun ngraos ayem saha tentrem nalika wonten sandhingipun priya ingkang kagadhang-gadhang wonten manahipun, inggih menika Adrijanto, dipungambaraken mawi *frasa* “pikiran sing bening”. Kawontenan ingkang mekaten saged ndamel penggalihipun Karlina dados bening, satemah kados saweg wonten taman ingkang edi-endah. Taman ingkang edi-endah menika mesthinipun nggadhahi sesawangan ingkang sae sanget. Saged damel tiyang ingkang wonten tamanmenika dados tentrem manah saha penggalihipun. Saking andharan menika pepindhan ing nginggil gadhah pepadhan ing bab raos, inggih menika raos ingkang ayem tentrem nalika sandhingipun Adriano.

f. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab sipat

Bab ingkang katandhing saha panandhingipun, kajawi gadhah gegayutan kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil ugi gadhah gegayutan kados ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika. Gegayutan kalawau ing bab sipatipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

(60) Wah, tenan-tenan aku wis narik kawigatene nganggo lukisanku. --- tjetlathune karo mesem bungah. --- Hem, **olehmu anggak. Kok kaja pelukis besar bae.** Nanging, gambar sing endi ta Ret sing djare ora ko-edol kuwi?.(Iesmaniasita, 1958: 128).

Pepindhan ing nginggil ketingal saking pethikan “olehmu anggak. Kok kaja pelukis besar bae”. Bab ingkang katandhing inggih menika *frasa* “olehmu anggak”. *Frasa* menika sejatosipun nedahaken dhateng paraga Retnadi ingkang dipunngendikakaken dening Ibu saking Retnadi piyambak. Bab ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “pelukis besar bae”, mawi tembung panandhingipun inggih menika “kaja”. Ing pepindhan menika panganggit paring andharan bilih paraga Retnadi ingkang gumedhe marang lukisanipun piyambak. Bilih Retnadi sampun nglukis ingkang miturut piyambakipun saged narik kawigatosanipun tiyang sanes. Lajeng dipunsamekaken kaliyan *frasa* “pelukis besar bae”. Panganggit nggadhahi ancas paring andharan bilih solah saking Retnadi ingkang gumedhe menika kados pelukis ingkang sampun kawentar. Pramila saking pepindhan menika menawi dipuntingali saking bab ingkang katandhing saha panandhingipun gadhah pepadhan ing bab sipatipun, inggih menika sipat gumedhe.

g. Pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab swanten

Sasampunipun ningali dhata ingkang sampun kapanggihaken ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*, panaliti kajawi manggihaken gegayutan kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil ugi manggihaken gegayutan ing bab swantenipun. Gegayutan ing bab swanten menika cacahipun namung

kalih, nanging dhata menika ugi kedah dipunandharaken supados objektivitas ing panaliten menika tetep kajagi. Dhata pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab swantenipun saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(1) Uki ora maangsuli. Tumungkul njilak-njilakake rambute mamburi. Lan aku ngrumangsani jen atine Uki sing wis peteng kuwi **dak tambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut**. Dadine malah peteng ndhedhet. (Iesmaniasita, 1958: 11).

Pethikan pepindhan ing nginggil “dak tambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut” nandhingaken tembung “tetembungan” kaliyan tembung “kabut”, mawi tembung panandhingipun inggih menika “kaja”. Ing pepindhan menika ngandharaken bilih paraga ingkang asmanipun Sita, ngajak cariyos kaliyan paraga Uki. Sita ingkang sakderengipun nakenaken kahananipun mas Anwar, priya ingkang rumiyin dados gandhaning manahipun Uki, rumaos bilih manahipun Uki sampun boten kersa ngeget-ngeget malih mas Anwar menika. Manahipun Uki sampun peteng, amargi priya ingkang rimiyen dipungadhang-gadhang saged gesang sesandhingan, ananging sakmenika malah bibar. Sita menika ngendikakaken tetembungan ingkang boten cetha. Ingkang dening panganggit dipungambaraken mawi *frasa* “kaja kabut”. Pramila pepindhan menika paring andharan gadhah gegayutan ing bab swantenipun. Tuladha sanesipun kados pethikan ing ngandhap menika..

(55) Mudhun sethithik. Bandjur munggah maneh saka sanada. Terus bae. Lan pungkasan, ing pungkasan runtuh. **Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut**, tijuping angin ing wajah surup. (Iesmaniasita, 1958: 138).

Saking pethikan wonten nginggil saged dipunpanggihi pepindhan wonten ukara “Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut”. Saking pepindhan kasebat ingkang dipunthandhingaken inggih menika *frasa* “kumlejang runtuh”, dene ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “gogroging kembang”. Lajeng ingkang dados tembung panandhingipun ingiih menika tembung “kaja”. Pethikan novel menika, bilih dipuntingali ukara ingkang ngewrat pepindhan ngandharaken babagan gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Namung, wonten ing mriki kalebet gegambaranipun swanten, amargi pethikan kasebat namung nedahaken kemawon ukara sakderengipun. Pethikan menika mboten madeg piyambak.

Bilih pethikan menika dipunbedhah, saged dipunandharaken *frasa* “kumlejang runtuh” menika nedahaken ukara sakderengipun. Inggih menika ukara ingkang ngandharaken saking swantenipun nadha. Ingkang dening panganggit dipunserat mawi ukara “sawidjining seni Seriosa sing melodhine njengkok lagu Djawa. Sing sedhela-dhela ndeder munggah. Ngelik. Dhuwur sangsaja dhuwur. Mudhun sethithik. Banjur munggah maneh saka sanadha”. Saking andharan ingkang mekaten, mila pethikan kasebat saged kalebetaken wonten gegambaranipun swanten. Lajeng, dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “gogroging kembang” ingkang tegesipun sekar ingkang gogrog saking witipun menika anggenipun dhawah ugi ngleyang. Meh sami kaliyan nadha saking *seni seriosa* ingkang nyengkok minggah mandhap.

Saking pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing nggingil saged dipunmangertosi bilih panganggit menika ngandharaken pepindhan ingkang

gegayutan ing swantenipun. Swanten saking paraga-paraga ugi sedaya babagan ingkang magepokan bab swanten saking novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* menika.

Mekaten kalawau menggahing pirembagan wujudipun pepindhan ingkang dipunandharaken kanthi ningali gegayutan ing antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun. Saking pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun gadhah gegayutan ing pitung bab inggih menika bab wujud, warni, wujud saha warni, solah, raos, sipat saha swantenipun. Gegayutan menika saged kapanggihaken adhedhasar dhata ingkang kamot ing salebetting novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*. Temtu kemawon gegayutan ing pepindhan basa Jawi boten namung kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, saged ugi wonten bab sanesipun gumantung dhata ingkang kapanggihaken.

2. Makna pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita

Adhedhasar wosing perkawis, ing panaliten menika boten namung ngandharaken wujudipun pepindhan wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita, nanging ugi ngrembag makna pepindhan ingkang dipunginakaken dening panganggit. Pirembagan ingkang magepokan kalihan makna badhe kaandharaken tumrap ing sedaya dhata ingkang kapanggihaken. Bab menika amargi makna *bahasa kias* sampun mujudaken

makna ingkang gayut kalihan konteks. Tegesipun, saumpami ing dhata wonten andharan ingkang sami ungelipun, nanging beda kontekspun, temtu kemawon ugi gadhah makna ingkang beda. Mekaten kalawau ingkang dados dhasar makna karembag tumrap ing sedaya dhata. Sanajan dhata ingkang magepokan kalihan makna karembag sedaya, nanging ing pungkasan samangke ugi badhe dipunpendhet dudutan ingkang sipatipun umum. Ing subbab menika badhe dipunandharaken ngengingi makna pepindhan ing salebetung novel *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Pirembagan ngengingi makna badhe kaperang miturut gegayutan ing pepindhan. Menggahing pirembagan babagan maknanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a. **Gegambaranipun swanten**

Makna pepindhan ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika ngengingi makna pepindhan ingkang paring gambaran tumrap swantenipun. Pirembagan tumrap makna menika dipunlampahi sasampunipun panaliti manggihaken gegayutanipun. Makna ingkang badhe kaandharaken, inggih menika makna ingkang sampun kagayutaken kalihan *konteks-ipun*. Andharan ngengingi makna pepindhan saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(1) Uki ora maangsuli. Tumungkul njilak-njilakake rambute mamburi. Lan aku ngrumangsani jen atine Uki sing wis peteng kuwi **dak tambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut**. Dadine malah peteng ndhedhet. (Iesmaniasita, 1958: 11).

Pethikan pepindhan ing nginggil “dak tambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut” nandhingaken tembung “tetembungan” kaliyan tembung “kabut”,

mawi tembung panandhingipun inggih menika “kaja”. Ing pepindhan menika ngandharaken bilih paraga ingkang asmanipun Sita, ngajak cariyos kaliyan paraga Uki. Sita ingkang sakderengipun nakenaken kahananipun mas Anwar, priya ingkang rumiyin dados gandhaning manahipun Uki, rumaos bilih manahipun Uki sampun boten kersa ngeget-ngeget malih mas Anwar menika. Manahipun Uki sampun peteng, amargi priya ingkang rimiyen dipungadhang-gadhang saged gesang sesandhingan, ananging sakmenika malah bibar. Sita menika ngendikakaken tetembungan ingkang boten cetha. Ingkang dening panganggit dipungambaraken mawi *frasa* “kaja kabut”. Pramila pepindhan menika paring gambaran babagan swantenipun. Tuladha sanesipun kados pethikan ing ngandhap menika..

(18) Kelem nganti ing dhasare. **Tangise Wisnujati tjumengkling banter, kaja-kaja ngundhang dheweke supaja bali.** Wisnujati, o Wisnujati getihe dhewe. Botjah sing dadi memaniking atine sawetara sasi kapungkur (Iesmaniasita, 1958: 51).

Pepindhan dhata ing nginggil saged dipuntingali ing pethikan “Tangise Wisnujati tjumengkling banter, kaja-kaja ngundhang dheweke supaja bali”. Saking pethikan kasebat katingal bilih bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “tangise Wisnujati tjumengkling banter”, dene bab ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “ngundhang dheweke supaja bali”, mawi tembung panandhing “kaja-kaja”. Pepindhan menika paring andharan bilih swanten tangisan saking paraga Wisnujati ingkang dipuntehaken mawi ukara “tangise Wisnujati tjumengkling banter”, lare bayi saking paraga Surjatinah ingkang tangisipun tjumengkling banter. Saged ngewrattaken dhateng Surjatinah,

bilih tumindhakipun dhateng garwanipun kaliyan larenipun ingkang sampun nilar tindak dhateng nagari Singapura sareng kaliyan priya sanes menika klenetu sanget. Swanten tangis saking Wisnujati menika saged damel manahing Surjatihan sadhar, mawi ukara “ngundhang dheweke supaja bali”. Satemah saking andharan ingkang mekaten, gegayutan antawisipun ingkang katandhing saha panandhingipun kelebet ing bababagan gambaraning swantenipun. Tuladha sanesipun babagan pirembagan gegambaranipun swanten wonten ing ngandhap menika.

(45) Semono uga pikiran kang kaisekake ing tetembungan mau. **Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng**, bandjur mentas bae kesiram udan. Utawa lumu-lumut ing karang sauruting pasisir sing teles kasempjok ombaking segara. (Iesmaniasita, 1958: 105).

Saking pethikan wonten nginggil “Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “seger”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara ‘idjoning gegodhongan ing wajah rendheng’. Pethikan wonten ing nginggil nggambaraken *karakter* saking paraga Adrijanto. Adrijanto, salah satunggaling priya ing dhesa pasisir ingkang beda kaliyan priya-priya sanes wonten dhesanipun ingkang seumuran. Dening panganggit, paraga Adrijanto menika dipungamaraken priya ingkang gagah piadegipun. Nggadhagi swanten ingkang gagah. Nalika ngedalaken penggalih ingkang kaisikake mawi tetembungan kalau

wau, panganggit nyamekaken kados “idjoning gegodhogan ing wayah rendheng” ingkang ngewrat teges seger.

Mila pepindhan ingkang sampun kaandharaken wonten ing nginggil, saged kalebetaken wonten gegambaranipun swanten. Senadyan ingkang dipunserat dening panganggit menika umumipun nggamaraken kawontenan alam utawi donya. Nanging, bilih dipuntingali malih kanthi premati, pepindhan menika ngandharaken bab swanten saking paraga Adrijanto ingkang nggadhahi swanten bening, ageng, lan seger. Tuladha sanesipun ngengingi babagan ingkang magepokan gegambaranipun swanten wonten ngandhap menika.

(49) Mudhun sethithik. Bandjur munggah maneh saka sanada. Terus bae. Lan pungkasan, ing pungkasan runtuh. **Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut**, tijuping angin ing wajah surup. (Iesmaniasita, 1958: 138).

Saking pethikan wonten nginggil saged dipunpanggihi pepindhan wonten ukara “Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut”. Saking pepindhan kasebat ingkang dipunthandhingaken inggih menika *frasa* “kumlejang runtuh”, dene ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “gogroging kembang”. Lajeng ingkang dados tembung panandhingipun ingiih menika tembung “kaja”. Pethikan novel menika, bilih dipuntingali ukara ingkang ngewrat pepindhan ngandharaken babagan gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Namung, wonten ing mriki kalebet gegambaranipun swanten, amargi pethikan kasebat namung nedahaken kemawon ukara sakderengipun. Pethikan menika mboten madeg piyambak.

Bilih pethikan menika dipunbedhah, saged dipunandharaken *frasa* “kumlejang runtuh” menika nedahaken ukara sakderengipun. Inggih menika ukara ingkang ngandharaken saking swantenipun nadha. Ingkang dening panganggit dipunserat mawi ukara “sawidjining seni Seriosa sing melodhine njengkok lagu Djawa. Sing sedhela-dhela ndeder munggah. Ngelik. Dhuwur sangsaja dhuwur. Mudhun sethithik. Banjur munggah maneh saka sanadha”. Saking andharan ingkang mekaten, mila pethikan kasebat saged kalebetaken wonten gegambaranipun swanten. Lajeng, dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “gogroging kembang” ingkang tegesipun sekar ingkang gogrog saking witipun menika anggenipun dhawah ugi ngleyang. Meh sami kaliyan nadha saking *seni seriosa* ingkang nyengkok minggah mandhap.

Saking pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing nggingil saged dipunmangertosi bilih panganggit menika ngandharaken pepindhan ingkang gegayutan ing swantenipun. Swanten saking paraga-paraga ugi sedaya babagan ingkang magepokan bab swanten saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* menika.

b. Gegambaranipun kawontenan alam utawi donya

Boten namung setunggal makna kemawon ingkang saged dipunpanggihaken wonten saklebetipun *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* menik. Ugi wonten makna sanesipun ingkang saged dipunpanggihaken. Bilih dipuntingali saking isinipun *novel* menika ingkang cariyosipun babagan katusnan, temtu

kemawon kathah bab ingkang nggamaraken babagan ingkang boten tebih saking pirembagan kawontenan alam utawi donya.

Wonten ngandhap menika badhe dipunrembag makna ingkang wonten sambung rapetipun tumrap kawontenan alam utawi donya. Salajengipun, ing ngandhap menika badhe kaandharaken pirembagan ingkang magepokan kalihan maknanipun. Menggah ing pirembaganipun saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(2) Sit, delengen ta lintang kae. Abjor merga langite wis resik. Sit, apa ja bisa atiku bali kaja dek anu kae? **Abjor tjahja kaja langit iki.** (Iesmaniasita, 1958: 11).

Saking pethikan ing nginggil saged dipunpanggihi pepindhan saking ukara “Abjor tjahja kaja langit iki”. Saking pepindhan kasebat ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “abjor tjahja”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “langit iki”. Mawi tembung panadhanggipun inggih menika tembung “kaja”.

Pepindhan menika paring gambaran dhateng paraga Uki ingkang manahipun taksih gamang. Ngantos paraga Uki menika taken dhateng paraga Sita babagan piyambakipun (Uki) ingkang dereng saged nglalelaken paraga mas Anwar. Salah satunggaling priya ingkang nate ngisi lan ngebaki penggalih kaliyan manahipun Uki. Salajengipun, pepindhan menika ngginakaken *frasa* ‘abjor tjahja’ minangka ingkang katandhingaken saha *frasa* “langit iki” minangka panandhingipun. *Abjor tjahja* menika nggadhahi teges katingal sumorot terang cahyanipun (Baoesastra: 1). Abjor tjahja menika nggamaraken kekajenganipun manah saking paraga Uki.

Ingkang kepingin manahipun saged resik malih, boten namung ngeget-enget mas Anwar. Wonten ing *novel* dipunandharaken mawi ukara “Ah, kowe kok terus ngelingake aku menjang mas Anwar”. Menika pangandikanipun Uki dhateng paraga Sita. Salajengipun, *frasa* “abjor tjahja” menika dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “langit iki”, ingkang ngrujuk kawontenannipun alam utawi donya. Amargi wekdal menika kawontenanipun langit ingkang terang, kathah lintang ingkang sumunar terang. Tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(10) Diah, bareng aku krungu kumepraking sepatune kang tataban karo watu-watu ing ndalan mau, aku bandjur ndjenggelek lungguh. **Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk** (Iesmaniasita, 1958: 34)

Saking pethikan ukara ing nginggil “Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk”, saged dipuntingali bilih ukara menika kalebet pepindhan. Katitik saking tembung “regemeng” ingkang katandhingaken, kaliyan tembung “punctuk” ingkang dados panandhingipun. Pepindhan menika ngangge tembung “kaja” minangka tembung panandhingipun.

Pepindhan ing nginggil paring gambaran “regemeng” bilih dipuntingali saking tegesipun inggih menika barang ingkang katingal ageng ngrenggunuk papan ingkang tebih (Baoesastra: 526). Saking andharan kasebat saged dipundudut bilih pepindhan menika paring andharan bilih tembung “regemeng” nedahaken paraga mas Tok ingkang sampun dipunkinten Ju Andah saha Diah sampun seda. Mas Tok ingkang katingal sumamar saking tebih, wonten

nginggilipun tanggul kados “punthuk”. Satemah saking wujudipun paraga mas Tok ingkang katingal saking katebihan ingkang sumamar menika kados “punthuk” utawi siti ingkang katingal inggil, utawi gumuk ingkang katingal munthuk-munthuk (Baoesastra: 502). Saking andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih makna saking ukara pepindhan kasebat ngandharaken kawontenan alam utawi donya ingkang sampun wiwit dalu. Ngantos paraga mas Tok menika katingal sumamar saking sakwalikipun kabut sonten menika kados punthuk ingkang munthuk-munthuk. Tuladha sanesipun wonten ing ngandhap menika.

(11) Gek olehe seneng gujon, sok-sok sedhela pantjen bisa nggambirakake atine. **Alam kaja kalimput ing pedhut.** Lintang-lintang kang bakal nggrenggani langit sidji loro wiwit kumelip. (Iesmaniasita, 1958: 39).

Saking pethikan ing nginggil “Alam kaja kalimput ing pedhut” saged dipuntingali bilih ukara menika kalebet pepindhan. Katitik saking tembung “alam” ingkang kathandingaken kaliyan *frasa* “kalimput ing pedhut” minangka panandhingipun. Lajeng ngginakaken tembung “kaja” minangka tembung panandhingipun.

Saking pepindhan kasebat ngandharaken *setting* wekdal wiwit sonten badhe ngancik dalu. Sakderengipun nyariosaken kalih paraga ingkang asmanipun Frits kaliyan Mirjani. Paraga Frits menika salah satunggaling awak kapal ingkang taksih labuh wonten padaratan. Salajengipun pinanggih Mirjani minangka gandhaning manahipun paraga Frits. Kalih paraga menika pinanggih wonten pasisir. *Setting* pethikan menika saged dipunsebat wanci sonten ingkang ngancik

dalu amargi saking tembung alam ingkang dipunsamekaken kaliyan kalimput pedhut. Saking andharan kasebat ingkang nedahaken “alam kaja kalimput pedhut” ngandharaken bilih donya wekdal kasebat sampun wanci surup. Katitik saking *frasa* “kalimput pedhut” menika ingkang nggadhahi teges kalimput uwabing toya ingkang katingal kandhel kados mega (Baoesastra: 482). Amargi pedhut menika mandhap bilih wekdal sampun wanci sonten ngancik wekdal dalu.

Saking andharan wonten nginggil, saged dipundudut bilih pepindhan menika ngandharaken kawontenan alam utawi donya. Temtunipun adhedhasar katrangan ingkang ngandharaken alam sampun wiwit mandhap kabutipun. Nedahaken bilih wekdal sampun wiwit dalu. Tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

- (12) Dene kumrasaking blarak kumlawe saurutig pasisir sing **katon sangsaja lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama** sing bandjur nguwasani atine Mirjani. Bandjur sadjroning mlaku-mlaku urut pasisir mau, sing ana mung sawidjining lagu sing njenjekake nganggo swara alus. (Iesmaniasita, 1958: 39).

Pethikan ing nginggil “**katon lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama**” kalebet wonten pepindhan amargi wonten tembung panandhing ingkang cetha, inggih menika tembung “**kaja**”. Salajengipun ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “**katon sangsaja lamat-lamat**”, dene ingkang dados panadchingipun inggih menika *frasa* “**sawenehing wirama**”. Saking pepindhan menika *frasa* “**katon sangsaja lamat-lamat**” ingkang nggamaraken kumrasaking blarak ingkang kumlawe katiup angin sonten sauruting pasisir dipunsamekaken kaliyan *frasa*

“sawenehing wirama”. *Frasa* “sawenehing wirama” menika nggrujuk tembang ingkang dipunnyanyikaken dening paraga Frits. Taksih sami *setting* cariyosipun wonten sapinggairing pasisir. Dene, Frits kaliyan Mirjani minangka paraga ingkang dados cariyos. Mila pepindhan menika nggamaraken swasanapun alam utawi donya wonten pinggiring pasisir. Tuladha pirembagan ngengengi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

- (17) Gawang-gawang ing angen-angene sakehing kedadejan kang wus kapungkur. **Sing wis ilang kaja ilanging dina dhek mau bebarengan karo angsluping Hjang Surja.** (Iesmaniasita, 1958: 47).

Saking pethikan ing nginggil “Sing wis ilang kaja ilanging dina dhek mau bebarengan karo angsluping Hjang Surja”, saged dipunpanggihi pepindhan. Katitik saking panganggening tembung panandhing “kaja” wonten saklebetipun ukara kasebat. Dene ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “sing wis ilang”, lajeng dipuntandhingaken kaliyan *klausa* “ilangeng dina dhek mau”. *Frasa* “sing wis ilang” menika nggrujuk saking kadadosan ingkang sampun kapungkur. Kathahing kadadosan ingkang sampun dipunlampahi dening paraga Surjatinah nalika nglampahi gesang wonten donya menika. Lajeng bilih *klausa* “ilanging dina dhek mau” menika, amargi nedahaken bilih dinten menika sampun wancinipun surup, dalu badhe kawiwitinan. *Frasa* “sing wis ilang” menika dipungamaraken mawi kawontenan angslupipun dinten menika, kados surya ingkang wiwit angslup wonten sisih kilen donya, gumantos wanci dalu. Saking andharan kasebat, mila pepindhan menika kalebet nggamaraken kawontenan

alam utawi donya. Tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

- (24) Wajah wis njedhaki peteng. Papringan sing ngrembuleng ing tepising punthuk sisih kidul, katon anteng. **Sawah kaja umpak-umpakan**, idjoning tandur mung lamat-lamat bae (Iesmaniasita, 1958: 59).

Pethikan ing nginggil “Sawah kaja umpak-umpakan” menika kalebet pepindhan amargi ngginakaken tembung panandhing “kaja” mawi cara ingkang kaserat. Lajeng, ugi nggadhahi bab ingkang dipuntandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun. Bab ingkang dipuntandhingaken menika tembung “sawah”. Salajengipun, bab ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “oempak-oempakan”. Pethikan ing nginggil ngandharaken bilih paraga Karlina, salah satunggaling dokter wonten griya sakit. Dokter Karlina menika dipunsuwuni tulung dening simbah-simbah estri ingkang sampun sepuh. Simbah menika nyuwun tulung supados dokter Karlina purun mriksa tiyang ingkang taksih gerah wonten dalemipun simbah kala wau. Anggenipun tinuju wonten dalemipun simbah-simbah menika, dokter Karlina kaliyan simbah menika tumut padhesan.

Wonten mriku nalikanipun dokter Karlina kaliyan simbah wau tumut margi arah dalemipun simbah menika, nglewati papringan ingkang ngrembuleng ing tepisipun punthuk. Salajengipun panganggit ngginakaken tembung “oempak-oempakkan” kangge nggamaraken sabin ingkang dipunserat dening panganggit. “Oempak-oempakkan” piyambak nggadhahi teges corakipun bathikan ingkang

dados dhasaring ukiran (Baoesastra: 440). Mila, saking pethikan “Sawah kaja umpak-umpakan” menika, sabin ingkang dipunlewati Karlina nalikanipun tumut margi wonten padhesan nggadhahi sesawangan ingkang endah sanget. Sabin ingkang temata ngantos kados bathik dhasaring ukiran. Satemah saking pepindhan kasebat saged dipunlebetaken wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Salajengipun tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(28) **Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan.** Ah, tapi....Pandjenengan kok nganti kaja ngene ta mas? Karlina karo singseg-mingseg. (Iesmaniasita, 1958: 63).

Saking pethikan ing nginggil “Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan” menika saged dipunsebat pepindhan amargi panganggening tembung panandhing “kaja” ingkang mawi cara kaserat langsung. Lajeng, ingkang dipunthandhingaken inggih menika *klausa* “godhonge tambah idjo rojo-rojo”, dipunthandhingaken tumrap *klausa* “kembang mlathi sing isih urip tenan”. Pethikan kasebat ngandharaken bilih paraga Adrijanto, pasien saking dokter Karlina ingkang rumiyin nate ngisi manahipun dokter Karlina menika taksih nyimpen lukisan saking dokter Karlina. Lukisan menika asli padamelanipun dokter Karlina rumiyin, nalikanipun badhe nilaraken Adrijanto kange Sekolah Kedokteran wonten kutha Jakarta. Paraga Adrijanto ingkang rumiyin aslinipun boten kersa dipuntilar dening dokter Karlina menika taksih

setya njagi lan ngrawat lukisan saking wanita ingkang dados gandanipun manah saking Adrijanto.

Saking pethikan ingkang sampun kasebat wonten ing nginggil menika, nggamaraken lukisan alam ingkang wonten sekaripun. Mila paraga Adrijanto ngendikan bilih “godhong tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi kang isih urip tenan”. Godhong ingkang sejatosipun werninipun ijem, nanging panganggit nggamaraken godhong menika tumrap sekar mlathi ingkang nggadhahi warni pethak. Saking pepindhan menika panganggit nyobi nggamaraken werninipun godhong wonten saklebetipun lukisan wau werninipun sansaya memplak. Amargi dipunjagi saha dipunrawat saestu-estu. Saking andharan kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih pepindhan saking *indikator* menika, ingkang nyariosaken gegambaraning lukisan kala wau, kalebet wonten makna gegambaranipun alam utawi donya.

(31) Kepingin banget nutugake pasinaone menjang Eropah Barat. Mung emane, **merga kahanan donja kaja lagi kalimput ing aseping mesiu**, nganti saiki durung kelakon. (Iesmaniasita, 1958: 81).

Saking pethikan ing nginggil “merga kahanan donja kaja lagi kalimput ing aseping *mesiu*” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “kahanan donya”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “kalimput ing aseping *mesiu*”. Pethikan kasebat kawiwitan saking pinanggihipun malih paraga dokter Karlina kaliyan pasienipun ignkang asma

Adrijanto. Lantaranipun jaman rumiyin kalih paraga menika ngiket tali katresnan, lajeng pacelathonipun inggih boten tebih-tebih saking kadadosan ingkang sampun kapungkur kala rumiyin.

Rembang, Juni 1940. Wekdal menika ingkang dados *setting pacelathon pangangen-angening cariyos* kala rumiyin kalih paraga menika. Nalikanipun paraga Adrijanto ingkang boten sios Sekolah Kedokteran dhateng tlatah Eropa. Anananging kawontenan ingkang boten mesti, ingkang damel Adrijanto boten sios sekolah dhateng Eropa. Panganggit wonten ing mriki ngginakaken pepindhan kangge ngandharaken menapa sebabipun Adrijanto boten sios sekolah dhateng Eropa. Panganggit ngginakaken *frasa* “kahanan donya” minangka bab ingkang katandhingaken. Amargi panci maksutipun akig panganggit menika badhe ngandharaken kawontenan donya wekdal tahun 1940 menika. Lajeng dipunthandhingaken kaliyan *klausa* “kalimput ing aseping *mesiu*”. Saking *klausa* ‘kalimput ing aseping *mesiu*’ menika panganggit nedahaken bilih kawontenan donya ingkang taksih kathah bebayan amargi wekdal menika wanci-wancinipun *Perang Dunia* kaping kalih. Satemah dipuntedahaken ngginakaken *klausa* “kalimput ing aseping *mesiu*”. *Mesiu* piyambak inggih menika salah satunggaling gaman modern tiyang-tiyang Eropa mrika kangge perang lawan mungsuhipun. Saking andharan kasebat, saged dipuntingali, bilih panganggit nggamaraken kawontenanipun alam utawi donya mawi pepindhan menika. Salajengipun tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(35) Karlina nggeget lambene. Kelingan, sakala kelingan sore-sore edi kala srengenge arep ambles ing segara Djawa. **Rerampake mega sing maneka-warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike.** (Iesmaniasita, 1958: 89).

Saking pethikan wonten nginggil “Rerampake mega sing maneka-warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “rerampake mega sing maneka warna”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “bathik kembanging pelangi apike”. Bilih pepindhan menika dipunbedhah, pethikan menika kawiwitan saking pangandikan antawis paraga Karlina kaliyan ibunipun Karlina. Pangandikan nalikanipun wanci sonten wonten dalemipun Karlina kaliyan ibukipun ingkang panci caket kaliyan seganten Jawi. Setting saking cariyos menika wonten tlatah Rembang.

Supados saged nggamaraken kawontenanipun rikala semanten wanci sonten, panganggit ngginakaken pepindhan mawi ukara “Rerampake mega sing maneka-warna. Kaja bathik kembanging” pelangi apike. Saking ukara kasebat, panganggit nggamaraken kawontenan langit mawi ukara “rerampake mega sing maneka warna”. Ukara kasebat nggamaraken surup wonten pesisir, ingkang nggadhi warni kuning emas. Satemah saged damel langit saha mega dados maneka warna. Salajengipun, kawontenan ingkang mekaten dipunsamekaken kaliyan ukara “bathik kembanging pelangi apike”, amargi corak saking bathik piyambak menika ingkang maneka warni. Satemah, corak saking bathik ingkang kados pelangi warninipun menika, dening panganggit dipunginakaken anggenipun

nggambaraken langit wekdal sotent menika. Mila pethikan ing nginggil saged dipunsebat pepindhan ingkang kalebet wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Salajengipun tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(40) Pating slirine kupu-kupu apik, suwarane tawon sing kumrumpung sakubenging kekembangan mekar. **Kabeh andjegreg. Kaja sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat.** Mung pedhut dikanti angin. Rintik-rintik alus ireng lan klawu. Ora ana tjahja. Ora ana idjo. Ora ana putih. Ora ana biru, lan kabeh bae sing wingi ngatonake kabeningan. (Iesmaniasita, 1958: 95).

Saking pethikan wonten nginggil “Kabeh andjegreg. Kaja sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “kabeh andjegreg”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat”. Saking pethikan kasebat, ugi taksih nyariosaken kawontenanipun alam utawi donya. Amargi, cariyos menika piyambak nggadhahi *setting* panggenan wonten tlatah Rembang ingkang pasisiran. Mila cariyos menika ugi boten uwal ingkang ngandharaken kawontenan alam utawi donya.

Frasa “kabeh andjegreg” menika nedahaken ukara sakderengipun ingkang nyariosaken babagan sekar ingkang saweg mekar. Dening panganggit, sekar ingkang saweg mekar menika dipun serat mawi *frasa* “kabeh andjegreg”. Ingkang gadhah teges sekaripun madeg kanthi gagah, boten layu. Lajeng dipunsamekaken

kaliyan ukara “sunggingane tukang adu djago sing ora nduwe bakat”. Tembung “ndjegreg” menika sami kaliyan ayam nalika taskih diadu dening ingkang gadhah. Saking andharan kasebat, mila pepindhan kasebat saged kalebetaken wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Tuladha salajengipun wonten ngandhap menika.

(42) Alun sing gulung-gemulung sangisoring mendhung. **Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng.** Genti-genten. Bandjur tjrita aneh-aneh saka tengahing segara. (Iesmaniasita, 1958: 99).

Saking pethikan wonten nginggil ‘‘Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng’’ menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung ‘‘kaja’’. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* ‘‘ngobat-abitake prau’’, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* ‘‘dolanan untjal-untjalan’’. Saking pethikan kasebat, ugi taksih nyariosaken kawontenanipun alam utawi donya. Amargi, cariyos menika piyambak nggadhahi *setting* panggenan wonten tlatah Rembang ingkang pasisiran. Mila, cariyos menika ugi boten uwal tumrap babagan ingkang ngandharaken kawontenan alam utawi donya.

Pethikan kasebat kawiwitan saking pachelatonipun antawis paraga Adrianto kaliyan ibukipun. Paraga Adrianto menika nggadhahi kekajengan badhe layar wonten samudra. Amargi sampun dipuntilar dening Karlina ingkang nglajengaken Sekolah Kedokteran wonten Jakarta. Ananging, ibu saking Adrianto boten

kepingin bilih Adrijanto menika badhe tindak layar dhateng seganten, amargi kahanan wonten seganten piyambak ingkang boten mesthi. Ugi wonten cariyos-cariyos saking masyarakat pasisiran ingkang nggandhut bab *mistik*. Lajeng dening panganggit dipungambaraken mawi ukara pepindhan “Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng”. Kawontenan wonten seganten ingkang mekaten, saged damel prau ngantos mobat-mabit kampul-kampul wonten satengahipun seganten. Ngantos prau menika katingal kados dipununcal-uncalaken. Mila, pethikan ing nginggil saged dipunsebat pepindhan ingkang kalebet wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Salajengipun, tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(43) Pandjenengan menika sinten? Karone bandjur padha meneng. Mung pandeng-pandengan. **Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh kang ana pelataran kono.** (Iesmaniasita, 1958: 102).

Saking pethikan wonten nginggil “Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh kang ana pelataran kono” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “angin sore liwat”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “*ngelus kabeh kang ana pelataran kono*”. Pethikan pepindhan kasebat sampun beda malih kaliyan *indikator* pepindhan

ingkang sakderengipun. Amargi wonten pethikan menika *setting* wekdalipun sampun beda.

Pethikan pepindhan kasebat kawiwitan saking kadadosan jaman rumiyin. Rikala ibu Sus, minangka ibukipun paraga Adrijanto ngandhut bayi riyen. Bayi ingkang dipunandhut dening ibu Sus, inggih menika Adrijanto. Ananging, amargi bapak ingkang damel ibu Sus ngandhut bayi menika namung nilar ibu Sus kemawon, lajeng ibu Sus menika pindah dhateng tlatah Rembang. Bapak saking Adrijanto menika nggadhahi *paham komunis*, satemah dipunkejar-kejar dening Pemerintah Walanda. Mila, priya kalau wau boten saged nepati janjinipun dhateng ibu Sus. Sampun gangsal taun kapungkur, ujug-ujug bapak saking Adrijanto menika dhateng maleh wonten ngajeng griyanipun ibu Sus. Kala semanten, paraga Adrijanto sampun tigang taun yuswanipun.

Ananging, amargi ibu Sus menika sampun ngraos dipuntatoni dening priya menika, ibu Sus etok-etok boten tepang kaliyan priya menika. Salajengipun, ngengengi kawontenan ingkang mekaten, dening panganggit dipuntambahi ngangge ukara pepindhan “Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh kang ana pelataran kono”, ingkang nggamaraken kawontenan alam utawi donya. Ngengengi pitepangan saking paraga ibu Sus, kaliyan priya ingkang rumiyin damel piyambakipun ngandhut Adrijanto. Pepindhan menika paring tambahan *efek supados swasananiipun rumaos nrenyuhaken manah ingkang maos*. Mila pethikan ing nginggil saged dipunsebat pepindhan ingkang kalebet wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Salajengipun tuladha pirembagan

ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(50) Aku ndhredheg. **Ing dalan kang wonge pating sliwer kaja dhawet ngene**, mas Nu teka ngendika kaja ngono. Sriwing-sriwing jen krungu wong liwat, mendah isinku. Mula aku enggal, maaf mas. Aku arep nerusake laku. (Iesmaniasita, 1958: 139).

Saking pethikan wonten nginggil “Ing dalan kang wonge pating sliwer kaja dhawet ngene” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “wonge pating sliwer”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “dhawet ngene”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Wonten ing pirembagan menika panganggit cobi nedahaken kawontenan alam utawi donya nalikanipun paraga Iesmaniasita pinanggih malih kaliyan paraga Wisnikuntjara. Ingkang sampun mboten nate pinanggih malih dangu sanget.

Ananging, pitepangan menika swasananipun boten sekeca kangge paraga Iesmaniasita. Amargi kawontenan margi ingkang tiyangipun pating sliwer. Dening panganggit dipungambaraken kados dhawet. Dhawet piyambak inggih menika salah satunggaling jenis unjukkan ingkang isinipun campuran juruh, santen , kaliyan tape (Baoesastra: 103). Mila, pethikan kasebat saged kalebet wonten gegambaranipun kawontenan alam utawi donya. Mekaten andharan ingkang sedaya megepokan kaliyan bab gegambaranipun kawontenan alam utawi

donya. menggah salajengipun badhe dipunrembag bab gegambaranaipun kawontenan nasib saking paraga.

c. Gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga

Pirembagan babagan makna pepindhan saking *novel* Kidung Wengi Ing Gunung Gamping anggitanipun St. Iesmaniasita ingkang ngengengi bab kawontenan, boten namung kawontenan alam utawi donya kemawon. Ugi wonten bab ingkang ngrembag kawontenan nasib saking paraga wonten *novel* kasebat. Menapa kemawon tuladha ingkang ngrembag bab ngengengi kawontenan nasib saking paraga wonten *novel* Kidung Wengi Ing Gunung Gamping menika. Badhe kaandharaken wonten ngandhap, sedaya *indikator* ingkang nedahaken bilih *indikator* pepindhan menika saged kalebet wonten bab kawontenan nasib saking paraga.

(23) Rumangsane mung kahanane pasien-pasiene sing bakal dadi pusering kawigatene, lan menehi kasegeran ing atine. **Nanging kabeh mau kaja wis ginaris.** Wis pinesthi jen ing sawidjining wektu Karlina mesthi ngadhepi kahanan iki. (Iesmaniasita, 1958: 57).

Pethikan wonten ing nginggil “Nanging kabeh mau kaja wis ginaris” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “kabeh mau”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “wis ginaris”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados

panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga.

Saking pethikan wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih panganggit badhe nyariosaken kawontenanipun saking paraga Karlina, ingkang sekawan sasi kapungkur nembe kemawon nampi *titel* Dokter. Sakmenika sampun ngabdhi wonten dhesa alit, ingkang tebih saking kitha Rembang minangka tlatah lairipun Karlina. Saking pethikan menika, badhe miwiti cariyosipun paraga Karlina wonten tlatah ingkang sakniki dados padamelanipun. Ingkang estunipun paraga Karlina menika taksih eling sanget babagan kadadosan rumiyin nalikanipun taksih wonten Rembang.

Wonten pirembagan menika, panganggit badhe nyobi nyariosaken bilih Karlina menika bakal ngadhepi kawontenan ingkang sakmenika. Kawontenan ingkang nate dipunlampaahi kala rumiyin mawi *frasa* “kabeh mau”. Lajeng panganggit ngginakaken *frasa* “wis ginaris” kangge nggamaraken kawontenan saking Karlina ingkang sampun pinesthi bakal ngadhepi babagan ingkang mekaten. Mila, saking pethikan ing nginggil pepindhan menika kalebet wonten makna kawontenan nasib saking paraga. Amargi nyariosaken nasib saking paraganipun. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(56) **O, dakkira rawuhe ibune mau kaja tekane tjahja fadjar.** Nggawa pangarep-arep anjar sing apik. Kebak warna sing idjo njegeri ati. Djebulane, perlu paring kabar jen mas Nu wis seda ing sanatorium Pakem. (Iesmaniasita, 1958: 148).

Pethikan wonten ing nginggil “O, dakkira rawuhe ibune mau kaja tekane tjahja fadjar” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening

panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “*kaja*”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “*rawuhe ibune*”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “*tjahja fadjar*”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga.

Tembung *ibune* saking *frasa* “*rawuhe ibune*” menika nggadhahi panambang –*ne* ingkang nedahaken ibu saking paraga Wisnukuntjara nalikanipun rawuh wonten dalemipun Iesmaniasita. Rawuhipun ibu saking Wisnu menika, dening Iesmaniasita dipunkinten badhe paring warta sae. Ngantos dipungambaraken mawi *frasa* “*tjahja fadjar*”. Amargi bilih dipuntingali, cahya fajar menika tegesipun maringi kathah paedah dhateng sedaya ingkang wonten donya. Ananging, ingkang dipunajeng-ajengdening Iesmaniasita boten sami kaliyan kasunyatan. Ibu saking Wisnu rawuh wonten dalemipun Iesmaniasita saperlu badhe maringi warta bilih Wisnu menika sampu seda, seminggu sasampunipun pepanggihan kaliyan Iesmaniasita. Mila, bilih dipuntingali saking andharan ingkang sampun kasebat, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun nasib saking paraga. Tuladha sanesipun wonten ing ngandhap menika. Namung mekaten kala wau ingkang ngrembag magepokan gegambaranipun kawontenan nasib saking paraga.

d. Gegambaranipun pangraosing badan saha manah

Menggah saking pirembagan ngengengi bab ingkang magepokan kawontenan nasib saking paraga, wonten ing mriki badhe kaandharaken makna pepindhan ingkang ngewrat bab gegambaranipun pangraosing badan saha manah.

Novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping menika kalebet *novel roman*, amargi wonten saklebetipun kathah ngrembag bab asmara saha sedaya bab ingkang wonten gayutipun kaliyan asmara. Satemah wonten *novel* menika mesthi kemawon kathah ukara-ukara utawi bab ingkang wonten gayutipun kaliyan raosipun badan saha manah saking paraga ingkang kacariyoasken. Mila wonten pirembagan menika badhe dipunandharaken gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Kados tuladha wonten ngandhap menika.

(3) Dadi menjang Rukmono mung kaja sawenehing pelarian Uki?

Nalika iku mung Rukmono sing tjedhak lan pinter nglipur atiku. Ati sing sasat saben dina ditatoni dening prija sing dak tresnani wutuh-wutuh. (Iesmaniasita, 1958: 13).

Pethikan wonten ing nginggil “Dadi menjang Rukmono mung kaja sawenehing pelarian Uki?” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “menjang Rukmono”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “sawenehing pelarian”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. *Frasa* “menjang Rukmono” menika pitakenan ingkang dipunandharaken dening paraga Sita ingkang nakeni paraga Uki babagan Rukmono. Rukmono menika salah satunggaling paraga ingkang nate gadhah sesambutan katresnan dhateng paraga Uki. Lajeng pitakenanipun Sita menika kalajengaken mawi *frasa* “sawenehing pelarian”. Pitakenan menika amargi Sita menika nganggep bilih paraga Uki menika namung damel Rukmono namung sawenehing pelarian kemawon anggenipun njalin sih katresnan. Amargi Uki nate gagal anggenipun njalin sih katresnan kaliyan priya sanesipun, inggih menika mas Anwar.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(4) Rukmono sing **dak kira bisa dadi liruning mas Anwar, djebulane, o kaja tjumlereting thathit** sing aweh padhang sagebjaran, sabandjure djumledher swarane bledheg ngampar-ampar. (Iesmaniasita, 1958: 13).

Dereng menggah saking pachelathonipun antawis paraga Uki kaliyan Sita, pethikan wonten ing nginggil “dak kira bisa dadi liruning mas Anwar, djebulane, o kaja tjumlereting thathit” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung

panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “liruning mas Anwar”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “tjumlereting thathit”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan ingkang sampun kasebat wonten ing nginggil. *Frasa* “liruning mas Anwar” menika pangandikan saking paraga Uki ingkang nate gadhah sesambutan katresnan kaliyan mas Anwar kala rumiyin. Ananging, saking raos sih katresnan antawisipun Uki kaliyan mas Anwar menika kapungkasan, Uki damel paraga Rukmono menika dados gantosipun. Ananging pangajeng-ajeng ingkang kadhang boten sami kaliyan kasunyatan, paraga Rukmono menika malah namung damel sedhiih manahipun saking paraga Uki. Ingkang dipunandharaken mawi *frasa* “tjumlereting thathit”. *Frasa* “tjumlereting thathit” piyambak nggadhahi teges sumorotipun kilat kanthi banter (Baoesastra: 530,642,649). Satemah kawontenan ingkang mekaten namung damel sedhiih manahipun Uki kemawon.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(5) Embuh, embuh rasa apa kang ana dhadhaku kala semana Diah. **Mung isih terang rasane kekuwatanku kaja dilolosi.** Aku tanpa daja, sirah dak sendhekake ing pondhake major sing njetiri jeep (Iesmaniaasita, 1958: 24).

Sampun beda malih cariyosipun kaliyan pethikan sakderengipun. Pethikan wonten ing nginggil “Mung isih terang rasane kekuwatanku kaja dilolosi” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “kekuatanku”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “dilolosi”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. *Analisis* saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan ingkang sampun kasebat wonten ing nginggil. Tembung “kekuatanku” menika nedahaken kawontenan saking paraga ju Andah. Ingkang kala rumiyin mlayu saking dalemipun piyambak. Boten mirengaken menapa ingkang dados pangandikanipun bapak saha ibukipun ju Andah. Ju Andah menika mlayu kaliyan tiyang jaler mlebet wonten mobil *Jeep*. Ju Andha rumaos tanpa daja nalikanipun wonten ing lebet mobil sesarengan kaliyan priya ingkang gadhah pangkat *Perwira Mayor* ing *Kesatuan Militer*. Satemah raos ingkang tanpa daya menika dening panganggit lumantar paraga ju Andah dipungambaraken kados dipunlolosi. Tembung “dilolosi” menika kalebet tembung kaanan. Ingkang saged

dipunlolosi biasanipun awujud barang, nanging wonten mriki ingkang dipunlolosi menika kekuatan.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengenggi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(6) Lan nalika Jeep diendhegake ing tengah sawah, aku lan dheweke wis ora bisa maneh ngempet tangis. **Aku sakloron nangis kaja botjah tjilik** (Iesmaniasita, 1958: 25).

Pethikan wonten ing nginggil “Aku sakloron nangis kaja botjah tjilik” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “aku sakloron nangis”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “botjah tjilik”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Andharan saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. Ukara “aku sakloron nangis” ingkang dipunserat dening panganggit menika nedahaken kawontenanipun saking paraga ju Andah kaliyan

priya ingkang ngajak mlayu kala wau. Kalih paraga menika nangis nalikanipun *mobilipun* menika kandheg ing margi satengahipun sabin. Kalih paraga menika nangis amargi ngengengi menapa ingkang sampun dipunlampaahi menika estu-estu klenyu. Lajeng, dening panganggit, kawontenan saking kalih paraga ingkang nangis menika dipunsamekaken kaliyan botjah tjilik. Temtu kemawon ingkang kangge tetandhingan menika botjah tjilik. Amargi kados lare alit umumipun, bilih nangis ngantos mingseg-mingseg.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(13) Geneja kowe takon ngono? **Aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegy Frits.** Sing nglalekake kowe bijen ja botjah-kapal kaja aku ngene Ming? (Iesmaniasita, 1958: 42).

Pethikan wonten ing nginggil “Aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegy Frits” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “ndeleng banju segara”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “matja elegi”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten

gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Andharan saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. *Klausa* “ndeleng banju segara” menika nedahaken pangandikanipun Mirjani ingkang sakderengipun taken dhateng paraga Frits. Pitakenanipun inggih menika, menapa mboten langkung sekeca bilih nyambet damel wonten daratan kemawon? Pitakenan menika dipunandharaken dening Mirjani kangege Frits, amargi Frits menika padamelanipun layar wonten seganten. Nanging, Frits boten kersa nuruti kekajenganipun saking Mirjani kala wau. Amargi Frits sampun gadhah kapitadosan bilih padamelan menika sampun paring kathah rejeki kangege keluarganipun Frits. Menapa malih Frits menika saking keluarga ingkang padamelanipun layar.

Salajengipun, *klausa* “ndeleng banju segara” ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika dening panganggit dipunsamekaken kaliyan *frasa* “matja *elegi*”. *Elegi* piyambak nggadhahi teges *syair* utawi tembang ingkang ngandhut makna dhuka cita (KBBI: kbbi.web.id/elegi). Satemah, saged dipundudut saking andharan Mirjani ingkang ngendika aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegi Frits menika, bilih paraga Mirjani nggadhahi pangraos ingkang boten sekeca bilih paraga Frits taksih tetep layar minangka padamelanipun. Amargi bilih wonten seganten, sedaya kemawon boten temtu, kathah bebaya.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking

paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(14) **Anggone mlaku sempojongan. Kaja ora nduweni daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine.** Djarite latar ireng kang wis lungsed (Iesmaniasita, 1958: 46).

Pethikan menika sampun beda cariyos saha paraganipun kaliyan pethikan ingkang sakderengipun. Pethikan wonten ing nginggil “Anggone mlaku sempojongan. Kaja ora nduweni daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “anggone mlaku sempojongan”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “ora nduweni daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Andharan saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. *Klausa* “anggone mlaku sempojongan” menika ukara pambukanipun cariyos ingkang enggal. Bilih dipuntingali saking ukaranipun, tembung “anggone” menika gadhah panambang *-ne*. Panambang *-ne* saking

tembung “anggone” menika nedahaken cara ingkang dipuntindakaken dening paraga Surjatinah ingkang saweg mlampah kanthi sempoyongan. Katingal lemes kaliyan “ora nduwensi daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine” bilih dipuntingali saking panganggit anggenipun nggambarkeren kawontenan manah saking paraga Surjatinah ingkang saweg mlampah. Ukara menika wonten gegayudanipun babagan kekuatan saking Surjatinah.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(15) Djarite latar ireng kang wis lungsed. Semono uga klambine, wis kebag bledug. **Lan peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange** (Iesmaniasita, 1958: 46).

Pethikan wonten ing nginggil “Lan peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “peniti bros ana dhadhane miring”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun,

pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Andharan saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. *Klausa* “peniti bros ana dhadhane miring” menika dados ukara ingkang katandhingaken. Lajeng tembung “dhadhane” ingkang gadhah panambang *-ne* menika nedahaken dhadha saking paraga Surjatinah. Dening panganggit dipuntandhingaken kaliyan *klausa* “semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange”. Ukara panandhing menika nggamaraken kawontenanipun paraga Surjatinah ingkang ngangge peniti bros nanging katingal miring. Nedahaken bilih piyambakipun sampun sayah anggenipun mlampah ingkang boten temtu arah. Dipuntambahi raos manah ingkang dhuka, nambahi mlampah saking Surjatinah sansaya lemes.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

- (16) Sirahe saja tumungkul tanpa daja, krungu djenenge disebut pastur mau. Tangane anjep kabeh. Dene saka podjoking mripay **wiwit tumetes eluhe, kaja wetuning tlutuh plapah gedhang** kang mentas dipeges. (Iesmaniasita, 1958: 47).

Dereng menggah saking kawontenan saking paraga Surjatinah, pethikan wonten ing nginggil “wiwit tumetes eluhe, kaja wetuning tlutuh plapah gedhang” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “tumetes eluhe”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “wetuning tlutuh plapah gedhang”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Kenging menapa pethikan kasebat saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah? Badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator pepindhan* saking pethikan kasebat. Tembung “eluhe” saking *frasa* “tumetes eluhe” menika nggadhahi panambang *-ne*. Ingkang nedahaken eluh saking paraga Surjatinah. Eluh menika wiwit medal nalikanipun sangajengipun gereja wonten Pastur ingkang nimbalii asmanipun Surjatinah. Kawontenan ingkang mekaten damel manahipun Surjatinah sansaya sedhiih. Kawontenan ingkang mekaten, dening panganggit dipunsamekaken kaliyan wetuning tlutuh plapah gedhang. Saged dipunmangertosi, bilih plapah gedhang ingkang dipunpeges ngantos tugel, mesthi medal kanthi ndrodos tlutuhipun. Satemah, tlutuh ingkang medal saking plapah gedhang ingkang dipeges menika meh sami kaliyan kawontenan Surjatinah ingkang nangis mingseg-mingseg eluhipun ingkang tumetes.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(19) **Pitakone pastur iki ora bisa diwangsuli. Eluhe kaja mbandjir.** Saja ngrumangsani sakabehing kaluputan, dene wis ninggalake kewadjibane ibu (Iesmaniasita, 1958: 52).

Pethikan wonten ing nginggil “Pitakone pastur iki ora bisa diwangsuli. Eluhe kaja mbandjir” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “eluhe”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “mbandjir”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken saha bab ingkang dados panandhingipun, pethikan menika saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Andharan saking pethikan kasebat badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat. Sedaya menika kawiwitan saking pitakenanipun Pastur dhateng Surjatinah. Menapa piyambakipun estu-estu sampun sadhar utawi *tobat*. Amargi Gusti menika Maha welas asih dhateng *hambanipun*. Lajeng tembung “eluhe” ingkang gadhah panambang –e menika nedahaken eluh ingkang tumetes

saking paraga Surjatinah ngengengi sedaya kalepatanipun rikala rumiyin ingkang nilar putra saha garwanipun piyambak menyang Singapura ndherek priya sanesipun. Eluhe menika dipuntandhingaken kaliyan tembung “mbandjir”. Mbandjir menika ateges kados toya ingkang kathah sanget, kange nggamaraken eluh saking Surjatinah. Eluh ingkang medal saking socanipun Surjatinah ndhredhes kathah sanget.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(20) Jen kowe mung...**ah, aku rumangsa kaja tjatjing kang krugetan** ing djenthikan sikilmu. Lan eluhe dlaweran tanpa kendhat sadalan-sadalan. (Iesmaniasita, 1958: 53).

Pethikan wonten ing nginggil “ah, aku rumangsa kaja tjatjing kang krugetan” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “*kaja*”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “*aku*” lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “tjatjing kang krugetan”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “aku” menika nedahaken pangraosipun manah saking Surjatinah bilih sedaya ingkang sampun dipuntindakaken menika estu-estu krentu. Ibu ingkang sampun tegel nilar putranipun ingkang taksih alit rumiyin. Estri ingkang ugi sampun nilar garwanipun piyambak namung kangge nepsu donya kaliyan priya sanes kemawon. Lajeng “frasa tjatjing kang krugetan” menika nedahaken bilih piyambakipun namung kados cacing ingkang krugetan nalikanipun badhe kondur dhateng dalemipun garwanipun piyambak. Temtunipun bilih kewan tjatjing menika boten nggadhahi dhaya menapa-menapa. Surjatinah ngantos nyamekaken piyambakipun kaliyan cacing amargi saking agengipun dhosa ingkang sampun dipunlampahi.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(21) Bareng tekan ngareping omahe, njawang regeming omah kang surem, tutupan lawang, **dhadhane Surjatinah kaja didhodhog**. Sakala ilang kekuatane, bandjur ambruk sangarepe regol. Dheweke semaput. (Iesmaniasita, 1958: 53).

Pethikan wonten ing nginggil “dhadhane Surjatinah kaja didhodhog” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “*kaja*”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa*

“dhadhane Surjatinah” lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “didhodhog”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “dhadhane Surjatinah” menika nedahaken peranganing badan saking paraga Surjatinah. Salajengipun dipuntandhingaken kaliyan tembung “didhodhog”. Kawontenan ingkang kados mekaten nggamaraken pangraosipun manah saking Surjatinah. Nilikanipun sampun wonten sangajengipun dalem alit ingkang rumiyin piyambakipun nate gesang wonten mriku. Sedaya perangan wekdal ingkang kapungkur taksih cetha sanget wonten penggalihipun Surjatinah. Surjatinah boten dhodhog lawang saking griya menika, malah piyambakipun ingkang rumaos dipundhodhog dhadhanipun. Dipundhodhog menika kalibet tembung kriya. Biasanaipun ingkang dipundhodhog inggih menika lawang, namung wonten ing pethikan kasebat, ingkang dipundhodhog menika boten lawang, ananging dhadha saking Surjatinah.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

- (22) Angin isih panggah midid tumijup. Dene ambegane Surjatinah wis ora tata maneh. Pandelenge saja klepjur. **Dhadhane sesak, kaja arep petjah-petjaha.** Menggah-menggeh. (Iesmaniasita, 1958: 53).

Pethikan wonten ing nginggil “Dhadhane sesak, kaja arep petjah-petjaha” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “dhadhane sesak”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “arep petjah-petjaha”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator pepindhan* saking pethikan kasebat.

Tembung “dhadhane” menika nggadhahi panambang *-ne* ingkang ateges dhadha saking Surjatinah ingkang sesak. Kawontenan menika kalajengan saking kawontenan sakderengipun. Surjatinah rumaos dhadhanipun kados dipundhodhog. Salajengipun, dhadha saking Surjatinah nambah boten karuan raosipun. Dening panganggit, dhadha saking Surjatinah ingkang rumaos sesak menika dipungambaraken mawi *frasa* “arep petjah-petjaha”. Biasanaipun, ingkang saged petjah inggih barang-barang ingkang kadamel saking beling. Nanging, wonten pethikan kasebat dipunsamekaken kaliyan dhadha. Kawontenan ingkang mekaten amargi pangraosipun manah saking Surjatinah ingkang boten karuan. Amargi tumindakipun saking Surjatinah piyambak ingkang sampun nilar garwa saha putranipun dhateng nagari Singapura sesarengan priya sanes.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang

magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

- (25) Dene sing ditakoni mung meneng bae. Malah bandjur merem maneh sawetara suwene. Lambene sing tipis putjet digeget. **Lan garis-garis ing bathuk sandhing rambute sing mureh-mureh kaja nambah tjahjane.** (Iesmaniasita, 1958: 61).

Pethikan wonten ing nginggil “Lan garis-garis ing bathuk sandhing rambute sing mureh-mureh kaja nambah tjahjane” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “garis-garis ing bathuk”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “nambah tjahjane”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “garis-garis ing bathuk” menika nedahaken kawontenan saking paraga ibu-ibu ingkang dhateng griya sakit, lajeng pepanggihan kaliyan Dokter Karlina. “garis-garis ing bathuk” menika nedahaken bilih yuswa saking ibu menika sampun sepuh, ngantos praupanipun sampun wonten garis-garisipun. Lajeng dipuntandhingaken kaliyan *frasa* “nambah tjahjane”. *Frasa* “nambah tjahjane” menika nedahaken saking praupanipun ibu-ibu menika, kajawi sampun sepuh yuswanipun, nanging taksih nggadhahi praupan ingkang terang. Saking andharan menika, pethikan kasebat saged kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking

paraga. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(26) Kadhang pantjen kudu tak suwek-suwek lan dak obong ben ilang. Nanging ora dhik Lien, njatane njang endi-endi dakgawa bae lukisanmu kuwi. Dak tresnani. **Lan pandjagaku malah kaja tulusing atiku marang kowe.** (Ismaniaisita, 1958: 62).

Pethikan wonten ing nginggil “Lan pandjagaku malah kaja tulusing atiku marang kowe” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “pandjagaku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “tulusing atiku”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “pandjagaku” menika nedahaken pangandikan saking paraga Adrijanto, ingkang pepanggihan malih kaliyan Dokter Karlina. Dokter Karlina menika salah sawijining wanita ingkang rumiyin gadhah sesambutan kaliyan Adrijanto rikala taksih jaman nem. Nalika pepanggihan menika, Adrijanto nyariyosaken malih, bilih piyambakipun taksih njagi lukisan ingkang dipunparingi dening Karlina nalika rumiyen badhe sekolah Kedokteran. Kawontenan ingkang kados mekaten, dening panganggit dipunsamekaken kaliyan *frasa* “tulusing atiku”. Lukisan ingkang sampun dipunjagi dening Adrijanto menika saged

nggambaraken kawontenan manahipun Adrijanto ingkang saged njagi pangraosipun dhateng Karlina.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(27) Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan. Ah, tapi....Pandjenengan kok nganti kaja ngene ta mas? Karlina karo singseg-mingseg. (Iesmaniasita, 1958: 63).

Pepindhan ing nginggil “Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan “ nandhingaken *frasa* “idjo rojo-rojo” kaliyan *frasa* “kembang mlathi”, mawi tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Saking pepindhan wonten nginggil, ngandharaken paraga Gus Ri ingkang minangka dokter menika taksih nyimpen *lukisan* ingkang dipundamel dening paraga Karlina. Idjo rojo-rojo menika salah sawijining warni ingkang biasanipun kange nedahaken perangan-perangan ingkang wonten gayutipun kaliyan tetuwuhan. Dipuntandhingaken kaliyan *frasa* kembang mlathi. Panganggit ngginakaken panandhing kembang mlathi amargi sami kemawon nggadhahi warni kembang mlathi kasebat, kajawi warninipun ingkang beda. Kembang mlathi menika nggadhahi warni pethak. Ananging wonten pethikan kasebat ingkang dipunbandhingaken inggih menika namung unsur warni kemawon, mboten

jenising warni. Nedahaken bilih idjo rojo-rojo menika kados kembang mlathi, sami-sami memplak warninipun.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(29) Lha apa maneh sing durung bisa kogajuh? Isih ana? Karlina tumungkul. **Ngusap eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mriplate. Kaja runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pagunungan.** (Lesmaniasita, 1958: 65).

Pethikan wonten ing nginggil “Ngusap eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mriplate. Kaja runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pagunungan” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “ngusap eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mriplate”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pagunungan”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Ukara “ngusap eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mriplate” menika nedahaken pangraosipun saking manahipun dokter Karlina. Ingkang manggihi Adrijanto ingkang sakmenika dados *pasienipun* dokter Karlina.

Adrijanto piyambak menika, priya ingkang rumiyin nate sesambetan katresnan kaliyan dokter Karlina, ngantos Karlina nangis medal eluhipun kathah sanget. Dening panganggit, pangraosipun saking dokter Karlina ingkang sedhih menika dipunsamekaken kaliyan ukara “runtuwing udan ing mangsa rendheng ing tanah pagunungan”. Ukara menika dening panganggit saged nggamaraken pangraosipun dokter Karlina nalika nangis mingseg-mingseg. Meh sami kaliyan jawoh nalika wanci rendheng mesthi deres sanget. Kados medalipun eluh saking dokter Karlina nalikanipun sedhih.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(32) Lan satemene dheweke ora bisa njelaki kahanane atine jen pinudju sandhing karo Adrijanto iki. Pangrasa tentrem lan ajem. **Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah.** Kebak idjoning gegeodhongan sing seger siniram ing embun. (Iesmaniasita, 1958: 82).

Saking pethikan wonten nginggil “Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “pikiran sing bening”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* ‘lagi ana satengahing taman sing edi-

endah". Pethikan kasebat kawiwit saking pangraosipun paraga dokter Karlina, kala rumiyin nggadhahi raos remen kaliyan para Adrijanto ingkang sakmenika saweg gerah lajeng dokter Karlina ingkang ngrawat. Nalikanipun taksih jaman nem rumiyin, dokter Karlina nggadhahi pangajeng-ajeng saged gesang sesandhingan kaliyan paraga Adrijanto. Dokter Akrlina boten saged nyelaki bilih pangraosipun dhateng Adrijjanto menika pangraos remen dhateng piyambakipun.

Ananging, kawontenan ingkang damel dokter Karlina kaliyan Adrijanto kedah pedhot anggenipun pacangan. Amargi Karlina kedah ngudi kawruh bab Ilmu Kedokteran menyang Jakarta. Salajengipun dening pangaanggit, pangraosipun dokter Karlina ingkang mekaten dipunserat mawi basa tetandhingan. Pangraos saking Karlina bilih saged sesandhingan kaliyan Adrijanto ingkang tentrem lan ayen menika dipunserat mawi *frasa* "pikiran sing bening", lajeng pangraos ingkang mekaten dipunsamekaken kaliyan kakawontenan "lagi ana satengahing taman sing edi-endah". Mboten tanpa sebab, bilih panganggit nandhingaken pangraos saking Karlina dhateng dhateng Adrijanto ingkang ngandharaken penggalih ingkang bening dipunsamekaken tumrap kawontenan kados wonten satengahing taman ingkan edi-endah. Sinten kemawon menawi taksih wonten taman ingkangkados mekaten, inggih sami kemawon kados menapa ingkang dipunraosaken Karlina menika. Mila, pethikan ing nginggil saged dipunsebat pepindhan ingkang kalebet wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Salajengipun, tuladha pirembagan ngengingi makna pepindhan ingkang gadhah gegayutan ing bab kawontenan alam utawi donya ugi saged dipuntingali kados ing ngandhap menika.

(33) Djalaran ja kaja sing wis dakaturake mau. **Aku ora bisa njingkiri dheweke. Kaja bubukan wesi aku iki.** Dene mas Ri kaja magnit sing isih urip. (Iesmaniasita, 1958: 83).

Pethikan wonten ing nginggil “Aku ora bisa njingkiri dheweke. Kaja bubukan wesi aku iki” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “*kaja*”. Dene, bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “aku ora bisa njingkiri dheweke”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “bubukan wesi aku iki”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Ukara “aku ora bisa njingkiri dheweke” menika nedahaken dhateng paraga Adrijanto. Ukara menika pangandikan saking paraga Karlina nalika cariyos wonten ibukipun babagan sesambetanipun kaliyan Adrijanto. Bilih Karlina boten saged anggenipun nilar utawi tebih saking paraga Adrijanto minangka gandaning manahipun. Ukara ingkang mekaten, dening panganggit dipuntandhingaken kaliyan ukara “bubukan wesi aku iki”. Amargi, miturut Karlina, bilih Adrijanto menika kados magnit, piyambakipun kados bubukan wesi. Temtu kemawon ingkang kados mekaten damel Karlina boten saged pedhot kaliyan Adrijanto.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan

kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(34) Eh, mas Ri..mas Ri rak duwe bapak ja bu? lan petjelathon mau kandheg semene. Pirang-pirang soal thukul saka sidji. **Tambah ngisi pikiran lan ati. Kaja thukulan Pete ing ngisor pager** jen udan wiwit njiram bumi. (Iesmaniasita, 1958: 86).

Pethikan wonten ing nginggil “Tambah ngisi pikiran lan ati. Kaja thukulan Pete ing ngisor pager” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “tambah ngisi pikiran lan ati”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara ‘thukulan Pete ing ngisor pager jen udan wiwit njiram bumi’. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Klausa “tambah ngisi pikiran lan ati” menika kawiwitan saking penggalihin Karlina babagan Adrijanto. Ngantos Karlina nyuwun pirsa dhateng ibukipun. Babagan ingkang wigati sanget miturut Karlina. Penggalihipun menika babagan Adrijanto ingkang boten gadhah bapak. Satemah, Karlina dados radi boten sreg kaliyan Adrijanto. Penggalih saking Karlina ingkang kados mekaten, dening panganggit dipusamikaken kaliyan ukara “thukulan Pete ing ngisor pager jen udan wiwit njiram bumi”. Tegesipun, penggalih saking Karlina kathah sanget babagan Adrijanto. Kados Pete ingkang tuwuhan wanci jawoh nyiram bumi.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking

paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(36) Nanging panggah ora bisa diselaki owahing kahanan ing atine saben pethuk Adrijanto. **Lan tumanggape sing kaja didhesek ing sawenehing rasa sing aneh.** Sing sutji mulus saka dhasaring atine. Rasa sing lagi sepisan kuwi ana ing atine (Iesmaniasita, 1958: 91).

Pethikan wonten ing nginggil “Lan tumanggape sing kaja didhesek ing sawenehing rasa sing aneh” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “*kaja*”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “lan tumanggape”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “didhesek ing sawenehing rasa sing aneh”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “lan tumanggape” ingkang gadhah panambang –e menika nedahaken saking tanggepanipun saking pangraosipun manah Karlina nalikanipun pinanggih kaliyan Adrijanto. Menika wangsulan saking pitakenani ibukipun Karlina ingkang ngendika “apa Adri wis tau prasetya njang kowe Ina?”. Lajeng tumanggap ingkang kados mekaten saking manah Karlina nalika pinanggih Adrijanto, dening panganggit dipuntambahi mawi *klausa* “didhesek ing sawenehing rasa sing aneh”, amargi nalika pinanggih Adrijanto, manah saking Karlina ingkang boten cetha.

Nanging, ugi nggadhahi pangraos ingkang suci mulus saking manahipun dhateng Adrijanto.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(39) **Saka sethithik kesregepane mau ilang. Kaja- kaja ana angin lirih sumilir.** Adheme banget. Tekane ora kasatmata. Mung saja suwe siliring angin mau, pdhut sing nglingkupi sakubenge uga sangsaja kandhel. (Iesmaniasita, 1958: 95).

Saking pethikan wonten nginggil “Saka sethithik kesregepane mau ilang. Kaja- kaja ana angin lirih sumilir.” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja-kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “saka sathithik kasegrepane mau ilang”, lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “angin lirih sumilir”.

Klausa “saka sethithik kesregepane mau ilang” nedahaken saking tumindakipun Adrijanto nalika pedhot sesambutanipun karesnan kaliyan Karlina. Adrijanto ingkang sampun wiwit supe dhateng paraga Karlina amargi sampun gadhah padamelan ing sekolah Partikulir, ujug-ujug kemawon malah dados ical kasregepanipun. Dening panganggit dipun tandhingaken kaliyan *klausa* “angin lirih sumilir” menika nedahaken kasregepan saking Adrijanto menika katut

tumiyupipun angin ingkang mbeta kasregepanipun Adrijanto. *Klausa* “angin lirih sumilir” menika nedahaken pangraosipun Adrijanto dhateng Karlina kados angin ingkang lirih sumilir.

Satemah saking andharan ingkang mekaten, pepindhan menika saged kalebetaken wonten gegambaranipun pangraosing badan saha manah saking paraga. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(43) Rana-a ta sedhela. Adrijanto ora enggal manut utusane dokter Hardjo., paklike mau. **Nanging kanthonge pantalon dileboni kartupos sing kaja welat pring-apus ngenani atine** (Iesmaniasita, 1958: 94).

Pethikan wonten ing nginggil “Nanging kanthonge pantalon dileboni kartupos sing kaja welat pring-apus ngenani atine” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika ukara “*kanthonge pantalon dileboni kartupos*”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “*welat pring-apus ngenani atine*”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “kanthonge” ingkang gadhah panambang *-e* menika nedahaken kanthong saking Adrijanto. Kanthong menika dipunlebeti *kertupos* ingkang sinerat serat saking Adrijanto, nedahaken dhateng Karlina ingkang sampun

Sekolah Kedokteran. Sakmenika Adrijanto sampun mucal wonten Sekolah Partikulir. Ananging, tumanggapipun saking Karlina nalika pinangihan ingkang pungkasan boten ngremenaken manahipun Adrijanto, *kertupos* menika dening panganggit dipunsamekaken kaliyan “welat pring-apus ingkang ngenani atine”. Saged dipunbayangaken bilih welat menika ngengengi manah mesti boten kanyana raosipun. Dadosipun, serat ingkang nedahaken dhateng Karlina menika dados serat ingkang kapisan saha ingkang pungkasan. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(41) Ora ana tetembungan sing sidji-sidjia bisa lumebu ing uteke, jen Adrijanto pinudju matja kae. **Uga viol lan piano ing omah mung kaja ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat.** Pantjen pepenginane ora tjilik olehe arep langen ing telenging tлага seni (Iesmaniasita, 1958: 96).

Pethikan wonten ing nginggil “Uga viol lan piano ing omah mung kaja ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “viol lan piano”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “viol lan piano” menika nedahaken piranti *musik* ingkang dipunremeni dening paraga Adrijanto kala rumiyin. Ananging, amargi sakmenika piyambakipun nyambet damel mucal wonten Sekolah Partikulir, anggenipun nyambet damel kathah lepatipun. Sedaya padamelanipun boten leres. Satemah

bilih eling malih kaliyan rikala riyen nalikanipun taksih sering dolanan viol lan piano, manahipun Adrijanto namung sedhiih. Pangraosipun manah saking Adrijanto ingkangmekaten, dening panganggit dipunserat mawi *klausa* “ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat”. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(44) Nanging ngenani ibune Adrijanto mung kebajake sutra kakitir lan rambut sing tjendhak. **Atine panggah kaja djenggerenging punthuk watu.** Dadi kowe wis ora kenal aku?. (Iesmaniasita, 1958: 103).

Pethikan wonten ing nginggil “Atine panggah kaja djenggerenging punthuk watu” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “atine panggah”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “djenggerenging punthuk watu”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “atine” saking *frasa* “atine panggah” menika nggadhahi panambang *-ne* ingkang nedehaken manahipun saking ibukipun Adrijanto ingkang asmanipun Susijah. Susijah menika dipuntilar dening priya ingkang damel piyambakipun ngandhut Adrijanto. Sujiah dipuntilar ngantos Adrijanti miyos, ngantos yuswanipun 5 tahun. Ingkang sawijining dinten, priya ingkang sampun nilar Sujiah gangsal tahun kapungkur menika kondur malih madosi Susijah. Priya menika kepingin netepi janjinipun kala rumiyin ingkang badhe gesang bebrayan sesarengan. Ananging, pinanggihan sasampunipun nilar gangsal

tahun kapungkur menika, Susijah boten kepingin nampi priya kasebat malih. Malah etok-etok boten nepangi asma saking priya kasebat. Dening panganggit, manah saking Sujiah ingkang panggah kados mekaten, dipunsamekaken kaliyan *klausa* “djenggerenging punthuk watu”. Manah saking Susijah ingkang sampun panggah utawi boten owah malih (Baoesastra: 468) menika kados “djenggerenging punthuk watu”. Ingkang tegesipun sela ingkang katingal ageng (Baoesastra: 89). Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(48) Surja ngguju. Swarane gujune keprungu bening. Lan kijering mriplate, kok njenggol pangrasane Retnadi. **Ah, terang kaja kijering mriplate djejaka sing ditjeritakake mau.** (Iesmaniasita, 1958: 135).

Pethikan wonten ing nginggil “Ah, terang kaja kijering mriplate djejaka sing ditjeritakake mau” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “terang”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “kijering mriplate djedjaka sing ditjeritakake mau”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Pethikan kasebat kawiwitan saking cariyosipun paraga Surja ingkang nyariosaken babagan rumiyin wonten sawidjining djedjaka ingkang pinudju dolan wonten ing dalemipun kenya ingkang dipunremeni. Ingkang rasukanipun kados

anggota Tentara Pelajar lan pistul ingkang tumemplek ing bangkekanipun. Lajeng Surja ngguyu nalikanipun cariyos kados mekaten ing paraga Retnadi. Retnadi ingkang ningali ngguyu saking Surja kados mekaten, rumaos njenggol wonten pangraosipun Retnadi. Guyu saking surja menika “terang” ingkang tegesipun ngguyu kanthi swanten ing seru lan tanpa wates. Ngguyu saking Surja ingkang kados mekaten, dipunsamekaken kaliyan “kijering mripat ingkang ditjeritakake mau”. Guyu saking Surja kados kijeripun saca. Saking kadodosan ingkang mekaten, Retnadi rumaos remen kaliyan paraga Surja. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(51) Sampai disini perdjumpaan ini? Aku ora bias mangsuli pandangune iki. **Tjangkemku kaja kakuntji.** Uga nalika mas Nu maringi isjarat nganggo astane supaja aku mbandjurake lakuku. Aku mung manut terus lumaku. (Iesmaniasita, 1958: 140).

Pethikan wonten ing nginggil “Tjangkemku kaja kakuntji” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “tjangkemku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “kakuntji”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “tjangkemku” menika nedahaken tutuk saking paraga Iesmaniasita, nalikanipun paraga mas Nu taken kaliyan Iesmaniasita.

Pitakenanipun inggih menika, *sampai di sini perjumpaan ini?* Pitakenan saking mas Nu menika saged damel tutuk saking paraga Iesmaniasita ngantos kakunci Tutuk ingkang dipunsamekaken kaliyan kakunci wonten ing mriki nggadhahi teges bilih pitakenan saking mas Nu boten saged dipunwangslu dening Iesmaniasita. Amargi pangraosipun saking Iesmaniasita ingkang abot sanget. Ingkang rumiyin nati dipuntilar dening mas Nu *selingkuh* kaliyan tiyang estri sanesipun. Nanging, sakniki mas Nu ingkang ngejar-ngejar Iesmaniasita. Tembung “tjangkemku” menika nedahaken peranganing badaan saking paraga Iesmaniasita. Dipunsamekaken kaliyan tembung “kakuntji”. Tembung kakuntji menika kalebet tembung kaanan. Temtu kemawon ingkang saged kakuntji menika lawang, nanging wonten mriki ingkang kakuntji menika tutuk saking Iesmaniasita ingkang boten saged mangsuli pitakenan saking mas Nu. Amargi menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(52) Liwat sandhinge, sawise kuwi langkahku ngungkurake mas Nu saka saklangkah. **Atiku kaja ndjerit-ndjerita mrentah supaja aku mandheg lan bali marani mas Nu.** (Iesmaniasita, 1958: 140).

Pethikan wonten ing nginggil “Atiku kaja ndjerit-ndjerita mrentah supaja aku mandheg lan bali marani mas Nu” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “atiku”. Lajeng ingkang dados

panandhingipun inggih menika *frasa* “ndjerit-ndjerita mrentah”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Dereng menggah saking cariyosipun pepanggihan antawis paraga Iesmaniasita kaliyan Wisnukuntjara ingkang sampun dangu boten pinanggihan. Wonten ing mriki, tembung “atiku” menika nedahaken manah saking Iesmaniasita. Wonten ing cariyos paraga Iesmaniasita mlampah nilar Wisnukuntjara ingkang sampun mangertosi kaliyan sadhar anggenipun kalepatan rumiyin. Ingkang nate nilar Iesmaniasita mbelani wanita sanesipun. Ananging, Iesmaniasita boten saged ngapusi dhateng manahipun piyambak, ingkang saestunipun ugi taksih remen kaliyan Wisnukuntjara. Dening panganggit, manah saking Iesmaniasita dipunsamekaken kaliyan tutuk ingkang saged ngendikan. Dipunserat mawi *frasa* “ndjerit-ndjerita mrentah”. Perangan badan saking manungsa ingkang saged ndjerit inggih namung tutuk. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(53) Nganti jen tangi turu esuk kae, aku ora enggal tjekekal tangi mlaku-mlaku kaja adate kae. Nanging bandjur lengger-lengger nganti suwe karo sangga uwang. **Atiku kaja peteng.** Kagubed ing impenku kang tansah ana sambunge karo mas Nu. (Iesmaniaista, 1958: 147).

Pethikan wonten ing nginggil “Atiku kaja peteng” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “atiku”. Lajeng ingkang dados

panandhingipun inggih menika tembung “peteng”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Salajengipun cariyos antawis Iesmaniasita kaliyan Wisnukuntjara, sasampunipun pepanggihan sesasi kapungkur ingkang pungkasan. Iesmaniasita tansah kepikiran dhateng Wisnukuntjara. Ngantos kaimpen-impen wisnukuntjara ingkang rumiyin nate nggadhahi pangajeng-ajeng saged gesang sesandhingan kaliyan piyambakipun. Iesmaniasia namung saged ngraosaken dhateng wisnukuntjara, ngantos damel piyambakipun kados boten nggadhahi krenteg kangge gesng. Namung ngalamun nalikanipun enjang-enjang bibar tangi turu. Pepanggihan pungkasan kaliyan Wisnu, ingkang Iesmaniasita nilar menika damel manahipun saking Iesmaniasita ngantos dipungambaraken mawi tembung “peteng”. “Peteng” menika kalebet wonten tembung kaanan ingkang nedahaken kawontenan ingkang boten cetha. Pangraos saking manahipun Iesmaniasita dhateng Wisnukuntjara ingkang kados mekaten, dening panganggit dipungambaraken mawi ukara pepindhan “atiku kaja peteng”. Tembung “ati” menika nedahaken manah saking Iesmaniasita, lajeng dipunsamekaken kaliyan tembung peteng. Tembung peteng menika kalebet tembung kaanan, ingkang nggadhahi sipat werni. Saking menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(54) Idaman marang kabegdjan urip bebarengan karo dheweke. Buku-buku musik, viol lan piano sing bakal ngebaki omah ing tembe. Nanging keprije? Bandjure? **Aku kaja kesamber ing gelap.** (Iesmaniasita, 1958: 148).

Pethikan wonten ing nginggil “Aku kaja kesamber ing gelap” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “aku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “kesamber ing gelap”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Dereng menggah saking raos pangraos manahipun paraga Iesmaniasita. Pethikan ing nginggil ugi nggambarkeraken pangraosipun Iesmaniasita. Nalikanipun Ibu saking paraga Wisnukuntjara dhateng dalemipun Iesmaniasita. Tembung “aku” saking pethikan kasebat nedahaken dhateng paraga Iesmaniasita. Ingkang rumiyin nate ndadosaken Wisnukuntjara idhaman marang kabegjan gesang sesareangan kaliyan piyambakipun. Ananging, kasunyatan ngendikan sanes. Iesmaniasita kaget boten kanyana mireng warta saking ibukipun Wisnukuntjara. Dening panganggit dipunserat mawi ukara pepindhan “aku kaja kesamber ing gelap”. Nedahaken pangraos saking Iesmaniasita ingkang kaget menika. *Frasa* “kesamber ing gelap” menika nedahaken namung peteng ingkang dipunraosaken Iesmaniasita. Saking menika wiwit Iesmaniasita badhe boten sadhar. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(55) **Peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dak idak.** Aku tiba. Wis ta ju Sit adja muwun bae, pengarih-arihe rajine mas Nu bareng aku wis eling. Keprije maneh jen wis ginaris mung samono?. (Iesmaniasita, 1958: 148).

Pethikan wonten ing nginggil “Peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dak idak” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “peteng sakubengku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara ‘rengkah lemah sing dak idak’. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Pethikan ing nginggil ugi dereng menggah saking pangraosipun Iesmaniasita nalika ibu saking Wisnukuntjara dhateng dalemipun Iesmaniasita. Ibukipun Wisnukuntjara anggenipun rawuh wonten dalemipun Iesmaniasita badhe paring warta babagan Wisnukuntjara. Dereng rampung anggenipun ibukipun Wisnu ngendikan, Iesmaniasita sampun rumaos peteng sakubengipun. Dening panganggit dipungambaraken mawi ukara pepindhan “peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dak idak”. Ukara kasebat nedahaken bilih pangraos saking paraga Iesmaniasita kaget, kados boten saged nampi warta saking ibukipun Wisnu. Lajeng Iesmaniasita semaput, nalikanipun mireng bilih mas Nu sampun seda. Menapa ingkang sampun kaandharaken kados wonten nginggil menika ngengengi bab manahipun saking paraga. Tuladha sanesipun ingkang magepokan kalihan gegambaranipun pangraosipun badan saha manah menika badhe kaandharaken wonten ngandhap.

(57) Mas Nu wis seda ing sanatorium. Aku sangsaja ketoken dheweke. Rina-wengi. Nganti awakku kuru. Raiku putjet. Apa maneh jen krungu lagune dinjanjekake. **Kekuatanku kaja dilolosi.** (Iesmaniasita, 1958: 150).

Pethikan wonten ing nginggil “Kekuatanku kaja dilolosi” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “kekuatanku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “dilolosi”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “kekuatanku” menika nedahaken dhaya saking paraga Iesmaniasita sasampunipun miring warta bilih mas Wisnu sampun seda wonten sanatorium. Sanatorium piyambak nggadhahi teges panggenan griya sakit ingkang khusus mandhegani babagan gerah ingkang sampun parah utawi *kronis* (kbbi.web.id/sanatorium). Menapa malih bilih kaenget babagan tembang ingkang biasa dipunsekaraken dening paraga mas Wisnu menika. Manahipun Iesmaniasita tansah dedhuka. Kawontenan “kekuatan” saking paraga Iesmaniasita menika, dening panganggit dipungambaraken kados “dilolosi”. Tembung “dilolosi” piyambak nggadhahi teges kados dipuncabuti manahipun Iesmaniasita. Tembung dilolosi piyambak awujud tembung kriya, ingkang biasanipun nedahaken barang ingkang namung saged dipunlolosi. Namung wonten ing mriki, inggih menika manahipun saking paraga. Mila saking andharan ingkang kasebat, ingkang ngandharaken babagan manah saha pangraosipun paraga Iesmaniasita, pepindhan

wonten nginggil kalebetaken makna ing gegambaranipun pangraosing badan saha manah.

(58) **Praupane kang kebak dening tumemening atine.** Alise kang kandhel ireng. Bathuke sing amba. Rambute sing arang kambah lenga-rambut, sing adat mongkrah-mangkrih ora tinata jen mulih saka kantor. (Iesmaniasita, 1958: 50).

Pethikan wonten ing nginggil “Praupane kang kebak dening tumemening atine” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ngginakaken *morfem* kaiket. Inggih menika tembung “tumemening” ingkang angsal sisipan */-um-/* ingkang kawujud saking tembung “temen”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “praupane”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “tumemening atine”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “praupane” menika nedahaken rupa saking paraga Wisnukuntjara. Priya ingkang sampun dipuntilar dening Surjatinah tindak dhateng Nagari Singapura kaliyan priya sanesipun. Wisnukuntjara menika garwanipun saking Surjatinah. Lajeng, *frasa* “tumemening atine” menika kawujud saking tembung “tumemening” ingkang angsal sisipan */-um-/*. Tembung *tumemening* menika kawujud saking tembung “temen” minangka tembung lingganipun ingkang nggadhai teges kasunyatan (Baoesastra: 601). Lajeng tembung “atine” menika nedahaken manah saking Surjatinah. Saking andharan kasebat saged dipundudut bilih rupa saking paraga Wisnukuntjara menika dipungambaraken kados

kasunyatan saking manahipun Surjatinah. Nalika piyambakipun ngraos kangen wekdal taksih wonten Singapura.

Mila saking andharan ingkang kasebat, ingkang ngandharaken babagan manah saha pangraosipun paraga Surjatinah, pepindhan wonten nginggil kalebetaken makna ing gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Pirembagan ingkang pungkasan babagan makna pepindhan gegambaranipun pangraosing badan saha manah wonten ngandhap menika.

(59) Rambute wis mabluk putih sing madhul-madhul, obah-obah katijup ing angin njejenggol raine sing ndjerukpurut. Otot-otot sing pating krantheng ing tangane katon saja ngegla. Lan Karlina bandjur krasa tjedhak atine karo wong iki. (6/66/57).

Pethikan wonten ing nginggil “Rambute wis mabluk putih sing madhul-madhul, obah-obah katijup ing angin njejenggol raine sing ndjerukpurut” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ngginakaken *morfem* kaiket. Inggih menika *frasa* “ndjerukpurut” ingkang angsal ater-ater /-n/ ingkang kawujud saking tembung “jerukpurut”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung “raine”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “sing ndjerukpurut”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “raine” menika nedahaken pasuryan saking paraga Adrijanto ingkang wekdal menika dados *pasien* saking dokter Karlina. Antawisipun paraga Adrijanto kaliyan dokter Karlina menika rumiyin gadhah sesambutan katresnan. Lajeng pedhot kemawon sesambutan katresnan menika. Dangu boten nate pinanggihan, wekdal menika ingkangboten kanyana-nyana, Adrijanto malah

dados *pasienipun* saking dokter Karlina. Ananging, kawontenan saking Adrijanto ingkang sampun kados mekaten, dening panganggit dipungambaraken bilih pasuryan saking Adrijanto sampun “ndjerukpurut”. Tembung “ndjerukpurut” ingkang angsal ater-ater /-n/, kawujud saking *frasa* “jeruk purut” menika nggadhahi teges bilih pasuryan saking Adrijanto sampun katingal keriput. Kados kulit jeruk purut ingkang bintik-bintik lan keriput.

Mila saking andharan ingkang kasebat, ingkang ngandharaken babagan manah saha pangraosipun paraga dokter Karlina ingkang ningali pasuryan saking Adrijanto sampun rubeda, pepindhan wonten nginggil kalebetaken makna ing gegambaranipun pangraosing badan saha manah. Bab salajengipun ingkang badhe dipunrembag inggih menika babagan gegambaranipun paraga migunakaken paraga sanesipun.

e. Gegambaranipun paraga migunakaken paraga sanesipun

Saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita ingkang dipuntliti menika namung setunggal ingkang saged dipunpanggihi ingkang ngginakaken makna babagan gegambaranipun para migunakaken paraga sanesipun. Tuladha ingkang badhe dipunudhar kados ing tuladha ngandhap ngandhap menika.

- (7) Lan aku prasetya jen katresnanku mung marang dheweke. **Mung marang dheweke. Kaja Dewi Anggrahini** kang uga mung bisa ngenger marang Prabu Palgunadi (2/7/25).

Pethikan wonten ing nginggil “Mung marang dheweke. Kaja Dewi Anggrahini” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika tembung dheweke. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika tembung “Dewi Anggraheni”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “dheweke” menika nedahaken saking piyambakipun ju Andah ingkang ngendikan dhateng mas Tok ingkang sampun mbeto mlayu saking keluarganipun. Ju Andah ingkang sampun ngendikan bilih mas Tok ingkang sampun nggadhahi piyambakipun lair saha batos. Ugi ju Andah ngecap janji prasetya namung dhateng mas Tok. Kawontenan saking janjinipun ju Andah menika, dipunsamekaken kaliyan Dewi Anggraheni ingkang nggadhahi raos katresnan saha prasetya ingkang agung dhateng Prabu Palgunadi. Wonten ing mriki, panganggit nyobi nggambaraken bilih paraga ju Andah ingkang ngecap janji bakal prasetya menika meh sami kaliyan Dewi Anggraheni. Mila, pepindhan kasebat nggadhahi makna ingkang wonten gayut rapetipun babagan gegambaranipun paraga migunakaken paraga sanesipun. Pirembagan salajengipun ngengingi makna pepindhan ingkang saged dipunpanggihi inggih menika babagan gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun.

f. Gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun

Anggenipun pangganggit nyerat *novel* menika, temtu kemowon boten saged uwal saking solah saking paraga-paraga ingkang kacarios. Menapa malih wonten novel menika nyariosaken raos pangraosipun manungsa ingkang kebak ing bab solah. Mila, ing ngandhap menika badhe kaandharaken makna pepindhan saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Camping* anggitanipun St. Iesmaniasita.

(8) Diah, kala semana atiku wis ajem tentrem. Wis begdja, nadjan mas Tok adohe enggone, lan **lajange ora kerep kaja lajange djedjaka kang lagi kelimput ing ombaking katresnan.** (Iesmaniasita, 1958: 25).

Pethikan wonten ing nginggil “lajange ora kerep kaja lajange djedjaka kang lagi kelimput ing ombaking katresnan” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* lajange ora kerep. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika ukara “lajange djedjaka kang lagi kalimput ing ombaking katresnan”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Tembung “lajange” ingkang gadhah panambang *-e* menika nedahaken saking pangandikanipun paraga ju Andah dhateng Diah. Ingkang nyariosaken kala rumiyin babagan laying saking mas Tok ingkang sampun mbeta mlayu piyambakipun nalika sih katresnanipun boten dipunsarujuki dening bapak saha ibukipun ju Andah. Amargi ju Andah nyambet damel wonten ing kitha ingkang

beda kaliyan mas Tok, namung layang ingkang saged nepangaken kalih tiyang ingkang taksih kalimput ing ombaking katresnan menika.

Nanging, layang ingkang dipunserat dening mas Tok dhateng ju Andah menika dening panganggit dipunserat mawi pepindhan ingkang kaserat “lajange ora kerep kaja lajange djedjaka kang lagi kelimput ing ombaking katresnan”. Layang saking mas Tok menika boten sering dipunkirim dhateng ju Andah. Biasanipun, tiyang ingkang taksih kalimput ing katresnan mesthi sering kirim layang dhateng tiyang ingkang dipuntresnani. Mawi tetembungan ingkang saged damel manahipun ingkang maos nggrentes. Anannging, ju Andah namung pitados dhateng mas Tok. Mila, pepindhan kasebat nggadhahi makna ingkang wonten gayut rapetipun babagan gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun. Inggih menika solahipun saking mas Tok babagan anggenipun nyerat. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(30) Kurang vitamin R bu? Ibune ngguju maneh krungu wangsulan mangkono. **Nanging guju iki dudu guju sing bening kaja adate jen penggalihe padhang kae.** (5/33/76).

Pethikan wonten ing nginggil “Nanging guju iki dudu guju sing bening kaja adate jen penggalihe padhang kae” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “guju iki”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “penggalihe padhang kae”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “guju iki” menika kawiwitan saking pangandikan antawisipun Ibukipun Karlina kaliyan Karlina. Nalika Karlina ngendika badhe mundhut rujak ing pak Tukimin amargi kirang vitamin R. Namung, ibukipun Karlina namung guyu kemawon. Ananging, Karlina rumaos beda ningali guyu saking ibukipun menika. Lajeng dipunsamekaken kaliyan nalika “penggalihe padhang kae”. Amargi bilih penggalih saking ibukipun taksih padhang menika nggadhahi guyu ingkang bening. Mila, pepindhan kasebat nggadhahi makna ingkang wonten gayut rapetipun babagan gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun. Inggih menika solahipun saking ibukipun Karlina nalikanipun taksih ngguyu. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(47) Wah, tenan-tenan aku wis narik kawigatene nganggo lukisanku. Tjelathune karo mesem bungah. **Hem, olehmu anggak. Kok kaja pelukis besar bae.** (Ismaniasita, 1958: 128).

Pethikan wonten ing nginggil “Hem, olehmu anggak. Kok kaja pelukis besar bae” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “olehmu anggak”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “pelukis besar”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “olehmu anggak” menika kawiwitan saking pangandikan antawisipun Retnadi kaliyan ibukipun. Nalika ibukipun ndawuhi Retnadi supados nliti *resensi* ing kalawarti. Ananging, Retnadi malah maringi wangsulan babagan *lukisanipun*

ingkang dipuntawa dokter ingkang badhe mundhut. Retnadi ngendika bilih saestuestu sampan narik kawigatosipun dokter kalawau ngangge *lukisanipun*. Kados mekaten pangandikanipun Retnadi kaliyan mesem bungah. Wangsulan saking Retnadi ingkang kalawau dening ibukipun dipunanggep *anggak* ingkang nggadhai teges gumedhe kaliyan umuk (Baoesastra: 14). Dipungambaraken kaliyan *frasa* “pelukis besar”. Temtu kemawon bilih *pelukis* ingkang sampun misuwur menika nggadhahi *lukisan* sae sanget. Mila, pepindhan kasebat nggadhahi makna ingkang wonten gayut rapetipun babagan gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun. Inggih menika solahipun saking Retnadi ingkang gumedhe babagan *lukisanipun*. Ingkang sampun kaandharaken inggih menika gegambaranipun solah migunakaken solah sanesipun. Salajengipun badhe dipunrembag babagan makna sanesipun.

g. Gegambaranipun solah saha pangraosing manah

Menggah saking bab gegambaranipun makna pepindhan saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita, wonten ing mriki badhe dipunrembag ingkang pungkasan bab makna pepindhan saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Inggih menika babagan makna gegambaranipun solah saha pangraosing manah. Saking *novel* menika kapanggihaken tigang *indikator* ingkang saged kalebetaken wonten gegambaranipun solah saha pangraosing manah.

- (9) Kowe weruh? Gelemku teka lan kandhaku mau ming nglegani atimu. Ing mripatku kowe weruh? **Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung.** (Iesmaniasita, 1958: 33).

Pethikan wonten ing nginggil “Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *frasa* “Andah ing mripatku”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *frasa* “kembang warung”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Frasa “Andah ing mripatku” menika nedahaken pangandikan saking Danu, ingkang tresna dhateng ju Andah. Nanging ju Andah menika boten remen dhateng mas Danu. Lajeng nalikapun tigang paraga menika ingkang asma mas Danu, ju Andah, kaliyan mas Tok pepanggihan sedaya, mas Danu boten saged nrima kawontenan. Tigang paraga wau kagubet ing tresna *segitiga*. Lajeng mas Danu kaliyan mas Tok gelut. Mas Tok minangka *Perwira Militer* mbeta pistul, ananging saged dipunrebut dening Danu. Danu kanthi ngendika bilih “Andah ing mripatku persis kaja kembang warung”. Pepindhan kasebat saged kalebetaken ing makna gegambaranipun solah saha pangraosing manah amargi *frasa* “Andah ing mripatku” menika nedahaken anggenipun mas Danu ningali paraga ju Andah. Lajeng ingkang dados panadhingipun inggih menika “kembang warung”. *Frasa* “kembang warung” menika nedahaken saking pangaraosipun mas Danu dhateng ju Andah. Mas Danu nganggep bilih ju Andah menika kados *kembang warung* ingkang ngadhahi teges kembanging manah saking mas Danu. Mila, saking

andharan kasebat saged dipunlebetaken ing gegambaranipun solah saha pangraosing manah. Tuladha sanesipun wonten ngandhap menika.

(46) Dheweke tansah manglung lan njawang mendjaba. **Ngetut lakuning pikire, kaja ngegla ing gegodhongan kang meneng.** Gegodhongan kang anteng ing pedhuting wengi. (Iesmaniasita, 1958: 115).

Pethikan wonten ing nginggil “Ngetut lakuning pikire, kaja ngegla ing gegodhongan kang meneng” menika kapanggihaken tembung panandhing ingkang dening panganggit dipunserat mawi cara ingkang *ekplisit*. Tembung panandhingipun inggih menika tembung “kaja”. Dene bab ingkang katandhingaken inggih menika *klausa* “ngetut lakune pikire”. Lajeng ingkang dados panandhingipun inggih menika *klausa* “ngegla ing gegodhongan kang meneng”. Ukara ingkang kacithak kandhel menika nedahaken *indikator* pepindhan saking pethikan kasebat.

Pethikan kasebat dados pambukanipun carios. Nalikanipun wonten priya ingkang asmanipun Krisna. Krisna menika namung mangling lan njawang ing njaba. Ngenget-enget kala semanten nalikanipun njalin sih katresnan kaliyan Kumalaningsih ingkang sakniki sampun bibaran. Pepindhan kasebat saget kalebetaken wonten gegambaranipun solah saha pangraosing manah menika amargi *klausa* “ngetut lakuning pikire” menika nedahaken solah saking paraga Krisna ingkang saweg ngalamun wonten ing jendhela. Lajeng *klausa* “ngegla ing gegodhonan kang meneng” menika nedahaken raos saking manahipun Krisna ingkang saestu-estu taksih remen kaliyan Kumalaningsih. Mila saking pethikan

kasebat saged kalebetaken ing pepindhan ingkang ngewrat gegambaranipun swanten. Tulasda sanesipun wonten ngandhap menika.

(52) Wengi sepi saja banget. Ing langit mendhung panggah gumolong. Ora ana lintang sidji-sidjia kang kumelip. Kabeh kasaput ing mendhung. **Lan swarane asu baung ing kadohan keprungu kaja nuduhake njenjeting wengi.** (Iesmaniasita, 1958: 126).

Pepindhan saking dhata (52) ing nginggil “Lan swarane asu baung ing kadohan, keprungu kaja nuduhake njenjeting wengi” nandhingaken antawisipun *klausa* “swarane asu baung ing kadohan keprungu” saha *klausa* “nuduhake njenjeting wengi”, mawi tembung paandhingipun inggih menika “kaja”. Bilih dipuntingali saking bab ingkang katandhingaken kaliyan bab ingkang dados panandhingipun, pepindhan menika saged kalebetaken pepindhan ingkang gadhah pirembagan ing bab swantenipun. Menggah ingkang dados dhasaripun badhe kaandharaken kados menika.

Saking andharan bab ingkang katandhing swarane asu baung ing kadohan saged dipunmangertosi bilih swantenipun segawon menika kamirengaken cetha sanget. Kajawi swanten segawon menika saking tebih, namung tetep saged kamirengaken kanthi cetha. Lajeng menawi dipuntingali saking bab ingkang dados panandhingipun inggih menika “nuduhake njenjeting wengi”. Maringi tambahan bilih dalu menika saestu-estu sepen sanget. Ngantos swanten segawon ingkang ngaung sakng katebihan saged kamirengaken kanthi cetha. Saking andharan kasebat, mila pepindhan menika ngewrat gegambaranipun swanten. Inggih menika swanten segawon saking katebihan ingkang saged kamirengaken kanthi cetha, ingkang nedahaken bilih dalu menika dalu ingkang sepen sanget.

Mekaten kala wau sedaya pirembagan babagan makna pepindhan saking *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita. Sedaya *indikator* sampun kandharaken kaliyan kapanta-panta miturut maknanipun piyambak-piyambak ingkang gadhah makdus saha makna beda..

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten lan pirembagan ingkang sampun kalampahan, mila saged dipunpendhet dudutan. Dudutanipun kados andharan ing ngandhap menika.

1. Sasampunipun panaliti nglampahi panaliten tumrap *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita dipunpanggihaken panganggening pepindhan. Pirembagan tumrap pepindhan ing antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhing dipunpanggihaken wontenipun bab ingkang gadhah gegayutan. Kathahipun ngginakaken tembung panandhing “kaja”. Gegayutan ingkang dipunpanggihaken, inggih menika ing bab wujud, warni, wujud saha warni, solah, raos, sipat, saha swanten. Temtu kemawon gegayutan ing pepindhan basa Jawi boten namung kados ingkang sampun kaandharaken, saged ugi wonten bab sanesipun gumantung dhata ingkang kapanggihaken
2. Panganggening pepindhan wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* anggitanipun St. Iesmaniasita makna *kias*. Makna *kias* menika beda kalihan makna dhasaripun. Makna *kias* ing novel saged dipunmangertosi kanthi nggatosaken *konteks-ipun lajeng* dipunjumbuhaken kaliyan makna ingkang dipunkajengaken dening panganggit. Saking pirembagan ngengingi makna saged dipunpendhet dudutan ingkang

sipatipun umum bilih makna pepindhan ing panaliten menika umumipun paring gambaran tumrap kawontenan (wujud, warni, wujud saha warni), solah, pangraos (badan saha manah), nasib saha swanten. Nanging gegambaran tumrap pangraos, mliginipun pangraosing manah ingkang sipatipun sarwi boten sakeca gunggungipun paling kathah. Bab menika temtu kemawon wonten gayutipun kalihan *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* piyambak. Ingkang cariyosipun babagan cariyos katresnan ingkang sedhiih saha ngrentes.

B. Pamrayogi

Adhedhasar saking dudutan ingkang sampun kaandharaken, sarana kange ngrembag perkawis-perkawis ingkang dereng dipuntliti ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* utawi mligi ing bab *pepindhan*, mila panaliti badhe suka pamrayogi kados ing ngandhap menika.

1. Wujudipun pepindhan ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* ing panaliten menika karembag kanthi madosi gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun, satemah kaajab ing samangke wonten panaliten ingkang ngrembag wujud pepindhan ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* kanthi bab ingkang beda, umpaminipun kanthi madosi *aspek struktural gramatikal* saha *linguistik* ing bab ingkang katandhing saha panandhingipun.
2. Panaliten ingkang sampun kalampahan menika namung mligi ngrembag ing salah satunggaling jinis *bahasa kias*, inggih menika pepindhan, satemah

kaajab ing samangke wontena panaliten ingkang ngrembag *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* ing babagan bahasa kias sanesipun.

3. Panaliten ngengengi pepindhan menika inggih panaliten ingkang gayut kalihan *karya sastra* mliginipun *novel*. Awit saking menika, saged dipunlampaahi panaliten tumrap jinining karya sastra sanesipun, kadosta geguritan, cerbung, roman, lan sak piturutipun.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping* dipunpanggihaken pepindhan ingkang cacahipun kaanggep kathah. Panaliten menika kaajab saged murakabi tumrap pamaos sarana kange mangertosi makna pepindhan ing *novel Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*. Kajawi menika, panaliten menika mugi-mugi saged dipunginakaken minangka referensi tumrap mahasiswa ingkang badhe nglampahi panaliten ingkang sami, inggih panaliten ing bab stilistika, mliginipun ing bab pepindhan ing karya sastra ingkang awujud novel.

para pangajar, asil saking panaliten menika mugi-mugi saged dipunginakaken kange salah satunggaling gegaran pamulangan ing bab pepindhan. Temtu kemawon pepindhan ingkang gayut kalihan wujud saha maknanipun. Menawi saged, ugi saged langkung wiyar malih cakepan saha pirembaganipun. Boten namung ing bab wujud saha makna kemawon.

KAPUSTAKAN

- Abrams, M.H. 1981. *A Glossary of Literary Terms*. New York: Fourth Edition Holt Rinehart and Winston.
- Badrus, A. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta: P2LPTK Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Center for Academic Publishing Service.
- Iesmaniasita, St. 1958. *Kidung Wengi Ing Gunung Gamping*. Jakarta: Dinas Penerbitan Balai Pustaka.
- Keraf, Gorys. 2004. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 1993. *Tata Bahasa Indonesia*. Ende: Nusa Indah.
- _____. 1985. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 1980. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada.
- Pradopo, Racmad Djoko. 2007. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1987. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngéngréngan Kasusastran Djawa I*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- _____. 1960. *Ngéngréngan Kasusastran Djawa II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J. B. Wolters` Uitgevers Maatschappij N. V.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Semi, Atar. 1988. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya.
- Setiawan, B., dkk. 1980. *Ensiklopedi Indonesia Jilid 2*. Jakarta: Ichtiar Baru Van Hoeve.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.
- _____. 1984. *Kamus Sastra*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastran*. Terjemahan Melani Budianta. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- <http://kbbi.web.id/elegi/>. Diunduh pada tanggal 15 Februari 2015.
- <http://kbbi.web.id/sanatorium/>. Diunduh pada tanggal 15 Februari 2015.

LAMPIRAN

Tabel 3. Analisis wujud saha makna saking basa kias simile wonten ing novel *Kidung Wengi Ing Gunung Camping* anggitanipun St. Iesmaniasita.

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna	
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn		
1.	<i>Uki ora mangsuli. Tumungkul njilak-njilakake rambute mamburi. Lan aku ngrumangsani jen atine Uki sing wis peteng kuwi dak tambahi nganggo tetembungan sing kaja kabut. Dadine malah peteng ndhedhet (1/1/11).</i>	√				tetembungan	kaja	kabut								√	Gegambara nipun swanten
2.	<i>Sit, delengen ta lintang kae. Abjor merga langite wis resik. Sit, apa ja bias atiku bali kaja dek anu kae? Abjor tjahja kaja langit iki (1/2/11).</i>		√			abjor tjahja	kaja	langit iki				√					Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
3.	<p><i>Dadi menjang Rukmono mung kaja sawenehing pelarian Uki?</i> <i>Nalika iku mung Rukmono sing tjedhak lan pinter nglipur atiku. Ati sing sasat saben dina ditatori dening prija sing dak tresnani wutuh-wutuh (1/3/13).</i></p>		√			menjang Rukmono	kaja	sawenehing pelarian				√				Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
4.	<p><i>Rukmono sing dak kira bisa dadi liruning mas Anwar, djebulane, o kaja tjumlereting thathit sing aweh padhang sagebjaran, sabandjure djumledher swarane bledheg ngampar-ampar (1/4/13).</i></p>		√			liruning mas Anwar	kaja	tjumlereting thathit			√					Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
5.	<i>Embu h, embuh rasa apa kang ana dhadhaku kala semana Diah. Mung isih terang rasane kekuwatanku kaja dilolosi. Aku tanpa daja, sirah dak sendhekake ing pundhake major sing njetiri jeep (2/5/24).</i>	✓				kekuatan	kaja	dilolosi					✓			Gegambara nipun pangaraosing badan saha manah
6.	<i>Lan nalika Jeep diendhegake ing tengah sawah, aku lan dheweke wis ora bisa maneh ngempet tangis. Aku sakloron nangis kaja botjah tjilik (2/6/25).</i>		✓		✓	aku sakloron nangis	kaja	botjah tjilik				✓				Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
7.	<i>Lan aku prasetya jen katresnanku mung marang dheweke. Mung marang dheweke. Kaja Dewi Anggrahini kang uga mung bisa ngenger marang Prabu Palgunadi (2/7/25).</i>	√				dheweke	kaja	Dewi Anggraheni	√							Gegambara nipun paraga migunakaken paraga sanesipun
8.	<i>Diah, kala semana atiku wis ajem tentrem. Wis begdja, nadjan mas Tok adohe enggone, lan lajange ora kerep kaja lajange djedjaka kang lagi kelimput ing ombaking katresnan (2/8/25).</i>	√			√	lajange	kaja	Lajange djedjaka kang kalimput ing ombaking katresnan				√				Gegambara nipun solah migunakaken solah sanesipun

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
9.	<i>Kowe weruh? Gelemku teka lan kandhaku mau ming nglegani atimu. Ing mripatku kowe weruh? Andah ing mripatku persis kaja kembang-warung (2/9/33).</i>		√			Andah ing mripatku	kaja	kembang warung	√							Gegambara nipun paraga solah saha pangraosing manah
10.	<i>Diah, bareng aku krungu kumepraking sepatune kang tataban karo watu-watu ing ndalan mau, aku bandjur ndjenggelek lungguh. Noleh ngiwa weruh regemeng kaja punthuk (2/10/34)</i>	√				regemeng	kaja	punthuk	√							Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
11.	<i>Gek olehe seneng gujon, sok-sok sedhela pantjen bisa nggambirakake atine. Alam kaja kalimput ing pedhut. Lintang-lintang kang bakal nggrenggani langit sidji loro wiwit kumelip (3/11/39).</i>	√	√			alam	kaja	kalimput ing pedhut			√					Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya
12.	<i>Dene kumrasaking blarak kumlawe saurutig pasisir sing katon lamat-lamat bae, kaja sawenehing wirama sing bandjur nguwasani atine Mirjani. Bandjur sadjroning mlaku-mlaku urut pasisir mau, sing ana mung sawidjining lagu sing njenekake nganggo swara alus (3/12/39)</i>		√			katon lamat-lamat	kaja	sawenehing wirama				√				Gegambarani pun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
13.	<p><i>Geneja kowe takon ngono? Aku jen ndeleng banju segara kaja matja elegy Frits. Sing nglalekake kowe bijen ja botjah-kapal kaja aku ngene Ming? (3/13/42).</i></p>			√		ndeleng banju segara	kaja	Matja elegi Frits					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
14.	<p><i>Anggone mlaku sempojongan. Kaja ora nduwensi daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine. Djarite latar ireng kang wis lungsed (4/14/46).</i></p>			√		Anggone mlaku sempojongan	kaja	Ora duwene daja kang tjukup kanggo minangkani kekarepaning atine					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajegan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
15.	<i>Djarite latar ireng kang wis lungsed. Semono uga klambine, wis kebag bledug. Lan peniti bros ana ing dhadhane miring, kaja semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange (4/15/46).</i>			√		Peniti bros ana dhadhane miring	kaja	Semplehing kembang mawar katerak angin ing gagange	√							Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
16.	<i>Sirahe saja tumungkul tanpa daja, krungu djenenge disebut pastur mau. Tangane anjep kabeh. Dene saka podjoking mripat wiwit tumetes eluhe, kaja wetuning tlutuh plapah gedhang kang mentas dipeges. (4/16/47).</i>		√	√		tumetes eluhe	kaja	wetuning tlutuh plapah gedhang					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
17.	<i>Gawang-gawang ing angen-angene sakehing kedadejan kang wus kapungkur. Sing wis ilang kaja ilang dina dhek mau bebarengan karo angsluping Hjang Surja (4/17/47).</i>		√	√		sing wis ilang	kaja	ilangeng dina dhek mau	√							Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya
18.	<i>Kelem nganti ing dhasare. Tangise Wisnujati tjumengkling banter, kaja-kaja ngundang dheweke supaja bali. Wisnujati, o Wisnujati getihe dhewe. Botjah sing dadi memaniking atine sawetara sasi kapungkur (4/18/51).</i>				√	Tangise Wisnujati tjumengkling banter	kaja-kaja	Ngundhang dheweke supaja bali							√	Gegambara nipun swanten

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
19.	<i>Pitakone pastur iki ora bisa diwangsuli. Eluhe kaja mbandjir. Saja ngrumangsani sakabehing kaluputan, dene wis ninggalake kewadjibane ibu (4/19/52).</i>	√				eluhe	kaja	mbandjir					√			Gegambar anipun pangraosin g badan saha manah
20.	<i>Jen kowe mung...ah, aku rumangsa kaja tjatjing kang krugetan ing djenthikan sikilmu. Lan eluhe dlaweran tanpa kendhat sadalan-sadalan (4/20/53).</i>		√			aku rumangsa	kaja	tjatjing kang krugetan					√			Gegambar anipun pangraosin gbadan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
21.	<p><i>Bareng tekan ngareping omahe, njawang regeming omah kang surem, tutupan lawang, dhadhane Surjatinah kaja didhodhog. Sakala ilang kekuatane, bandjur ambruk sangarepe regol. Dheweke semaput (4/21/53).</i></p>	√	√			dhadhane Surjatinah	kaja	didhodhog					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
22.	<p><i>Angin isih panggah midid tumijup. Dene ambegane Surjatinah wis ora tata maneh. Pandelenge saja klepjur. Dhadhane sesak, kaja arep petjah-petjaha. Menggah-menggeh (4/22/53).</i></p>		√			dhadhane sesak	kaja	arep petjah-petjaha					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
23.	<i>Rumangsane mung kahanane pasien-pasiene sing bakal dadi pusering kawigatene, lan menehi kasegeran ing atine. Nanging kabeuh mau kaja wis ginaris. Wis pinesthi jen ing sawidjining wektu Karlina mesthi ngadhepi kahanan iki (5/23/57).</i>		√			kabeh mau	kaja	wis ginaris					√			Gegambara nipun kawontenan nasib saking paraga
24.	<i>Wajah wis njedhaki peteng. Papringan sing ngrembuleng ing tepising punthuk sisih kidul, katon anteng. Sawah kaja umpak-umpakan, idjoning tandur mung lamat-lamat bae (5/24/59).</i>	√				sawah	kaja	umpak-umpakan	√							Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
25.	<i>Dene sing ditakoni mung meneng bae. Malah bandjur merem maneh sawetara suwene. Lambene sing tipis putjet digeget. Lan garis-garis ing bathuk sandhing rambute sing mureh-mureh kaja nambah tjahjane (5/25/61).</i>		√			garis-garis ing bathuk	kaja	nambah tjahjane			√					Gegambara nipun pangrasosin g badan saha manah
26.	<i>Kadhang pantjen kudu tak suwek-suwek lan dak obong ben ilang. Nanging ora dhik Lien, njatane njang endi-endi dakgawa bae lukisanmu kuwi. Dak tresnani. Lan pandjagaku malah kaja tulusing atiku marang kowe. (5/26/62).</i>	√	√			pandjagaku	kaja	tulusing atiku				√				Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
27.	<i>Lan pandjagaku malah kaja tulusing atiku marang kowe. Sawangen ta. Saja suwe rak saja katon edine dhik Lien. Kaja memplak kembange (5/27/63).</i>		√			edine dhik Lien	kaja	memplak kembange	√							Gegambar anipun pangraosin g badan saha manah
28.	<i>Godhonge tambah idjo rojo-rojo. Kaja kembang mlathi sing isih urip tenan. Ah, tapi....Pandjene ngan kok nganti kaja ngene ta mas? Karlina karo singseg-mingseg (5/28/63).</i>			√		Godhonge tambah idjo rojo-rojo	kaja	Kembang mlathi sing isih urip tenan		√						Gegambar anipun kawontena n alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
29.	<p><i>Lha apa maneh sing during bisa kogajuh? Isih ana? Karlina tumungkul.</i> <i>Ngusap eluhe kang ora gelem mandheg tumetes saka podjoking mripate. Kaja runtuhing udan ing mangsa rendheng ing tanah pagunungan</i> (5/29/65)</p>				√	Eluhe kang ora gelem mandheg saka podjoking mripate	kaja	Runtuhing udan ing mangsa rendheng					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
30.	<p><i>Kurang vitamin R bu? Ibune ngguju maneh krungu wangsulan mangkono.</i> <i>Nanging guju iki dudu guju sing bening kaja adate jen penggalihé padhang kae</i> (5/30/76).</p>		√			guju sing bening	kaja	penggalihé padhang kae					√			Gegambara nipun solah migunakake n solah sanesipun

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
31.	<i>Kepingin banget nutugake pasinaone menjang Eropah Barat. Mung emane, merga kahanan donja kaja lagi kalimput ing asepung mesiu, nganti saiki durung kelakon (5/31/81).</i>		√	√		kahanan donya	kaja	kalimput ing asepung mesiu			√					Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya
32.	<i>Lan satemene dheweke ora bisa njelaki kahanane atine jen pinudju sandhing karo Adrijanto iki. Pangrasa tentrem lan ajem. Pikiran sing bening. Kaja lagi ana satengahing taman sing edi-endah. Kebak idjoning gegeodhongan sing seger siniram ing embun (5/32/82).</i>		√	√		pikiran sing bening	kaja	Lagi ana satengahing taman sing edi-endah				√				Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
33.	<i>Djalaran ja kaja sing wis dakaturake mau. Aku ora bisa njingkiri dheweke. Kaja bubukan wesi aku iki. Dene mas Ri kaja magnit sing isih urip (5/33/83).</i>		√			aku iki	kaja	bubukan wesi					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
34.	<i>Eh, mas Ri..mas Ri rak duwe bapak jab u? lan petjelathon mau kandheg semene. Pirang-pirang soal thukul saka sidji. Tambah ngisi pikiran lan ati. Kaja thukulan pete ing ngisor pager jen udan wiwit njiram bumi (5/34/86).</i>			√	√	Tambah ngisi pikiran lan ati	kaja	Thukulan pete ing ngisor pager					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
35.	<p><i>Karlina nggeget lambene. Kelingan, sakala kelingan sore-sore edi kala srengenge arep ambles ing segara Djawa. Rerampake mega sing maneka-warna. Kaja bathik kembanging pelangi apike (5/35/89).</i></p>				√	Rerampake mega sing maneka warna	kaja	Bathik kembanging pelangi apike		√						Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya
36.	<p><i>Nanging panggah ora bisa diselaki owahing kahanan ing atine saben pethuk Adrijanto. Lan tumanggape sing kaja didhesek ing sawenehing rasa sing aneh. Sing sutji mulus saka dhasaring atine. Rasa sing lagi sepisan kuwi ana ing atine (5/36/91).</i></p>		√	√		lan tumanggape	kaja	Didhesek ing sawenehing rasa sing aneh				√				Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
37.	<p>Wektu-wektu sing ora tau dibuang. Apa maneh jen ana melodi ngebaki ati lan pikirane. Kaja sambat-sambata jagene wektu iki kok tjepet temen liwat lan enteke (5/37/92).</p>			√		Melodi ngebaki ati lan pikiran	kaja	Sambat-sambata jagene wektu iki					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
38.	<p>Rana-a ta sedhela. Adrijanto ora enggal manut utusane dokter Hardjo., paklike mau. Nanging kanthonge pantalon dileboni kartupos sing kaja welat pring-apus ngenani atine (5/38/94).</p>				√	Kanthonge pantalon dileboni kartu pos	kaja	Welat pringapus ngenani atine					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
39.	<i>Saka sethithik kesregepane mau ilang. Kaja-kaja ana angin lirih sumilir. Adheme banget. Tekane ora kasatmata. Mung saja suwe siliring angin mau, pdhut sing nglingkupi sakubenge uga sangsaja kandhel (5/39/95).</i>			√		Saka sethithik kasregepane mau ilang	kaja-kaja	angin lirih sumilir					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
40.	<i>Pating slirine kupukupu apik, suwarane tawon sing kumrumpung sakubenging kekembangan mekar. Kabeh andjegreg. Kaja sunggingane tukang adu djago sing ora duwe bakat. Mung pedhut dikanti angin. Rintik-rintik alus ireng lan klawu. Ora ana tjahja. Ora ana idjo. Ora ana putih. Ora ana biru, lan kabeh bae sing wingi ngatonake kabeningan. (5/40/95).</i>		√		√	kabeh andjegreg	kaja	Sunggingan e tukang adu djago sing ora duwe bakat	√							Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
41.	<p><i>Ora ana tetembungan sing sidji-sidjia bisa lumebu ing uteke, jen Adrijanto pinudju matja kae. Uga viol lan piano ing omah mung kaja ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat. Pantjen pepenginane ora tjilik olehe arep langen ing telenging tlaga seni. (5/41/96)</i></p>		√	√		viol lan piano	kaja	Ndudut-ndudut eluh saka podjoking mripat					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
42.	<p><i>Alun sing gulung-gemulung sangisoring mendhung. Ngobat-abitake prau satengahing warnane sing tuwa. Kaja gawe dolanan untjal-untjalan saka putjaking ombak menjang lengkeng. Genti-genten. Bandjur tjrta aneh-aneh saka tengahing segara.</i></p>		√			ngobat-abitake prau	kaja	dolanan untjal-untjalan					√			Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
43.	<p><i>Pandjenengan menika sinten? Karone bandjur padha meneng. Mung pandeng-pandengan. Angin sore liwat. Adhem, kaja ngelus kabeh kang ana pelataran kono (5/43/102).</i></p>			√	√	angin sore liwat	kaja	Ngelus kabeh kang ana pelataran kono					√			Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya
44.	<p><i>Nanging ngenani ibune Adrijanto mung kebajake sutra kakitir lan rambut sing tjendhak. Atine panggah kaja djenggerenging punthuk watu. Dadi kowe wis ora kenal aku? (5/44/103).</i></p>		√	√		atine panggah	kaja	djenggerenging punthuk watu					√			Gegambara nipun pangrasosin g badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
45.	<i>Semono uga pikiran kang kaisekake ing tetembungan mau. Seger. Kaja idjoning gegodhongan ing wajah rendheng, bandjur mentas bae kesiram udan. Utawa lumu-lumut ing karang sauruting pasisir sing teles kasempjok ombaking segara (5/45/105).</i>	√			√	seger	kaja	Idjoning gegodhongan ing wajah rendheng			√					Gegambara nipun swanten
46.	<i>Dheweke tansah manglung lan njawang mendjaba. Ngetut lakuning pikire, kaja ngegla ing gegodhongan kang meneng. Gegodhongan kang anteng ing pedhuting wengi (6/46/115).</i>			√		Ngetut lakune pikire	kaja	Ngegla ing gegodhongan kang meneng			√					Gegambara nipun salah saha pangraosing manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
47.	<p><i>Wah, tenan-tenan aku wis narik kawigatene nganggo lukisanku. Tjelathune karo mesem bungah. Hem, olehmu anggak. Kok kaja pelukis besar bae (7/47/128).</i></p>		√			olehmu anggak	kaja	pelukis besar						√		Gegambara nipun solah migunakake n solah sanesipun
48.	<p><i>Surja ngguju. Swarane gujune keprungu bening. Lan kijering mriplate, kok njenggol pangrasane Retnadi. Ah, terang kaja kijering mriplate djejaka sing ditjeritakake mau (7/48/135).</i></p>	√			√	terang	kaja	Kijering mriplate djedjaka sing dijeritakake mau					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
49.	<i>Mudhun sethithik. Bandjur munggah maneh saka sanada. Terus bae. Lan pungkasan, ing pungkasan runtuh. Kumlejang runtuh kaja gogroging kembang ing tengah pedhut, tijuping angin ing wajah surup (8/49/138).</i>		√			kumlejang runtuh	kaja	gogroging kembang				√				Gegambara nipun swanten
50.	<i>Aku ndhredheg. Ing dalan kang wonge pating sliwer kaja dhawet ngene, mas Nu teka ngendhika kaja ngono. Sriwing-sriwing jen krungu wong liwat, mendah isinku. Mula aku enggal, maaf mas. Aku arep nerusake laku (8/50/139).</i>		√			wonge pating sliwer	kaja	dhawet ngene	√							Gegambara nipun kawontenan alam utawi donya

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
51.	<p><i>Sampai disini perjumpaan ini? Aku ora bias mangsuli pandangune iki. Tjangkemu kaja kakuntji. Uga nalika mas Nu maringi isjarat nganggo astane supaja aku mbandjurake lakuku. Aku mung manut terus lumaku (8/51/140).</i></p>	√				tjangkemu	kaja	kakuntji					√			Gegambara nipun pangraosing badansaha manah
52.	<p><i>Liwat sandhinge, sawise kuwi langkahku ngungkurake mas Nu saka saklangkah. Atiku kaja ndjerit-ndjerita mrentah supaja aku mandheg lan bali marani mas Nu (8/52/140).</i></p>	√		√		atiku	kaja	ndjerit-ndjerita mrentah					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
53.	<p><i>Nganti jen tangi turu esuk kae, aku ora enggal tjekekal tangi mlaku-mlaku kaja adate kae.</i> <i>Nanging bandjur lengger-lengger nganti suwe karo sangga uwang.</i> <i>Atiku kaja peteng. Kagubed ing impenku kang tansah ana sambunge karo mas Nu</i> <i>(8/53/147).</i></p>	√				atiku	kaja	peteng					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
54.	<p><i>Idaman marang kabegdjan urip bebarengan karo dheweke. Buku-buku music, viol lan piano sing bakal ngebaki omah ing tembe.</i> <i>Nanging keprije? Bandjure? Aku kaja kesamber ing gelap</i> <i>(8/54/148).</i></p>	√	√			aku	kaja	kesamber ing gelap					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panandhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
55.	<p><i>Peteng sakubengku. Kaja rengkah lemah sing dak idak. Aku tiba. Wis ta ju Sit adja muwun bae, pengarih-arihe rajine mas Nu bareng aku wis eling. Keprije maneh jen wis ginaris mung samono? (8/55/148).</i></p>		√	√		peteng sakubengku	kaja	Rengkah lemah sing dakidak					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
56.	<p><i>O, dakkira rawuhe ibune mau kaja tekane tjahja fadjar. Nggawa pangarep-arep anjar sing apik. Kebak warna sing idjo njegeri ati. Djebulane, perlu paring kabar jen mas Nu wis seda ing sanatorium Pakem (8/57/148)</i></p>		√			rawuhe ibune	kaja	tekane tjahja					√			Gegambara nipun nasib saking paraga

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
57.	<p><i>Mas Nu wis seda ing sanatorium. Aku sangsaja ketoken dheweke. Rina-wengi. Nganti awakku kuru. Raiku putjet. Apa maneh jen krungu lagune dinjanjekake. Kekuatanku kaja dilolosi (8/57/150).</i></p>	√				kekuatanku	kaja	dilolosi					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah
58.	<p><i>Praupane kang kebak dening tumemening atine. Alise kang kandhel ireng. Bathuke sing amba. Rambute sing arang kambah lengarbut, sing adat mongkrah-mangkrih ora tinata jen mulih saka kantor (5/58/50).</i></p>	√	√			praupane	-	tumemening atine					√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Lajengan tabel 3

No.	Data	Wujud				Bab ingkang katandhing-aken	Tembung panan-dhing	Bab ingkang dados panandhing	Wujud sipat tetandhingan							Teges/ Makna
		T	F	K	U				Wjd	Wrn	WW	Slh	Rs	Spt	Swntn	
59	<p><i>Rambute wis mabluk putih sing madhul-madhul, obah-obah katijup ing angin njejenggol raine sing ndjerukpurut. Otot-otot sing pating krantheng ing tangane katon saja ngegla. Lan Karlina bandjur krasa tjedhak atine karo wong iki (6/59/57).</i></p>	√	√			raine	-	ndjerukpurut	√				√			Gegambara nipun pangraosing badan saha manah

Katrangan :

No = Nedahaken dhateng nomer data

Wjd = Wujud

WW = Wujud lan Warni

Slh = Solah

Rs = Raos

Wrn = Warni

Spt = Sipat

Swntn = Swanten

T = Tembung

F = Frasa

K = Klausa

U = Ukara

Tandha (✓) : nedahaken gegayutan antawisipun bab ingkang katandhing saha bab panandhingipun.

**Ringkesaning cariyos saking novel *Kidung Wengi Ing Gunung Camping*
Anggitanipun St. Iesmaniasita**

Novel kanthi irah-irahan *Kidung Wengi Ing Gunung Camping* menika kaperang dados wolong peragangan cariyos ingkang irah-irahanipun beda. Novel menika nyariosaken babagan sih katresnan ingkang pungkasanipun mesthi nggremet manah. Utawi cariyos menika kapungkas kanthi *tema* ingkang sedhiih. Saben perangan irah-irahan cariyos nggadhahi *setting* panggenan, ugi paraga ingkang beda.

Novel menika kalebet *unik* amargi bilih dipuntingali saking *setting*-ipun nggadhahi *setting* wekdal ingkang sami. Inggih menika wekdal dalu. Sami kaliyan Irah-irahanipun *Kidung Wengi Ing Gunung Camping*. Dadosipun ingkang kacarios wekdalipun nggih namung wanci sonten badhe ndalu menika, dumugi tengahipun wengi. Wonten ngandhap menika badhe karingkes cariyos saking *novel* menika saben irah-irahan.

1. *Kembang Melathi Sagagang*

Saking irah-irahan menika, nyariosaken pepanggihan antawisipun paraga Uki jati kaliyan Sita, ingkang sampun dangu boten nate pepanggihan sabibaripun *lulusan* sekolah rumiyen. Pepanggihan menika wanci dalu ing satengahipun margi dhesa. Saking pepanggihan menika, kalih paraga menika dados cariyos-cariyos kathah sanget. Kalebet ing bab katresnan. Paraga Uki taken kaliyan Sita, kenging menapa kok malah nangis sedhiih kados mekaten? Sita lajeng nyariosaken bilih

taksih kalimput ing sedhih amargi sesambutan katresnanipun kaliyan mas Anwar ingkang sampun mlampah mapinten-pinten tahun malah bubar.

Lajeng Sita ugi cariyos sesambutan katresnan kaliyan Rukmono ingkang namung dados *pelarian* kemawon. Nanging Sita ugi ngendika “*jang kutemui tjuma kegagalan Siti*”. Mas Anwar ingkang aslinipun saestu-estu dados gandaning manahipun Sita menika seda wonten satengahipun seganten *Hindia*.

2. *Wengi Ing Pasisir Kali*

Kacariyos wonten pinggiripun lepen, pepanggihan antawisipun ju Andah kaliyan Diah. Diah ingkang mlampah sapinggiripun lepen, manggihi tiyang ingkang mingseg-mingseg nangis. Ingkang jebulipun ju Andah, ingkang rumiyen tangga dhesanipun. Saking pepanggihan menika, pangandikan antawisipun Diah kaliyan ju Andah ingkang sedhih kawiwitan. Ju Andah cariyos sedhih menika amargi nglampahi cariyos katresnan ingkang kathah alangan. Anggenipun rereman kaliyan mas Tok menika boten angsal pangestu saking tiyang sepuhipun ju Andah. Langkung milih mas Danu ingkang badhe dipundhaupaken kaliyan ju Andah.

Ananging, mas Tok minangka *Perwira Militer* menika malah ngajak mlayu ju Andah saking dalem tiyang sepuhipun ju Andah. Amargi *tugas Militer* saking mas Tok ingkang kedah pisah panggenanipun. Wonten sawijining dinten, mas Danu ingkang mangertos wonten pundi ju Andah kaliyan mas Tok netep, mas Dani ngampiri kalih tiyang ingkang taksih kalimput ing aruming katresnan. Nalikanipun sampun dhateng dalem ingkang dados penggenan ju Andah kaliyan mas Tok menika, malah dados ribut. Mas Danu kaliyan mas Tok tarung, pistul

ingkang dibeta mas Tok, dipunrebut dening mas Danu. Lajeng dipuntembakaken ing dhadhanipun mas Tok. ngantos paraga mas Tok menika seda ing peluru ingkang dipuntarik *pelatukipun* pistul wau.

3. *Lingsir Ing Pasisir*

Kacariyos nalikanipun paraga Frits kaliyan Mirjani mlampah-mlampah saurutipun pasisir ing wanci sonten dumugi dalu. Saking pepanggihan menika, kalih paraga menika cariyos maneka warna. Temtunipun kalebet bab katresnanipun kalih paraga menika. Frits menika padamelanipun minangka *nelayan* ing satengaipun seganten. Sasampunipun Frits menjang seganten, kawan sasi sasampunipun Frits labuh malih wonten daratan. Ananging, Frits malah nampi serat saking Mirjani ingkang isinipun bilih Mirjani boten saged nglajengaken sesambutan katresnan menika. Amargi Ibu saking Mirjani boten paring pangestunipun.

4. *Gerimis*

Kacarios ing ngajengipun Gereja ing wayah dalu, paraga Surjatinah tumungkul nangis mingseg-mingseg. Lajeng, wonten Pastur ingkang ngampiri Surjatinah ingkang taksih nangis kala wau. Dipuntakeni dening Pastur wau, kenging menapa kok anggenipun nangis menika ngantos mingseg-mingseg. Lajeng Surjatinah cariyos kaliyan Pastur menika, lan ngakoni sampun nglampahi kalepatan ingkang ageng saget dosanipun. Lajeng Pastur menika ngendika bilih Gusti menika mesthi paring pangapunten dhateng *hambanipun* ingkang sampun ngakoni dosa-dosanipun.

Saking pepanggihanipun Surjatinah ngednika babagan kalepatannipun ingkang ageng menika. Nalika kala rumiyen sampun nilar garwa ingkang asma Wisnukuntjara kaliyan putranipun piyambak ingkang asma Wisnujati. Wisnujati menika taksih alit nalika dipuntilar dening Surjatinah. Surjatinah nilar garwa kaliyan putranipun piyambak, amargi tindhak dhateng Nagari Singapura kaliyan Hardiman, priya ingkang dipuntepangi dening garwanipun piyambak. Surjatinah menika malah selingkuh kaliyan Hardiman. Lajeng Surjatinah kepingin kondur dhateng dalemipun garwanipun piyambak. Ananging, dereng dumugi dalemipun Wisnikuntjara, Surjatinah malah semaput rumiyen ngengengi sedaya kalepatanipun.

5. *Lagu Kang Wekas*

Rembang, tlatah ing pasisir seganten Jawi. Dumados *setting* cariyos saking irah-irahan menika. Wonten wanci dalu ing pasisir seganten Jawi, kalih tiyang ingkang kalimput ing katresnan pepanggihan kaliyan cariyos-cariyos babagan sesambetanipun. Ingkang estri asmanipun Karlina, kaliyan ingkang jaler samanipun Adrijanto. Tiyang kalih menika gadhah sesambetan katresnan sampun dangu. Ananging, perkawis babagan sesambetanipun kawiwit saking pangandikan Karlina ingkang ngengken Adrijanto supados mandheg anggenipun dados *nelayan*. Amargi Adrijanto menika ugi nggadhahi kapinteran ugi. Malah, Adrijanto nate gadhah niat sekolah Kedokteran dhateng Eropa. Nanging, amargi ing tlatah Eropa menika taksih wonten *Perang Dunia II*, niat saking Adrijanto menika dipunurungaken. Nanging, amargi Adrijanto menika sampun ngraos bilih donya laut dados sumbering pagesangan kaluarganipun, Adrijanto boten purun

mandheg. Saking pirembagan sonten menika, Karlina salajengipun nglajengaken sekolah Kedokteran dhateng Jakarta, lajeng Adrijanto tetep layar ing tengah seganten.

Sampun dangu boten pepanggihan, Karlina ingkang sampun gadhah garwa ingkang asma Hardiman. Lajeng Karlina dipuntugasaken ing padhesan. Sawijining dinten, Karlina gadhah *pasien* ingkag boten kanyana-nyana. Inggih menika Adrijanto, ingkang rumiyen nate dados gandaning manahipun Karlina. Adrijanto ingkang sampun gerah sanget, lajeng nyuwun pirsa dhateng Karlina. Kenging menapa rumiyen Karlina nilar piyambakipun. Lajeng dipunandharaken dening Karlina, menapa sebabipun piyambakipun boten kersa nglajengaken sesambutan katresnan rumiyen. Amargi Karlina rumiyen nate nggadhahi penggalih ingkang boten sae dhateng Adrijanto. Senadyan Adrijanto menika tiyangipun sae sanget ugi pinter. Nanging, amargi Adrijanto menika saking keluarga ingkang boten cetha bapakipun sinten, dados Karlina radi boten sreg.

6. *Djugrug*

Dalu ingkang sepen banget. Wonten paraga ingkang panimbalanipun Ila. Asma jangkepipun Kumalila. Wanita ingkang tansah ngentosi garwanipun ingkang asma Krisno. Namung ngalamun ing jendhela ingkang saged Ila lampahi saben dalu. Ibukipun Ila namung saged nguataken manahipun Ila ingkang dipuntilar garwanipun amargi garwanipun dipunkunjara dening *Pemerintah Walanda*. Wonten sawijining dinten, Ila niliki garwanipun wonten kunjara. Wonten ing mriki Ila ngendika dhateng garwanipun bilih badhe tindhak ingkang tebih. Nanging boten ngetos badhe wonten pundi tindhakipun. Ila namung

ngendika, bilih piyambakipun saestu-estu setya dhateng Krisna minangka garwanipun menika.

Sakderengipun tindhak, Ila namung nilar serat ing meja. Nalikanipun Ibukipun Ila maos, ibukipun kaget. Boten kanyana, bilih Ila ngantos nekat kados mekaten. Inti seratipun ngandharaken babagan raos manahipun Ila dhateng Krisno ingkang tansah setya marang katresnanipun. Nalikanipun Krisno sampaun bebas, lajeng kondur wonten ing dalemipun maratuwanipun Krisno, piyambakipun ugi kaget nampi warta saking ibukipun Karlina. Manahipun Krisno sedhih sanget. Krisno ngantos madosi Ila mapinten-pinten dinten. Ananging boten saged kapangihaken Ilanipun.

7. *Ing Sunaring Rembulan*

Cariyos kanthi irah-irahan menika paling ringkes, anannging ugi paling susah anggenipun dipunmangertosi. Ananging, saged dipunandharaken kados mekaten. Ibu saking paraga Retnadi ingkang ngengken Retnadi miwiti nliti resesnsi-resensi surat kabar. Ananging wangulan saking Retnadi menika enteng kemawon. Malah kanthi gumedhe, piyambakipun cariyos bilih lukisanipun sampaun dipuntawa Dokter kanthi regi ingkang awis sanget. Pancinipun *lukisan* saking Retnadi menika sae sanget. Lajeng ing sawijining dalu, ing tengahipun sunar rembulan, Retnadi ingkag niat badhe nggambar donya ing wanci dalu, wonten tiyang jaler ingkang ngampiri Retnadi. Tiyang jaler menika asmanipun Surja. Surja, priya ingkang rumiyen nate dados *Tentara Pelajar* sareng kaliyan Retnadi nyuwun dipunlukisaken dening Retnadi.

Saking kadadosan menika, Surja kathah cariyos babagan rumiyen nalikanipun taksih dados *Tentara Pelajar* sareng Retnadi. Surja menika estunipun sampun remen kaliyan Retnadi. Ananging, Surja boten saged ngandharaken pangraosipun dhateng Retnadi kalawau. Amargi Surj anginten bilih Retnadi menika nggadhahi sesambutan kaliyan Nanto. Surja ngraos boten sekeca bilih ganggu sesambutanipun Retnadi kaliyan Nanto. Ananging, sawijining dinten, nalikanipun Surja badhe maringi sekar mawar dhateng Surja, malah astanipun Djuwito ingkang dipungemgem.

Salajengipun, dumadakan ibukipun Retnadi rawuh wonten mriku. Kaliyan taken dhateng Retnadi, Kok ora tangi? Retnadi kanthi nggeget lambenipun, enggal-enggal menyat saking dipan. Jebulanipun, sedaya kalawau namung impen ing sarenipun Retnadi wau dalu.

8. *Ing Sawidjinings Wengi*

Cariyos menika ingkang pungkasan. Ingkang nyariosaken paraga Iesmaniasita. Nalikanipun ing wanci sonten, parag Iesmaniasita dipuncegat kaliyan mas Nu. Salah satunggaling priya ingkang rumiyen nate natoni manahipun Iesmaniasita. Amargi malah milih wanita sanesipun. Ananging, wonten ing mriku, Wisnikuntjara badhe nyuwun pangapunten bilih timindakipun rumiyen klentu. Ananging, Iesmaniasita menika sampun boten saged paring pangapunten dhateng Wisnu. Senadyan manahipun Iesmaniasita piyambak estunipun taksih remen kaliyan Wisnukuntjara. Iesmaniasita milih nilar Wisnu wonten mriku.

Sampun sasinan saking kadadosan menika, pepanggihanipun Wisnu ingkang pungkasan, Iesmaniasita tansah mikiraken Wisnukuntjara. Asma menika tansah ngisi penggalihipun Iesmaniasita. Ngantos dhateng sawijining dinten, nalikanipun ibu saking Wisnukuntjara rawuh dhateng dalemipun Iesmanisita. Rawuhipun ibukipun Wisnukuntjara menika saperlu badhe paring warta bilih Wisnukuntjara sampun seda ing *sanatorium* kalih minggu sasampunipun pepanggihan kaliyan Iesmaniasita ingkang pungkasan menika.